



Kidung Pasamuwan Kristen Anyar (KPKA)

No 1-345

Badan Musyawarah Gereja-Gereja Jawa (BMGJ)

2001-2014

Daftar isi

KPKA1: Allah Maha Kwasa	10
KPKA2: Allah Mbabarken Kwasanya	11
KPKA3: Gusti Allah Andel-Andel Sejati.....	12
KPKA4: Haleluya	13
KPKA5: Pamuji Konjuk Gusti.....	14
KPKA6: Pamuji Ing Pangibadah	15
KPKA7: Puji Konjuk Allah	16
KPKA8: Allah Maasih.....	17
KPKA9: Pamuji Konjuk Allah Ma Agung.....	18
KPKA10: Allahe Para Pracaya	19
KPKA11: Sih Kawelasanipun Allah	20
KPKA12: Yesus Sang Pangen Sejati.....	21
KPKA13: Aku Duwe Pamarta.....	22
KPKA14: Allah Maha Suci	23
KPKA15: Panggunggung Mring Pangeran.....	24
KPKA16: Puji Mring Allah Kang Maha Wisesa	25
KPKA17: Pamuji Konjuk Mring Allah	26
KPKA18: Sih Kamirahanipun Allah	27
KPKA19: Angluhurken Allah	28
KPKA20: Panggunggung Konjuk Mring Pangeran.....	29
KPKA21: Palimirmanipun Allah	30
KPKA22: Kasampurnanipun Gusti	31
KPKA23: Tansah Saos Sokur Mring Gusti.....	32
KPKA24: Panggunggung Konjuk Mring Gusti	33
KPKA25: Ngabekti Mring Gusti	34
KPKA26: Puji Panuwun	35
KPKA27: Asmane Gusti Kula	36
KPKA28: Sowan Mring Gusti	37
KPKA29: Kamulyanipun Gusti.....	38
KPKA30: Pujinen Hyang Makwasa.....	39
KPKA31: Pinujia Allah	40
KPKA32: Sembah Bektı Konjuk Gusti	41
KPKA33: Sawernaning Puji	42
KPKA34: Sung Sembah Puja	43
KPKA35: Kamirahaning Gusti	44
KPKA36: Gusti Rawuha	45
KPKA37: Panggunggung Wit Sihing Gusti.....	46
KPKA38: Haleluya Puji Gusti	47
KPKA39: Kamulyaning Pangeran.....	48
KPKA40: Yehuwah Allah Kula.....	49

KPKA41: Nyuwun Pangapura	50
KPKA42: Pamratobat Sing Dosa	51
KPKA43: Nyuwun Enggaling Manah.....	52
KPKA44: Gusti Niimbali Sira	53
KPKA45: Gusti Anganti Sira	54
KPKA46: Panelangsa	55
KPKA47: Gusti Pangungsen Kula	56
KPKA48: Nyuwun Suci Saestu.....	57
KPKA49: Bingah Wonten Sihing Allah.....	58
KPKA50: Kula Keduwung.....	59
KPKA51: Gusti Pananggal Kula	60
KPKA52: Nyuwun Suci	61
KPKA53: Aneng Ngarsane Gusti	62
KPKA54: Nyuwun Aksama	63
KPKA55: Kristus Margining Pangluwaran.....	64
KPKA56: Karahayone Wong Mursid.....	65
KPKA57: Kang Karoban Ing Begja.....	66
KPKA58: Rineksa Ing Allah Nadyan Sinatru Tyang Duraka.....	67
KPKA59: Nyuwun Luwar Sing Karupekan.....	68
KPKA60: Allah Pangen Kula	69
KPKA61: Allah Yeku Pangen Satuhu	70
KPKA62: Karahayoning Tyang Mursid.....	71
KPKA63: Berkahing Allah	72
KPKA64: Pasrah Mring Gusti.....	73
KPKA65: Yesus Roti Panguripan	74
KPKA66: Masrahaben Gesang.....	75
KPKA67: Aneng Patunggilaning Gusti	76
KPKA68: Iba Adi Tuwin Endahipun.....	77
KPKA69: Kasetyaning Allah	78
KPKA70: Lumadi Ing Gusti	79
KPKA71: Manggul Salib.....	80
KPKA72: Temen Ndherek Gusti.....	81
KPKA73: Mareka Mring Gusti	82
KPKA74: Pracaya Mring Gusti.....	83
KPKA75: Gusti Nimbali.....	84
KPKA76: Umareka, Umareka.....	85
KPKA77: Ing Paprentahaning Allah	86
KPKA78: Tinimbalan Dening Gusti	87
KPKA79: Pracaya Lan Pasraha	88
KPKA80: Kapyarsi Gusti Nimbali.....	89
KPKA81: Ndherek Gusti	90
KPKA82: Tekading Manah Kula.....	91
KPKA83: Pasrah Dhateng Gusti	92
KPKA84: Nyuwun Tuntunanipun Gusti	93
KPKA85: Kabegjan Sejati	94

KPKA86: Andherek Gusti	95
KPKA87: Sumendhe Ing Gusti.....	96
KPKA88: Sakehing Sumelangmu Pasrahna Marang Aku	97
KPKA89: Pasrah.....	98
KPKA90: Pasraha.....	99
KPKA91: Praboting Perang Rohani	100
KPKA92: Pamujinipun Para Utusan.....	101
KPKA93: Pangatag Ngabarake Injil.....	102
KPKA94: Nyuwun Gumelaripun Kratoning Swarga.....	103
KPKA95: Kratoning Swarga	104
KPKA96: Lamun Dudu Yehuawah.....	105
KPKA97: Tansah Samekta	106
KPKA98: Panenipun Jembar	107
KPKA99: Panyuwun Gumelaring Kraton	108
KPKA100: Diprayitna	109
KPKA101: Perang Rohani	110
KPKA102: Allah Asih Mring Jagad.....	111
KPKA103: Dhamparing Sih Rahmat.....	112
KPKA104: Kraharjaning Tumitah	113
KPKA105: Gesang Tresna-Tinresnan	114
KPKA106: Kula Nedya Kadya Gusti.....	115
KPKA107: Gusti Mugi Tansah Nuntun.....	116
KPKA108: Gusti Mugi Nunggil Mring Kula	117
KPKA109: Katemtuuaning Pracaya	118
KPKA110: Namung Karsa Paduka.....	119
KPKA111: Gusti Nuntuna Kawula	120
KPKA112: Mugi Mberkah Kula	121
KPKA113: Pandonga Enjing	122
KPKA114: Aja Semaya	123
KPKA115: Nyuwun Ayeming Manah.....	124
KPKA116: Pasrah Sumarah Mring Gusti.....	125
KPKA117: Gusti Pangen Utami	126
KPKA118: Ingsun Yehuawah Allahira.....	127
KPKA119: Angger Kula Sumerep	128
KPKA120: Kumandel Mring Allah.....	129
KPKA121: Kinanthi Ing Gusti	130
KPKA122: Dipanggah	131
KPKA123: Gusti Pangungsenmu	132
KPKA124: Samekta	133
KPKA125: Pasrah Sumaraha	134
KPKA126: Ngrangkul Salib.....	135
KPKA127: Kula Tyang Pracaya	136
KPKA128: Kabegjan Kang Sejati.....	137
KPKA129: Tansah Bingah.....	138
KPKA130: Allah Dados Pepadhang.....	139

KPKA131: Ayem Wonten Ing Gusti	140
KPKA132: Kabegjaning Tiyang Kristen	141
KPKA133: Rumentahing Palimirma	142
KPKA134: Aja Adigang, Adigung, Adiguna	143
KPKA135: Kula Sumarah Mring Allah	144
KPKA136: Pangandel Dhumateng Allah	145
KPKA137: Kang Langgeng Sihe Allah	146
KPKA138: Pangandel	147
KPKA139: Mugi Gusti Angutus Utusan	148
KPKA140: Sang Kristus Tameng Santosa	149
KPKA141: Gesang Dados Kidung	150
KPKA142: Mung Kristus Juru Basuki	151
KPKA143: Mung Tansah Pasrah Mring Gusti	152
KPKA144: Margi Dhateng Swarga	153
KPKA145: Nunggil Kaliyan Gusti	154
KPKA146: Gusti Yesus Pamarta	155
KPKA147: Pangungsen Kula	156
KPKA148: Nyawisi Papan Mring Gusti	157
KPKA149: Gusti Nuntun	158
KPKA150: Kumandela, Pracayaa	159
KPKA151: Mung Allah Maha Kawasa	160
KPKA152: Yesus Sang Pamarta	161
KPKA153: Gusti Yesus Kristus	162
KPKA154: Allah Pangayomanmu	163
KPKA155: Paseksi Sayekti	164
KPKA156: Timbalan Dadya Duta Sembada	165
KPKA157: Nyuwun Kalanting Ing Gusti	166
KPKA158: Asmanya Makwasa	167
KPKA159: Sang Kristus Maasih	168
KPKA160: Kraton Swarga	169
KPKA161: Tyang Kang Pracaya	170
KPKA162: Dhuh Gusti Pepadhang Yekti	171
KPKA163: Pitobat	172
KPKA164: Aguning Sih Rahmat	173
KPKA165: Jatining Katresnan	174
KPKA166: Ora Et Labora	175
KPKA167: Panuntuning Gusti	176
KPKA168: Ndeding Lan Makarya	177
KPKA169: Sumarah Mring Allah	178
KPKA170: Gusti Mugi Nuntun Kawula	179
KPKA171: Utusaning Gusti	180
KPKA172: Tansah Padha Bebungaha	181
KPKA173: Korban Sejati	182
KPKA174: Nulada Sang Pamarta	183
KPKA175: Tiyang Rahayu	184

KPKA176: Kang Pinunjul Katesnan.....	185
KPKA177: Gusti Yesus Ratu Adil.....	186
KPKA178: Gusti Pepadhanging Jagad.....	187
KPKA179: Panarima.....	188
KPKA180: Ngaturaken Pisungsung.....	189
KPKA181: Saosan Sokur	190
KPKA182: Riyadin Saosan	191
KPKA183: Pisungsung Miring Kang Maluhur.....	192
KPKA184: Pisungsung Wit Kamirahaning Pangeran	193
KPKA185: Pisungsung Konjuk Mring Allah.....	194
KPKA186: Pisungsung Konjuk Mring Gusti.....	195
KPKA187: Pisungsung Jiwa Raga	196
KPKA188: Asung Pisungsung	197
KPKA189: Sabdaning Allah	198
KPKA190: Tyang Kang Manut Angger-Angger	199
KPKA191: Angger-Anggere Pangeran.....	200
KPKA192: Undhangna Sabdeng Allah.....	201
KPKA193: Mung Sawiji Kabegjan Sejati	202
KPKA194: Sabdeng Suci.....	203
KPKA195: Isining Kitab Suci.....	204
KPKA196: Sabdanipun Allah.....	205
KPKA197: Kembul Bujana Suci	206
KPKA198: Pamuji Ing Bujana Suci.....	207
KPKA199: Bujana Swarga	208
KPKA200: Bujana Suci	209
KPKA201: Timbalan Nderek Ing Bujana	210
KPKA202: Bujana Kang Sestu Sampurna	211
KPKA203: Bujana Kang Suci.....	212
KPKA204: Pandadar Ing Bujana.....	213
KPKA205: Baptis Lare.....	214
KPKA206: Baptisipun Lare Alit	215
KPKA207: Nyaosken Yoga	216
KPKA208: Baptis Suci	217
KPKA209: Kabingahan Wit Wonten Baptisan.....	218
KPKA210: Rawuhipun Gusti	219
KPKA211: Pamujine Maryam	220
KPKA212: Pamujining Zakaria	221
KPKA213: Puji Konjuk Gusti	222
KPKA214: Timbalan Nulad Gusti	223
KPKA215: Cahyeng Endah	224
KPKA216: Kanca Agiyaka	225
KPKA217: Lintang Endah.....	226
KPKA218: Yesus Kristus Rawuh.....	227
KPKA219: Warta Kabegjan	228
KPKA220: Dalu Suci	229

KPKA221: Rawuhing Ratu Tentrem Raharja.....	230
KPKA222: Rawuhing Ratu Sejati	231
KPKA223: Allah Asih Marang Jagad.....	232
KPKA224: Adining Dinten Natal	233
KPKA225: Kang Pinilih Ing Rawuhe Gusti	234
KPKA226: Kamulyakna	235
KPKA227: Sang Pepadhang Sejati	236
KPKA228: Sang Ratuning Katentreman	237
KPKA229: Linuhurna	238
KPKA230: Kabingahan Ingkang Sejati.....	239
KPKA231: Kaelokan Sayekti.....	240
KPKA232: Kidung Dinten Natal	241
KPKA233: Panyuwun Mring Gusti Ing Dinten Natal.....	242
KPKA234: Allah Tumehdak Manjalma	243
KPKA235: Sang Ratu Adil Sejati Wus Prapti	244
KPKA236: Allah Nunggil Mring Jalmi	245
KPKA237: Wiyosipun Gusti	246
KPKA238: Gloria Konjuk Hyang Maha Luhur	247
KPKA239: Rawuhing Sang Imanuel.....	248
KPKA240: Pamuji Ing Dinten Natal.....	249
KPKA241: Warta Basuki.....	250
KPKA242: Sang Pamarta Wus Manjalma	251
KPKA243: Rawuhing Ratu Adil	252
KPKA244: Daluadi	253
KPKA245: Sang Ratu Swarga Prapta	254
KPKA246: Sangsaranipun Gusti.....	255
KPKA247: Pamuji Ing Jumat Agung	256
KPKA248: Sangsararing Gusti	257
KPKA249: Gusti Yesus Sinalib	258
KPKA250: Kapotangan Kula Dhateng Gusti	259
KPKA251: Yesus Abdining Sang Yehuwah	260
KPKA252: Lelabetanipun Gusti.....	261
KPKA253: Neng Getsemane	262
KPKA254: Yesus Yekti Pamarta.....	263
KPKA255: Sang Kristus Manungsa Sampurna.....	264
KPKA256: Mandeng Yesus Kang Kasalib	265
KPKA257: Ing Golgota	266
KPKA258: Kemenanganing Tresna.....	267
KPKA259: Rahe Gusti Panebus Yekti.....	268
KPKA260: Sang Kristus Gusti	269
KPKA261: Tinebus Babar Pisan	270
KPKA262: Panglipur Kang Sejati.....	271
KPKA263: Etuking Karahayon.....	272
KPKA264: Mandeng Salib	273
KPKA265: Salibing Sang Pamarta	274

KPKA266: Sihe Allah	275
KPKA267: Wungunipun Gusti.....	276
KPKA268: Wungunipun Gusti Panglipur Kula	277
KPKA269: Pamarta Kula Agesang	278
KPKA270: Gusti Sampun Wungu.....	279
KPKA271: Ananging Gusti Wus Wungu	280
KPKA272: Sang Kristus Wungu Jumeneng Ratu	281
KPKA273: Gusti Wus Wungu	282
KPKA274: Kaluwaran	283
KPKA275: Punapa Dosanipun Gusti Yesus.....	284
KPKA276: Yesus, Gusti Wungu Sing Pati	285
KPKA277: Mulada Kayuning Laknat	286
KPKA278: Gusti Netepi Janji.....	287
KPKA279: Kristus Sang Pamarta, Sinalib.....	288
KPKA280: Pamuji Ing Dinten Mekradipun Gusti	289
KPKA281: Sang Kristus Sumengka.....	290
KPKA282: Undhangna Sang Kristus Jumeneng Raja	291
KPKA283: Panelangsa Ing Riyadi Mekradan	292
KPKA284: Roh Suci, Rohing Kayekten	293
KPKA285: Panyuwun Mring Sang Roh Suci.....	294
KPKA286: Pentekosta	295
KPKA287: Panyuwun Ing Dinten Pentekosta.....	296
KPKA288: Mbangun Turut Mring Sang Roh Suci	297
KPKA289: Nyuwun Panuntuning Roh Suci.....	298
KPKA290: Pamuji Wit Sang Roh Suci	299
KPKA291: Wit Kwasaning Sang Roh Suci	300
KPKA292: Pamuji Ing Riyadi Pentekosta.....	301
KPKA293: Dhuh Roh Suci Rohing Gesang.....	302
KPKA294: Kababaring Roh Suci.....	303
KPKA295: Sang Roh Suci.....	304
KPKA296: Krana Roh Suci	305
KPKA297: Wit Sang Roh Suci	306
KPKA298: Prayogining Brayat Kang Rukun	307
KPKA299: Kabegjaning Brayat	308
KPKA300: Karahayoning Tyang Gegriya	309
KPKA301: Pandonga Kangge Panganten	310
KPKA302: Tangsul Suhing Neningkahan	311
KPKA303: Janji Panganten	312
KPKA304: Brayat Kang Nengsemaken Sesami	313
KPKA305: Brayat Kang Raharja	314
KPKA306: Neningkahan Kang Binerkaahan Gusti	315
KPKA307: Panganten Kang Binerkaahan	316
KPKA308: Mring Padalemaning Allah	317
KPKA309: Dalem Pamujan	318
KPKA310: Greja Prasasat Baita	319

KPKA311: Adegipun Greja	320
KPKA312: Patunggilaning Pasamuwan	321
KPKA313: Papan Pangibadah	322
KPKA314: Pasamuwan Kang Nyawiji	323
KPKA315: Indonesia Negari Kula	324
KPKA316: Pamuji Sokur Awit Kamardikan.....	325
KPKA317: Indonesia Nagri Endah.....	326
KPKA318: Tresna Mring Sesami	327
KPKA319: Endahe Saduluran.....	328
KPKA320: Gusti Mesthi Prapta, Maranatha.....	329
KPKA321: Ngantya Nagri Sampurna.....	330
KPKA322: Gusti Rawuh Ngadili	331
KPKA323: Sareh Ngantya Bujana Swarga	332
KPKA324: Wonten Ing Swarga.....	333
KPKA325: Kangen Mring Gusti	334
KPKA326: Kori Ingkang Menga	335
KPKA327: Panduman Kula Kamulyan Swarga	336
KPKA328: Nagrinipun Gusti.....	337
KPKA329: Raharjaning Tyang Setya Mring Gusti.....	338
KPKA330: Pangadilan Pungkasan.....	339
KPKA331: Sang Kristus Rawuh Ngadili	340
KPKA332: Maranatha	341
KPKA333: Gumantosing Warsa	342
KPKA334: Pamuji Warsi Anyar	343
KPKA335: Panyuwun Ing Warsa Enggal	344
KPKA336: Gusti Kang Nganthingi	345
KPKA337: Kasanggeman Ing Warsa Enggal	346
KPKA338: Warsa Enggal	347
KPKA339: Pamuji Bebukaning Pangabekti	348
KPKA340: Pembukaning Pangibadah	349
KPKA341: Pamuji Bakda Winulang	350
KPKA342: Pamuji Panutuping Pangabekti	351
KPKA343: Purnaning Pangabekti	352
KPKA344: Sih Rahmat	353

KPKA1: Allah Maha Kwasa

- 1** Bumi dalah saisinya kang nitahken yeku Gusti tinalesan srana samodra tumumpang ing kali kali yekti Allah Maha kwasa yogya tansah pinuji puji.
- 2** Kang kepareng ngabyantara aneng pedaleman suci, kang resik tangan wah manahnya, tan nate dosa ing lathi, yeku tyang mursid sanyata setya tansah dumugeng janji.
- 3** Berkahing Pangeran tumrah mring tyang ajrih asih yekti, gesang tentrem rahayu tansah wit kaadilaning Gusti, tyang kang tansah ngudi Allah kangen Gusti rina Ian wengi.
- 4** Gapuraning Padaleman kangkata mrih omber sestu, krana Sang Ratuning kamulyan badhe langkung tindak mlebu, yeku Gustining kaswargan Kang Mahakawasa Allahmu.

KPKA2: Allah Mbabarken Kwasanya

- 1** Allah mbabarken kwasanya pra kang nglawan
kasirnakna lir lilin kenging brama,
nging gung tyang mursid raharja memuji lan
sukarena ngarseng Allah Ma mulya,
Pangeran jumeneng Rama tumrap salir tyang sangsara
ngluwari tyang siniya temahan ngraosken begja
dene tyang wangkot mbalela siniksa bebendunya.
- 2** Allah mbelani pra umat ngagem sarana mukijjad
wah salir kang neng jagad,
Pangeran ngrentahken berkah kang ngrimat
sagunging titah temah kraharjan anjrah,
wit kadarmaning Pangeran tyang tinindhes kaluwaran,
datan wonten panandhang ing rehing ratu kaswargan,
yeku kang wadya balanya tyang nyebar kabar adya
- 3** Allah ratu kaadilan wus ngasorken
pra adigang temah kasurang-surang,
nging tyang ringkikh ingauban pinaringan
gung kabegjan karoban kaluberan,
Gusti miji pasucennya papan puruging manungsa,
samya saos pisungsung
konjuk mring Allah Maagung dalah
kang swau mbalela nggih samya asung puja.
- 4** Allah Juru Slamet yekti ngentas pra umat
sing pati temah samya basuki,
para umat kang ngabekti dalah
salumahing bumi samya nggunggung mring Gusti,
sestu Allah Maha luhur yogya pinuji lan masmur,
nungkula neng ngarsanya
wit mung Gusti Kang Makwasa,
yeku kang ngganjar kamulyan wah paring kakiyatan.

KPKA3: Gusti Allah Andel-Andel Sejati

- 1** Nyawaku pujinen Allah Gusti mulyakna tansah
slawase sinungan umur luhurna srana masmur
krana tuking kraharjan yekti namung Pangeran.
- 2** Andel-andel kang sejati sajuga yeku Gusti,
salir jalma tanpa daya kwasane enggal sima,
tyang kang ngayom mring Allah tansah rinoban berkah.
- 3** Allah kang nitahken jagad kasetyane tan kendhat,
mbela tyang kinaniaya nulungi tyang sangsara,
njejegken kaadilan ngluwari pra lelaran.
- 4** Pangeran Allah Maasih ngrojongi tyang kang ringkih,
mbombong tyang sisah manahnya nyarasken tyang kang wuta,
tyang mursid den kasihi wah ngrukti tyang ketrini.
- 4** Pangeran jumeneng raja pangrehe ing slaminya,
tan nguciwakken kang nenga gya nylametken urnatnya,
sagunging tyang pracaya ngidungna Haleluya.

KPKA4: Haleluya

- 1** Haleluya Pangeran aneng papan pamujan
pinujia asmanya dalah aneng akasa,
wit Gusti Allah Makwasa kamulyannya Ma Adi
ngungkuli kang gung edi munggwing swarga lan ing bumi.
- 2** Linuhuma Hyang Agung klayan sagunging kidung,
binarung salir gangsa wah kang ngungelken swara,
geguritan dalah beksa makluk kang darbe nyawa,
ngluhurna Hyang Makwasa sru ngidungna Haleluya

KPKA5: Pamuji Konjuk Gusti

- 1** Pinuji puji Gusti kang nitahken jagad raya
Nggih siyang dalah ratri tansah luber sihrahmatnya,
Donya gingsir wah sirna sihnya langgeng slaminya
- 2** Pinuji puji Gusti nggih Allah kang Mahamirah,
pra umat kang ngabekti tinuwukken klayan berkah,
salir ingkang pinanggya dados margining begja.
- 3** Pinuji-puji Gusti Hyang Maluhur Mahasuci,
kang nucekken manungsa srana tinebus sing dosa,
wah tinuntun mring swargi mrih kraharjan sejati.

KPKA6: Pamuji Ing Pangibadah

- 1** Dhuh Allah Ma suci kula asung puji ing pangibadah puniki agung kamulyanta ageng sih Paduka kang nitahken jagad raya pinuji Hyang Widi kang siyang lan ratri ngreksa lan ngrimati.
- 2** Dhuh Allah Makwasa kanthi trusing driya, kawula nlangsani dosa, mugi angapunten sarta nucekaken, temah gesang kula ayem, pinuja Sang Rama kang ngutus Sang Putra, jumeneng Pamarta.
- 3** Dhuh Allah Mamirah sru adrenging manah kula sami nyadhong berkah, nggih sabda kang suci sabdanipun Gusti, kang paring gesang sejati, pinuji Roh Suci kang ngenggalken budi, nilar gesang lami.
- 4** Dhuh Allah Maluhur kula saos sokur dalah pisungsung kang katur, bandha sarta badan miwah kasagedan, dadosa kurban kang gesang, pinundhi Roh Suci ingkang mbereg ati, bekti dhateng gusti.

KPKA7: Puji Konjuk Allah

- 1** Puji konjuk Allah Rama puji konjuk Sang Putra
puji konjuk Sang Roh Suci Juru slamet sejati,
Haleluya, Haleluya Juru slamet sejati.
- 2** Pinuji Ratuning swarga Gustine pra manungsa,
nggih Ratuning pasamuwan Ratu sumbering gesang,
Haleluya, Haleluya Ratu sumbering gesang.
- 3** Pinuji Allah Makwasa kang nitahken jagad rat,
wah milujengken manungsa krana gunging sih rahmat,
Haleluya, Haleluya krana gunging sih rahmat.

KPKA8: Allah Maasih

- 1** Allah Maasih asung putranya
Allah Maasih mring manungsa.
mila kula ngidung Allah Maasih
Allah Ma asih mring manungsa.
- 2** Gusti ingutus dadya pamarta,
Gusti ingutus nebus kula.
mila kula ngidung Allah Maasih
Allah Ma asih mring manungsa.
- 3** Gusti Pamarta nombokken nyawa,
Gusti Pamarta mbirat dosa.
mila kula ngidung Allah Maasih
Allah Ma asih mring manungsa.
- 4** Gusti marasken salir prihatin,
Gusti nyirnakken ajrih kwater
mila kula ngidung Allah Maasih
Allah Ma asih mring manungsa.
- 5** Kula sinungan tentrem raharja,
kula sinungan pangaksama.
mila kula ngidung Allah Maasih
Allah Ma asih mring manungsa.
- 6** Kula sinungan gesang sejati,
Kula sinungan kraton swargi
mila kula ngidung Allah Maasih
Allah Ma asih mring manungsa.

KPKA9: Pamuji Konjuk Allah Ma Agung

- 1** Puji sokur lan panggunggung konjuk mring Hyang Ma agung
kang nitahken jagad raya wah langgeng kasetyannya
makluk wrata rinimatan krana sihing Pangeran
jagad tentrem lan raharja lamun manut pangrehnya
- 2** Surya, candra lan pra lintang samya nyunarken padhang,
peksi ngoceh mawurahan wah sato kewan girang,
tetuwuhan ngumbar sekar sarta asung woh-wohan,
sadaya sami memuja mring Allah Kang Makwasa.
- 3** Puji sokur lan panuwun konjuk Allah Mamulya,
kang sampun paring pitulung mring pra manungsa dosa,
kang panggah sami pracaya mring Panebus sejati,
mesthi wilujeng, raharja, mulya langgeng ing swargi.

KPKA10: Allahe Para Pracaya

- 1** Allahe para pracaya ing sadhengah jaman,
yeku pangauban kita tuking kasampurnan.
- 2** Aneng ngarsaning dhampamya papan katentreman,
panyuwun kang bener hyata mesthi kaleksanan.
- 3** Sajagad raya dumadi karana sabdanya
para titah angakeni kwasane Pangeran.
- 4** Allahe para pracaya lumintu pangrehe
mring sakehing kagungannya langgeng pangrumate.

KPKA11: Sih Kawelasanipun Allah

- 1** Kula sami kekempalan memuji dhateng Allah
kang Maha asih Maha wlas ring sakehing tumitah.
- 2** Agung kanugrahanipun kang maring para umat agung
palimirmanipun mring tiyang kang mratobat.
- 3** Ngantos kang putra kinasih ingutus dhateng donya
awit sihe Allah inggih sinungken mring manungsa.
- 4** Supados sawaminira tetiyang kang pitajeng
mring Kang Putra sampun sima nging sinung gesang langgeng.

KPKA12: Yesus Sang Pangen Sejati

- 1** Gusti Yesus Pangen kula, kula menda kagungannya
dennya nebus klayan rahnya mrih kula gesang slaminya.
- 2** Sang Kristus Pangen utama kang sampun ngetohken nyawa,
nebus kula saking doss wah nuntun kula mring swarga.
- 3** Gusti ngayomi mendanya inguwalken sing rubeda,
mrih tan tiwas ing panandhang nging tansah manggih kabegjan.
- 4** Gusti ngempalken mendanya kadadosaken sapantha,
kinen gesang atut rukun mbangun turut Pangenipun
- 5** Gusti ngreksa pra mendanya klayan astanya kang rosa,
lamun wonten kang ketriwal den luru mrih datan ical.

KPKA13: Aku Duwe Pamarta

- 1** Aku duwe Pamarta Yesus Kristus asmanya
kang wus ngurbanken sarira ngruwat aku sing dosa,

Reff: **duwekku duwekku Gusti Yesus Pamartaku dak puji trusing kalbu.**

- 2** Aku duwe Pamarta satuhu ing kasetyan,
yen aku nyingga panandhang pinaringan karosan,
Reff:

- 3** Aku duwe Pamarta putreng Allah pribadya,
yen aku karoban susah tinunggil mrih tan lesah,
Reff:

- 4** Aku duwe Pamarta salaminya pangrehe,
lamun pepeteng nglimputi Gustiku kang ngluwari,
Reff:

- 5** Aku duwe Pamarta sih rahmate tan kendhat,
yen aku tumibeng dosa den tuntun mring pitobat,

KPKA14: Allah Maha Suci

- 1** Suci, suci, suci, pinuji Hyang suci
Allah Maha mulya kang jumeneng Raja,
suci suci suci pinundhi Hyang Widi
titah sadaya bra muji samya.
- 2** Suci, suci, suci pujining pra suci
angumandhang sora ngebeki akasa,
pra mlaekat sami sujud angabekti,
ngidung tan kendhat mring Kang Mengkurat.
- 3** Suci, suci, suci, Allah Mahasuci
gumuruhing kidung nggunggung-nggunggung Gusti,
tetalesing bumi gonjing dening puji,
pra makluk wrata girang memuji.
- 4** Suci, suci, suci, nggih Gustining gusti,
anglairken srira tumedhak mring donya,
nucekken manungsa kang pitados yekti,
yogya pinuji langgeng slaminya.

KPKA15: Panggunggung Mring Pangeran

- 1** Dhuh Pangeran Yehuwah kula ngaturken sembah
klayan bingah ing driya nggunggung Asma Paduka
kang Ma luhur Ma mulya Gustining makluk samya.
- 2** Dhuh Sang Yehuwah Gusti Paduka kula puji
ing dalu dalah rina agung sih kawlasanta
luber berkah Paduka tumrah mring titah wrata
- 3** Dhuh Yehuwah Pangeran kawula ngidung girang
wit-sih rahmat Paduka kula samya waluya
luwar sing rehing pati sinungan gesang yekti.

KPKA16: Puji Mring Allah Kang Maha Wisesa

- 1** Puji mring Allah Pangeran kang Maha wisesa
muji ramya binarung lan sawernining gangsa
pangidungnya klayan bingah ing manah
nggunggung Gustining pratitah.
- 2** Puji mring Allah kang sestu adil pangrehira,
ngreksa lan ngrimati srana lubering berkahnya,
nging saklangkung gung sihnya mring tyang dosa,
tinebus temah waluya.
- 3** Puji mring Allah kang sung tentrem raharja nyata,
tansah ngganjar begja mring tyang kang sestu pracaya,
andel-andel wah pepadhang satuhu,
pujinen lan trusing kalbu.

KPKA17: Pamuji Konjuk Mring Allah

- 1** Pinuji Allah Sang Rama kang nitahken. jagad raya wah tansah nglestantuna sung mangsa jawah ketiga nenanem panenan uga alam runtut tinata.
- 2** Pinuji Allah Sang Putra kang nylametken gung manungsa paring tentrem raharja sumrambah pra makluk wrata luwar sing pangrehing dosa dadya Pirdus sadonya.
- 3** Pinujia Sang Roh Suci yeku kang nganyarken ati temah mursid sayekti nggih rukun klayan sesami wah asih mring alam ugi bawana ayu edi.
- 4** Dhuh Rama, Putra, Roh Suci tetiga tunggil Hyang Widi pinujia pinundhi samukawisnya sampurna krana pakaryan Paduka Dhuh Gusti "maranatha".

KPKA18: Sih Kamirahanipun Allah

- 1** Sihe Allah gung sanyata mring kawula tyang dosa sing bangsa sanes umatnya ingangkat dados putra tinebus Sang Kristus Gusti gesang anyar sayekti nindakna pakarti luhur yeku tandhaning sokur.
- 2** Sih nugrahaning Pangeran pinaringken lahanan tan wonten dosa duraka kang datan ingapura nging tyang kang wangkot ing ati pracaya mung ing lathi pinagas saking sih rahmat sangsara ing akherat.
- 3** Sihing Allah sestu adya mulyakken tyang pracaya mrih dados rowangnya tansah mbabar kratoning Allah olah tresna trusing manah tentrem rarja sumrambah temah Allah kaluhurna samangkya lan slaminya.

KPKA19: Angluhurken Allah

- 1** Swawi sami muji Allah Pangeran Maha wlas
Kang tansah ngluberken berkah, Pangeran Maha wlas
Rinten dalu datan kendhat tansah njangkung mring pra umat
swawi muji Kang Murbeng rat Pangeran Maha wlas
- 2** Tan males dosa duraka Pangeran Mahawlas
ning ngegungken sih apura Pangeran Mahawlas
putranya yeku Sang Kristus kang dados kurban panebus
swawi muji kanthi tulus Pangeran Mahawlas
- 3** Swawi olah tresna' tansah Pangeran Mahawlas
pratandha sokur mring Allah, Pangeran Mahawlas
swawi gesang mursid yekti tinulungan Sang Roh Suci
nulad ing tindaking Gusti Pangeran Mahawlas.

KPKA20: Panggunggung Konjuk Mring Pangeran

- 1** Pangeran Ma mulya yogya kula puja
dene agung kadarmannya kang sumrambah mring kula
datan wonten timbangannya tan kendat lumintunya
Pangeran Ma mulya, yogya pinuja, (2X)..
- 2** Pangeran Mamulya yogya kula puja
dene karsa maringaken Putranipun pribadya
dinadosken Juru slamet miwah Pamarta kula,
Pangeran Mamulya yogya pinuja (2X).
- 3** Pangeran Mamulya yogya kula puja
de tan karsa malesaken sagung klepatan kula .
malah dipun sucekaken sarta ingangkat putra
Pangeran Mamulya yogya pinuja (2X).

KPKA21: Palimirmanipun Allah

- 1** Gusti kula ingkang wontening swarga
pinujia Paduka ing slaminya
sestu agung sih palimirmanta
Haleluya, Haleluya
- 2** Gusti rawuh manjalma aneng donya,
awit welas nebus gunging tyang dosa,
rinukunken lan Allah Sang Rama,
Haleluya, Haleluya. .
- 3** Gusti seda krana kula tyang dosa,
de wungune panjer gesang sanyata,
mila kula mituhu dhawuhnya,
Haleluya, Haleluya.

KPKA22: Kasampurnanipun Gusti

- 1** Kula ngunggung-ngunggung Gusti
sesembahan kula sejati, tanpa cela sestu suci,
sabdanya dados panutan, tindaknya dados patuladhan,
tyang ngupados kayektosan
suyud mring Sang Rama, nglabuhi manungsa,
wit tresnanya trusing driya tulusnyata,
rila ngurbanken sriranya.
- 2** Gusti ngundhangken pawarta luwarira
tyang miskin papa, sing sangsara mrih raharja,
nggih pangentasan sanyata kang tinindhes lan kinunjara,
pulih harkat martabatnya, tyang kang nandhang raga
samya den sarasna, wah mbabama tahun yobel taun adya,
nggih sih rahmating Sang Rama.
- 3** Duk Gusti siniya-siya,
siniksa lan sinalib seda, tan males srana piala,
mring tyang kang sengit mengsahi malah winales tresna yekti,
kadongakna mrih basuki,
Yesus Gusti kula manungsa sampuma;
nyantosakna greja dalah tyang pracaya,
nulad ing kasampurnannya.

KPKA23: Tansah Saos Sokur Mring Gusti

- 1** Kula ngaturken sembah bekti de Gusti tansah mberkahi,
sadinten-dinten nambut kardi kanthi temen lan taberi,
abot entheng datan nggresula leladi kang trusing driya,
wohe rejeki sing Ma luhur tinampi lan puji sokur.
- 2** Kula memuji datan kendhat mring sihe Allah murbeng rat,
wanci enjing surya sumunar mulyaning alam ginelar,
tetuwuhan mawarni-warni wah kewan ngebaki bumi,
sing tilem ngaso kula tangi nindakken karsaning Gusti.
- 3** Kula ngluhurken mring Pangeran kang tansah ngganjar kabegjan
ing dalu peteng lelimengan wah abyor lintang rembulan,
kula tilem ngaso myang lena nging astane Gusti ngreksa,
kula mesthi manggih wilujeng wah ing manah ayem tentrem.

KPKA24: Panggunggung Konjuk Mring Gusti

- 1** Swawi prakanca kang sami pracaya
Den sora sora angalembana
mring Gusti kita kang Maha wilasa.
- 2** Sihing Pangeran mring kita pra umat,
tanpa wilangan wah tanpa kendhat,
yogya pinuji lan pinundhi-pundhi.
- 3** Kita tyang dosa nging Allah ngaksama,
krana Kang Putra sinalib seda,
wit sihing Gusti kita dados suci.
- 4** Sihing Pangeran yogya den timbangi,
srana kasetyan tresna wah bekti,
nyaosken badan dados kurban gesang.
- 5** Swawi pra suci temen anglampaahi,
prentahing Gusti, Gusti prajanji,
tansah nulungi srana Sang Roh Suci.

KPKA25: Ngabekti Mring Gusti

- 1** Swawi pra suci nyawiji tunggal Ati
sami ngabekti memuji mring Gusti
Ajrih sumelang sedhih lan kasangsaran
ginantos kabegjan sihing Pangeran.
- 2** Ngidung tan kendhat sru nggunggung Kang Murbengrat,
ngetung mukjijad lan sagung sih rahmat,
lubering berkah sing swargi tansah tumrah,
nyantosakken manah nyirnakken semplah.
- 3** Tansah ndedonga sumarah mring Sang Rama
miwah rumantya nglawan mring panggodha,
pra tyang pracaya klayan saeka praya,
silih mbiyantonana amrih jaya.

KPKA26: Puji Panuwun

- 1** Sumangga prakanca marek ngarsaning Gus ti anggunggung asmanya wit sihe kang sejati de krana Kang Putra ki ta tansah begja siyang dalah ratri Gusti kang ngrimati
- 2** Yehuwalah Makwasa kang paring kabingahan, lan tentrem raharja dugeng jaman klanggengan, krana Yesus Gusti maringken Roh Suci, kita dados panggah mituhu mring Allah.
- 3** Saguning pamuji konjuk ngarsaning Gusti, kawula anggunggung kanthi sruning pangidung, Allah ingkang murba pra titah sadaya, mung Allah pribadya langgeng salaminya.

KPKA27: Asmane Gusti Kula

- 1** Neng kasa ngumandhang asma sajuga
Kang anepangaken jagad lan swarga
datan wonten asma kados punika
kang kwasa nyirnakken pangrehing dosa
napa sami dereng wanuh
yeku Gusti Yesus Kristus asmane.
- 2** Wus pantes asmane lan pakaryane,
rawuhe ing donya wit gunging sihe,
nebus tiyang dosa, sinalib seda,
gya wungu nyawisken swarga mring kula,
napa sami dereng wanuh,
yeku Gusti Yesus Kristus asmane.
- 3** Sang Kristus samangke ngratoni swarga,
ngasta pangwasane Allah Sang Rama,
ngadili jagad ing mbenjing rawuhe,
kula pareng ndherek ing kamulyane,
yeku Kristus Sang Pamarta,
punika asmane panutan kula.

KPKA28: Sowan Mring Gusti

- 1** Sumangga sowan Gusti, Haleluya,
srana kidung pamuji, Haleluya.
- 2** Tyang pracaya nyawiji, Haleluya,
ing tresna tulus yekti, Haleluya.
- 3** Pujekna gung panggunggung, Haleluya,
kidung konjuk Hyang Agung, Haleluya.
- 4** Asmane den suwurna, Haleluya,
wit luber sih setyanya, Haleluya.
- 5** Tilingna sabdeng Gusti, Haleluya,
klawan pracaya yekti, Haleluya.

KPKA29: Kamulyanipun Gusti

1 Adhuh Gusti lamun kula nyipati
lintang abyor ing dalu kang sepi
wah gumlegering gludhug ing akasa
ku la ngungun gunging kamulyanta

Reff: **nyawa kula nya sumyak sung puja yekti Allah Maha kwasa**
nyawa kula nya sumyak sung puji yekti Allah Maha kwasa.

2 Lamun nlasak tengahing wana wasa
sato peksi kekidungan ramya,
wonten ngare dalah ing ardi ugi,
bra gumelar sesawangan adi,
Reff:

3 Yen siniram ilining samirana
wah tinempuh ombaking samodra,
ngganda sekar kang arum miwah endah
manah ngungun wit gunging pra titah
Reff:

4 Klangkung ageng gunging sih susetyanta,
kang ngurbanken Sang Kristus, Sang Putra,
sinalibken, seda tedhak mring nraka,
mrih manungsa basuki slaminya
Reff:

KPKA30: Pujinen Hyang Makwasa

- 1** He pratitah sadarum samya ngrepekna kidung konjuk Hyang Makwa sa kang gunging sih susetya Haleluya, Haleluya.
- 2** Pujinen Hyang murbeng rat, Gusti kang gung sih rahmat, ngreksa lan ngayomi, ngrumati mrih lestari, Haleluya, Haleluya.
- 3** Allah kang Mawilasa wus nylametken manungsa, slaminya pinuja, wah tansah pinundhia, Haleluya, Haleluya.

KPKA31: Pinujia Allah

- 1** Pi nujia tansah Allah Mamirah kang gung tresnanira
mring salir titah tyang dosa dura ka sinung apura
ti nebus sing pati temah basuki

Reff: **luhurna mulyakna Gusti Sang Pamarta**
luhurna mulyakna Pangruwating dosa
pasrah maring Allah srana pracaya
margining waluya tentrem raharja.

- 2** Pinuji slaminya Allah Matresna,
kang ngegungken sabar mrning tyang kang mblasar,
nuntun mring pitobat srana sih rahmat,
mrih tyang mursid yekti sinung Roh Suci,
Reff:

- 3** Pinuji tan kendhat Allah murbeng rat,
kang nunggil wah ngreksa mring kagungannya,
tyang bekti lan setya sinung nugraha,
gesang langgeng nyata neng kraton swarga,
Reff:

KPKA32: Sembah Bekti Konjuk Gusti

- 1** Sembah bekti wah puji konjuk ngarseng Gusti
kang mberkahi grejanya temah tansah begja
Injil kratoning Allah ingundhangken sumrambah
asmanya kamulyakna dening sagung bangsa.
- 2** Sagung kidung kamulyan konjuk mring Pangeran,
dalah pisungsung sokur wit berkahe mancur,
wah pangengennya nyata yogya pra umat setya,
asmanya kamulyakna dening kagungannya.
- 3** Salir kidung panggunggung konjuk Hyang Maagung,
tansah sung pitulungan maring pasamuwan,
nadyan panggodha nempah rineksa mrih tan dhawah,
asmanya kamulyakna dening tyang pracaya.

KPKA33: Sawernaning Puji

- 1** Sawernaning puji kanthi trusing ati
mring Allah kang Maha mirah
dening sagunging tumitah
wit tansah rinoban berkah.
- 2** Saliring panuwun dalah masmur kidung,
mring Allah tuking gung berkah,
dening kang samya pracaya
wit sinung tentrem raharja.
- 3** Sagunging panggunggung dalasan pisungsung,
mring Allah Gustining titah,
dening saliring pra umat
wit rinentahan sih rahmat.
- 4** Sakathahing sokur srana lampah luhur,
mring Gusti yeku Hyang Widi,
dening sagung pasamuwan
wit rinoban ing kabegjan.

KPKA34: Sung Sembah Puja

- 1** Allah Kang Ma kwasa yekti gung tresnanya
jumeneng Pamarta kang ngruwat dosa
salir tyang pracaya luwar sing antaka
lamun tansah setya mlebet mring swarga.
- Reff:* **sung sembah puja konjuk Sang Rama
kang paring nugraha tentrem raharja
sung sembah bekti konjuk mring Gusti
kang paring basuki nggih gesang yekti.**
- 2** Gusti kang Mamirah ngentahken gung berkah,
tyang nandhang sangsara manggih waluya,
saliring pra umat tan kendhat rinimat,
srana peparingnya nadyan prasaja,
Reff:
- 3** Rama kang Maagung kang paring pitulung,
nglipur manah sisah mrih datan semplah,
njangkung kagungannya temah tansah begja,
gesang mursid yekti dumugeng janji,
Reff:
- 4** Pangeran murbeng rat ngluberken sih rahmat,
mbelani tyang leres saking panindhes,
nunggil tyang pracaya temahan santosa,
ngundhangken Injilnya wrata sadonya,
Reff:

KPKA35: Kamirahaning Gusti

- 1** Puji konjuk Allah Kang Maha mirah
ing rinten dalah
ratri nggih tansah ngganjar berkah
mring tyang mursid wah mursal
tan ana kang ketriwal
- 2** Puji lan panuwun mring Hyang Maagung,
ngganjar berkah mirunggan,
mring tyang ingkang pracaya,
yeku kawilujengan sarta tentrem raharja.
- 3** Puji sarta sokur mring Kang Maluhur,
de ngganjar berkah adi,
mring tyang ingkang ngabekti,
winuwuhan sih rahmat pangrimatnya tan kendhat.

KPKA36: Gusti Rawuha

- 1** Mugi rawuha dhuh Rama mugi rawuha dhuh Rama
mugi rawuha dhuh Rama dhuh Rama rawuha.
- 2** Kula memuja, dhuh Rama, kula memuja, dhuh Rama,
kula memuja, dhuh Rama, dhuh Rama, rawuha.
- 3** Kula nyawiji, dhuh Gusti, kula nyawiji, dhuh Gusti,
kula nyawiji, dhuh Gusti, dhuh Rama, rawuha.
- 4** Kula ndedonga, dhuh Allah, kula ndedonga, dhuh Allah,
kula ndedonga, dhuh Allah, dhuh Rama, rawuha.
- 5** Kula sung sembah, dhuh Allah, kula sung sembah,
dhuh Allah kula sung sembah, dhuh Allah dhuh Rama rawuha.

KPKA37: Panggunggung Wit Sihing Gusti

- 1** Kula samya tetunggilan ngabekti mring Pangeran
wit sinungan kacekapan wah bagas kesarasan

Reff: **ku la tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti
wit ingayom ing sihira sestu tentrem raharja**

- 2** Kula rinoban ing begja rinten dalu tan kendhat,
ing lelampaahan prasaja dalah srana mukijjad,
Reff:

- 3** Kula rinimat ing Gusti srana sagunging titah,
mangsa kang silih gumanti samukawis mung endah.
Reff:

- 4** Kawula nggih binerkahan lantaran mitra kadang,
sumanaking pitepangan tan wonten memengsahan,
Reff:

KPKA38: Haleluya Puji Gusti

1 Pinuji Gusti kang nitahken jagad
siyang ratri tan kendhat ngganjar sih rahmat.

Reff: **Haleluya sagung puji tansah konjuk Gusti**
Haleluya sagung bekti mring ratu swargi.

2 Pinuji Gusti Sang Juru Basuki
kang ngurbanken sarira nebus manungsa.
Reff:

3 Pinuji Gusti yeku Sang Roh Suci
kang nuntun ing krahajan wah kasampuman.
Reff:

KPKA39: Kamulyaning Pangeran

- 1** Langit tansah nyariyosken kamulyane Hyang Magung
wah akasa mratelakken yasaning astanipun
rinten dalu tan kendhat wartanya ngebeki rat.
- 2** Sanadyan datan wicanten tan wonten tetembungan,
nging samangsa den tilingken tansah nggunggung Pangeran,
paseksinya nyrambahai ing salumahing bumi.
- 3** Pangeran murbeng jagad rat kang ngrimati pra titah,
surya kang mlampah tan kendhat nggih krana rehing Allah,
saliring kang dumadi nelakken sihing Gusti.
- 4** Mugi Gusti.nggih karenan isining manah kula,
gung panggunggung mring Pangeran pangayoman sanyata,
pinujia tan kendhat Panebusing pra umat.

KPKA40: Yehuwah Allah Kula

- 1** Sang Yehuwah yeku Allah kula
karsa anglanting tangan kawula
ses tu Allah dados karosan kula
mila tansah kawula tresnani.
- 2** Sang Yehuwah yeku Allah kula
kang nyembadani panyuwun kula,
mila dhawuhipun: "lah kumandela,
Ingsun datan negakaken sira".
- 3** Sang Yehuwah yeku Allah kula
tan males durakaning manungsa,
mila dhawuhira: "lah umareka
Ingsun kagungan sih palimirma.

KPKA41: Nyuwun Pangapura

- 1** Dhuh Yehuwah nyawa kula ngantos Pangeran,
kawula kaluwarana sing tyang remen mengsahan,
wah katedahna margi bebener Paduka Gusti,
mung Paduka pribadya sumbering tentrem raharja.
- 2** Dhuh Yehuwah ngegetana mring sih palimirmanta,
wiwit jaman purwa mila Gusti gung ing apura,
ngruwata dosa kula nadyan ageng saha kathah,
nyawa kula rineksa wit sih kadarmaning Allah.
- 3** Allah Maadil lan sae tan ngegungken bebendu,
tyang kang kesasar uripe tinuntun tobat sestu,
marginya mung katresnan bebener sarta kasetyan,
tumrap tyang setya yekti netepi sabdaning Gusti.
- 4** Dhuh Allah mugi ngapura krana asma Paduka,
mripat kula tansah nenga ngadhang sih kawlasanta,
kawula nandhang awrat kepencil sarta kesrakat,
mugi kaluwarana mrih kula tentrem raharja.

KPKA42: Pamratobat Sing Dosa

- 1** Dhuh Allah, Rama, ngluberna sih mirma,
kawula nglenggana gunging dosa kula,
Gusti Ma kwasa, nyuwun apura, temah gesang nyata
- 2** Dhuh Yesus, Gusti, karsaa melasi,
kula sestu tobat ngorong mring sih rahmat,
Yesus, Pamarta, nucekna ati mrih kula basuki.
- 3** Dhuh Sang Roh Suci nggih nganyarna ati,
nilar gesang lami mbangun turut Gusti,
dhuh Sang Roh Suci, mugi nulungi temah mursid yekti.

KPKA43: Nyuwun Enggaling Manah

1 Gusti kula sestu nalandha, awit asring mbalela,
damel sekel galih Paduka, kelu ombyaking donya,

Reff: **Dhuh Gusti kawula nyuwun apura, sinucekken sing dosa
mugi manah kula kaenggalna, mituhu Paduka.**

2 Sestu kula angraosaken sisah dening momotan,
nging lamun Paduka angapunten manah kawula padhang,
Reff:

3 Sestu kawula ngraosaken ing katresnan Paduka,
wit Paduka tan negakaken kula kawratan dosa,

KPKA44: Gusti Niimbali Sira

- 1** Wong dosa rempu atimu, nlangsanana dosamu,
mbokya ngungsia mring Gusti mesthi kinarya suci.

Reff: **Gusti nimbali sira**
rungokna ta sabdaNya,
pasraha jiwa raga.

- 2** He wong kang ilang kesasar saparanmu kapirsan,
Gusti nglari lan nimbali bakal karsa nulungi.

Reff:

- 3** Gusti kwasa sipat mirah manjalma krana kita,
mula den enggal mareka mesthi tan nampik sira.

Reff:

- 4** Sira kaancam rencana ukum laknat ngadhangi, nuli enggal
umareka tinebus ing rah adi. Reff:

</poem>

KPKA45: Gusti Anganti Sira

- 1** Gusti angantya sira wong dosa, arum ing wacana umareka,
nyuwuna luwar lan linipura, mareka, saosna ati nira,
Reff: **lah mareka Gusti angantya ywa kapara adoh, umareka
Gusti anganti anti sira, ywa nyenyuwe,mareka mring Gusti.**
- 2** He wong dosa dhasar dalanira jembar bungah yen dilakonana
nging sira tan nduga kang rekasa yeku kang anjog mring nagri baka.
Reff:
- 3** Lah mbok umareka mring Gustimu, kang nimbalii sira kanthi tresna
lah mareka enggal dyan merdika nyelaki Gusti nampi rahmatNya,
Reff:

KPKA46: Panelangsa

- 1** Wit sing kathah dosa kula mila tansah kemengan
Gusti kang madhangi manah myang tuking kabingahan.
- 2** Mugi karsa angaksama ing klepatan kawula,
tyas kula mugi dadosa padaleman Paduka.
- 3** Gusti kang kula ndelaken, mugi nuntun mring kula,
kula badhe ngestokaken ing sakarsa Paduka.
- 4** Kula mboten purun malih karya sekel Paduka,
badhe tansah tuhu setya, tresna ing salaminya.

KPKA47: Gusti Pangungsen Kula

- 1** Gusti mugi mirsani nggen kula kesrakatan
kula mlajeng mring pundi namung dhateng Pangeran
nyuwun tulung dhuh Allah mugi nglanting kawula
sing sagung karibedan dimen pulih lejara.
- 2** Tan wonten pangauban sestu namung Paduka,
etuking pitulungan tumrap tyang kang nalangsa,
yen kegunturan sedhih miwah nandhang sangsara,
sinten kang nglipur malih inggih namung Paduka.
- 3** Gusti dados pikekah miwah beteng kawula
karosannya tyang lungkrah pepadhangnya tyang wuta,
kula apes anglentrih Gusti maringi kiyat,
kula tyang kawlas asih tansah nyuwun sih rahmat.
- 4** Gusti tuking kadarman mugi mlasi mring kula,
uwala sing momotan wah kalis sing panggodha,
Gusti tuking kraharjan kang kwasa mbirat dosa,
mugi nucekken kula temah gesang sembada.
. .

KPKA48: Nyuwun Suci Saestu

- 1** Dhuh Pangluwar sejati myarsakna pasambat kula
Gusti mugi ngresiki manah kula sadaya.

Reff: **Gusti mugirah Paduka nucekken manah kawula
temah suci saestu wah sirna najis ing kalbu.
Suci sestu suci sestu
temah suci saestu wah sirna najis ing kalbu**

- 2** Dhuh Pangluwar sejati paringa kiyat mring kula,
setya ing lampah suci ngetut wingking Paduka,
Reff:

- 3** Dhuh Pangluwar sejati mugi nuntun gesang kula,
mbangun turut mring Gusti, tansah ngestokken Sabda.
Reff:

KPKA49: Bingah Wonten Sihing Allah

- 1** Sihing Allah kang Maha tresna sung gesang nyata mring kula yeku sih kang ngeram eramna mring kula tyang kebak dosa, mila kula tansah muji tan kendhat rinten lan ratri.
- 2** Yen Allah nganggep dosa kula wah lepat klentuning lampah kawula pejah ing antaka wit gesang mung awon tansah nging Gusti luber sih rahmat kula pepuji tan kendhat.
- 3** Mring salir tyang nggih sanak-mitra mesthi kawula tedahna margining karaharjan yekti yeku sih rahmating Gusti punika sokur kawula mring Gusti nggih Sang Pamarta.
.

KPKA50: Kula Keduwung

- 1** Saestu keduwung kula dene kirang setya
dhinawuhan kinen tresna dhateng Allah wah sami,
nging tan ana buk ti adhuh Gusti nyuwun suci.
- 2** Saestu keduwung kula de gesang mung nglaha,
kelu pangwasaning dosa mung nguja sengseming driya,
lampah tan prayogi, adhuh Gusti nyuwun suci.
- 3** Saestu keduwung kula de ndlarung ing dosa,
nadyan rinoban sih rahmat nging datan enggal mratobat,
mangkotaken ati, adhuh Gusti nyuwun suci.
- 4** Saestu keduwung kula nglirwakken kwajiban,
mrih tuwuhing pasamuwan miwah gesangng bebrayan,
tentreming dumadi, adhuh Gusti nyuwun suci.
- 5** Saestu keduwung kula lamun dugeng janji,
gesang kula tan sembada nilar citraning Sang Rama,
mesthi den bendoni, adhuh Gusti nyuwun suci.

KPKA51: Gusti Pananggal Kula

- 1** Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti
temahan den sucekna, wit rahe kang suci
Reff: **Sang Kristus Gusti, Panebus yekti,
nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur**
- 2** Dhuh Gusti Pamarta mung kwasa Paduka
ingkang saged ngluwari kula saking dosa.
Reff:
- 3** Nggén kula nyenyuwun kang dados landhesan
dede labet kawula namung sih Paduka.
Reff:

KPKA52: Nyuwun Suci

1 Kang najis ndlarung ing dosa tinampik mring swarga
Allah tan sudi mirsani sabarang kang nistha,

Reff: **nyuwun suci Adhuh Gusti, nyuwun suci, nyuwun suci**

2 Kang najis datan tinampi ngarsane Hyang Widi,
adhuh Gusti mugi karsa mbirat dosa kula

Reff:

3 Kang najis ndlarung ing dosa pinagas ing sihnya,
de kang yekti asung bekti tinunggil ing Gusti

Reff:

4 Kang najis badhe sangsara cinadhangan nraka,
kang mratobat badhe begja cinadhangan swarga

Reff:

KPKA53: Aneng Ngarsane Gusti

- 1** Aneng ngarsane Gusti binuka isining kalbu,
sanyata najis uripku aneng ngarsane Gusti..
- 2** Aneng ngarsane Gusti, katon cetha kluputanku,
mung kebak lamis uripku, aneng ngarsane Gusti.
- 3** Aneng ngarsane Gusti, kasaosken ringkikh semplah,
reribed lan nyawa lungkrah, aneng ngarsane Gusti.
- 4** Aneng ngarsane Gusti, rinaosken gunging sihe,
wah lubering katresnane, aneng ngarsane Gusti.

KPKA54: Nyuwun Aksama

- 1** Dhuh Gusti kang Mawilasa mugi paring aksama
kula getun de klepatan nglawan dhateng Pangeran
nglirwakken dhawuh Paduka manut hardaning dosa
temah tan ngraosken tentrem tebih sin gesang langgeng
- 2** Dhuh Gusti kang Mahatresna mugi ngruwat kawula,
temah kula dados suci tetunggilan lan Gusti,
manah kang peteng wit dosa enggal pulih lejara,
pangajeng-ajeng binuka ngener mring Allah Rama
- 3** Dhuh Gusti kang Mahakwsa mugi nuntun kawula,
ngambah ing margi utami mbangun turut mring Gusti,
nyingkur mring karseng pribadi wit kwasaning Roh Suci,
nglawan kapencuting donya mrih raharja slaminya.

KPKA55: Kristus Margining Pangluwaran

- 1 Pundi margi rehing pati tan misesa mring kula
kwasanira sarta wohnya damel gesang sangsara,
Reff: **marginira mung sajuga Kristus Gusti Ma suci,**
wit pracaya mring asmany kula gesang sanyata.
- 2 Pundi cara luwar kula sing rehira antaka,
manah semplah batos kwatos tansah ajrih ing galih,
Reff:
- 3 Pundi dalan pangluwaran sing jeriting kadonyan,
gesang nggrangsang lan brangasan nguja hawa duraka,
Reff:

KPKA56: Karahayone Wong Mursid

- 1** Rahayu wong kang mursid lampahnya
nyingkur pangangene wong duraka
lan ora ngambah dalane wong dosa
ora wor lungguh ing pajagongane,
nanging karem mring sabdaning Allah rina
wengi den gilut ing manah.
- 2** Kaanane wong iku kaya wit,
kang tinandur sapinggairing kali,
kang mesthi awoh ing titi mangsane,
lan godhonge tan nate alum gogrog,
ingambaha reribed ngrepoti,
tansah lestari kang den lampahi.
- 3** Tan mengkono mungguh wong duraka,
nanging lir mrambut kabur ing angin,
ora bisa lulus ing pangadilan,
lan ing pasamuwane para mursid,
wong mursid rineksa ing Pangeran,
wong ala tumibeng karusakan.

KPKA57: Kang Karoban Ing Begja

- 1** Para bangsa samya ngraman
nggrangsang mring Pangeran.
gung pakarti nira muspra
nggih nggadhang antaka.
- 2** Tyang nglawan mring kang Ma kwasa
mung manggih sangsara,
kadhawahan bebendunya
temah tumpes sira.
- 3** Sang Jebadaning Yehuwah
yeku Putreng Allah
kaparingan gung pangwasa
mengku samudaya.
- 4** Tyang ajrih asih mring Gusti
nggih sedya ngabekti,
wah ngayom ing sih rahmatnya
karoban Ing begja.

KPKA58: Rineksa Ing Allah Nadyan Sinatru Tyang Duraka

- 1** Dhuh Pangeran Allah tyang duraka kathah
nyatur mengsahi kula
memoyoki tansah ngarah kula pejah srana salir piala
nging Paduka Gusti pangayoman yekti
tuking kamulyan adi wit gunging sih rahmat myarsakken
pasambat pandonganuig pra umat.
- 2** Dhuh Pangeran Gusti kula datan wedi
mring tyang drengki wah srei
wit tyang kang duraka mesthi den kasorna
dening asta Paduka,
tyang pracaya yekti Paduka belani
wah rineksa sing pati
mila kula ayem gesang tansah tentrem,
de kabegjanku langgeng.

KPKA59: Nyuwun Luwar Sing Karupekan

- 1** Dhuh Allah kang Ma suci mugi Gusti melasi sampun ngukum kula merdi klayan bramantya nging enggal den entasna sing sisah sangsara.
- 2** Dhuh Allah Kang Makwasa ngrentahna sih wilasa, kula kadya pejah wit manah lesah semplah, nging yen luwar sing pati tansah nggunggung Gusti.
- 3** Dhuh Allah Kang Matresna nglubema kawlasanta, rinten dalah ratri luh tangis tansah mili, angantya pangluwaran sing gung karupekan.
- 4** Dhuh Allah Kang Maluhur puji panuwun katur, wit gunging sih rahmat myarsakna mring pasambat, ngluwari sing tyang nyatru, wah sung tentrem sestu.

KPKA60: Allah Pangen Kula

- 1** Allah yeku pangen kula kang gung sih tresnanya
Kula tansah rinimatan srana gung kadarmen.
- 2** Kula tansah den ayomi mila ayem yekti
tinuntun ing margi adi wit asmaning Gusti.
- 3** Kula tan ajrih bilai wit kinanthi Gusti,
wah slaminya pangreksanya temah kula begja.
- 4** Nadyan sinatru tyang kathah nging ayem ing manah,
Allah ngluberken sih rahmat berkahnya tan kendhat.
- 5** Kula rinoban kabegjan salamining gesang,
saha manggen lan memuji ing dalemeng Gusti.

KPKA61: Allah Yeku Pangen Satuhu

- 1** Allah yeku pangen satuhu pangrehnya nentremken kalbu
kula tansah rinimatan srana sagung ing kamirahan.

Reff: **Ing juranging pati tan wedi bilai
wit Gusti pribadi kang nganthing
nadyan mengsa kathah manah datan semplah
berkah tansah rumentah
mung kabegjan saha kadarman
ngiring salamining gesang
sarta kula badhe manggen tansah
ing daleme Sang Yehuwah.**

- 2** Ayem manah lan nyawa kula ingayom ing sihing Gusti,
sarta tinuntun astanya ing margining bebener yekti.

Reff:

KPKA62: Karahayoning Tyang Mursid

- 1** Rahayu wong wedi asih
mring Pangeran Yehuwah
ramenggawe sepi pamrih
kasengsem sabdeng Allah
wong bener wah ngabektti
slamanya den berkahi lan turune lestari.
- 2** Omahe wong kang pracaya
kanggonan kaluberan,
kautamane slamanya
tanggon ing karupekan,
yen pepeteng nglimputi
gya pepadhang nelahi wit tinunggil ing Gusti.
- 3** Wong loma sinung kabegjan
slamanya kinasihan,
wong jujur tulus ing lampah
sinebut-sebut tansah,
mring Wang drengki tan wedi
nging pracaya mring Gusti rineksa ing Hyang Widi.
- 4** Wong awatak welas asih
mring kang miskin wah ringkih,
kanggonan kamulyan yekti
nggih kamulyaning budi,
wong duraka mung meri ngangah-angah ing pati,
pituwase bilai.

KPKA63: Berkahing Allah

- 1** Tyang kang sumarah pracaya
kang leladi klayan, setya
misungsungken gesangipun
konjuk mring Hyang Maha agung.
- 2** Tyang mursid kang trusing ati
rina wengi nggunggung Gusti,
tansah angantya berkahnya
sarta tan kendhat ndedonga.
- 3** Pangeran Allah Makwasa
ngluberken berkah sing swarga,
muwuhi ing sih rahmatnya
ngiring ing kasetyanira.

KPKA64: Pasrah Mring Gusti

1 Sakehing was sumelangmu pasrahma mring Gusti
Wit saliring mitramu tan bisa mrantasi
Jer sa gunging manungsa nyanggi sume lange
kang pinasrahan tan ana tansah kuwur atine

Reff: **di enggal pasrahma ing astane Gusti
sagung kuwatirira wus mesthi den tulungi.**

2 Yehuwah iku pangenmu pamomong sejati
kang nentremken atimu setya ing pangrukти,
payo prayoga sowan marek Sang Pamarta,
kanthi giyak bebarengan tan mangu ing wardaya.
Reff:

KPKA65: Yesus Roti Panguripan

- 1** Yesus Roti panguripan tumurun saking swarga
paring rahayu santosa mring sagung tyang pracaya.
- 2** Yesus dados margi nyata kangge pra tyang kesrakat
wangslu margining raharja nuju sumber sih rahmat.
- 3** Yesus tuking toya gesang tyang ngorong bener yekti
temtu badhe tinuwukan angger purun nampeni.
- 4** Yesus Pangen kang utami ngurbanken sariranya
mrih umatnya gesang yekti tinebus sing antaka.
- 5** Yesus nggih cempening Allah Juru slamet sejati
awit dening wutahing rah kula sami basuki.
- 6** Yesus pangayoman nyata langgeng ing salaminya
jagad owah gingsir sirna Yesus tetep wah setya.

KPKA66: Masrahaken Gesang

- 1** Gusti kawula sowan atur sembah bekti,
masrahken jiwa badan, gesang kula sami;
mugi Paduka nuntun paring kakiyatan,
dimen kula lestantun dumugeng wekasan.
- 2** Kula sestu kepengin manut rehing Gusti
namung ringkihing batin kang tansah malangi
dhuh Gusti mugi pareng mulungaken asta
nggih nya kawula cepeng gondhelan kawula.
- 3** Kawula mung pracaya tan ngandelken dhiri
nggih mung karsa Paduka kang kula lampahi
kabegjan kang sejati yen lampah kawula
tetep manut ing margi pitedah Paduka.
Amin.

KPKA67: Aneng Patunggilaning Gusti

- 1** Aneng patunggilan ning Gusti wah malih nunggil baptisnya,
pasamuwan dados sawiji tunggil manah lan pracaya.
neng patunggilaning Roh suci ngajeng ajeng kasampurnan,
pasamuwan Paduka mugi saya kekah tetunggilan.

KPKA68: Iba Adi Tuwin Endahipun

- 1** Iba adi tuwin endahnya dinten ageng ingkang mulya
tiyang dosa wanuh Pamarta samya nampi gesang nyata
gesang ing astaning Panutan ingkang kebak kaayeman
Sagung dosa sampun ical mangka ngrasuk gesang enggal.
- 2** Iba adi tuwin endahnya pawartos ingkang kapyarsa
turut margi arum swaranya pangundharing kabar adya
kabar rahmat saking Pangeran rentahing berkah kraharjan
kula samya tiyang dosa rinentahan palimirma
- 3** Tyang dosa den sami mirengna yogya samya anilingna
napa sampun wanuh swaranya lamun dereng mangga samya
enggal umarek mring ngarsanya klayan eklas manah suka
mung dening Yesus nggen kita saged wangsl dhateng swarga.

KPKA69: Kasetyaning Allah

- 1** Kasetyaning Allah datan gingsir,
kang pinilih nggih ugi den timbali
tansah pinirsanan sadayane,
prajanji nya tamtu dipun tetepi
samukawis kang kinaryakaken, rinampungken.
- 2** Sabda lan kwasane Allah nyata
saben jaman winengku ing pangrehnya
astanya kukuh miwah santosa
ngasta pangadilan ing salamanya
landheping sabdanya nyirnakaken kadurakan.
- 3** Sang Roh Suci kang kagungan karsa
mbikak kekeraning gesang sanyata
pasamuwan tinuntun astanya
rineksa dugeng kasampuman nyata
nggih dados warganing kraton swarga salamanya.

KPKA 70: Lumadi Ing Gusti

- 1** Gusti gesang kawula lumados mring Paduka,
dadya pisungsung yekti mrih kamulyan ing Gusti.
- 2** Mobah mosiking driya wah rerantaman kula
ngarah luhuring lampah mababarken karseng Allah.
- 3** Kedaling ilat kula tindak lampahing gesang,
namung tansah nelakna gunging sihe Pangeran
- 4** Bandhalan kasagedan katur minangka kurban,
cihnaning bekti Gusti wah nresnani sesami.
- 5** Gesang sawetahira manut ing reh Paduka,
makarya klayan bingah kagem kratoning Allah.

KPKA71: Manggul Salib

- 1** Gusti Yesus, Sang Pamarta kula ndherek Paduka,
manggul salib ing slaminya klayan bingahing driya,
kula Paduka kiyatken temah tan nate semplah
sampun ngantos kemuriden datan cuwa ing manah.
- 2** Nadyan tinilar ing mitra sinengitan sudara,
kula manteb ing pracaya ndherek Gusti slaminya,
lamun Gusti ingkang ngantri kabegjan kang pinanggya,
lamun Gusti kang ngasihi sinung kraharjan nyata.
- 3** Karibedan lan sangsara krana ndherek Paduka
ngiyatken tekading manah ngudi Kratoning Allah,
kula tan lingsem tan wedi nekseni Injil suci,
wit gesang langgeng sayekti ndherek Sang Kristus Gusti.

KPKA72: Temen Ndherek Gusti

- 1** Salir wong pracaya ywa urip sembrana,
sih rahmating Gusti den pundhinan yekti,
na dyan lelahanan nging sanes murahan,
yeku kurban sejati Sang Kristus Gusti.
- 2** Kaslametanira bisa ilang sirna,
yen sira sembrana nglirwakken sabdanya,
ditumemen ngudi klayan geter wedi,
urip mursid yekti ndherek Kristus Gusti.
- 3** Wong pracaya samya den tansah waspada,
dosa tansah nggodha mesthi den kalahna,
temahan sih rahmat tumrah datan kendhat,
sira tentrem raharja ing Gustinira.

KPKA73: Mareka Mring Gusti

1 Mara wong dosa wong cilaka mareka mring Gusti Pamarta,
temah binirat dosanira krana gunging sihnya,

Reff: **saiba karaharjanira yen sira wus manjing pracaya,
sinung begja wah gesang nyata uwal sing antaka.**

2 Bocah uga nggih den kasih mula sowana ngarseng Gusti,
mrih dadya putra prasetyannya krana gunging sihnya,
Reff:

3 Aja semaya marek Gusti wit tan ngerti praptaning janji,
Gusti ngantya mring tobatira krana gunging sihnya,
Reff:

KPKA74: Pracaya Mring Gusti

- 1** He wong kang kabotan dosa Gusti ungsenana
agung sih pangapuntenny mring wong kang pracaya

Reff: **pracayaa, pracayaa mung pracayaa**
Gusti kwasa Gusti kwasa ngluwari sira.

- 2** Gusti wus nglampahi seda ngrembat dosa kita,
rahe nucekken ing kalbu dyan suci saestu,
Reff:

- 3** Gusti kang dadi marganya mrih tumekeng swarga,
saben wong kang angugemi tansah dipun kanthi,
Reff:

KPKA75: Gusti Nimbali

1 He wong kang mandheg mangu Gusti nimbali,
tilingna ta sabdanya, Gusti nimbali,
padha mbangun turuta tumemen ing pracaya,
gya rungokna sabdanya, Gusti nimbali

Reff: **Gusti dhawuh mring sira padha enggal mareka,
mara estokna sami Gusti nimbali**

2 He sira kang kesrakat, Gusti nimbali,
karsa paring sih-rahmat, Gusti nimbali,
sihnya tetep tan kendhat, dosanira rinuwat,
mara andherek Gusti, Gusti nimbali.

Reff:

3 Lamun atimu lesah, Gusti nimbali,
mareka temah bingah, Gusti nimbali,
sabdanya paring gesang, nuntun mring margi padhang,
myang rahayuning budi, Gusti nimbali.

Reff:

4 Wong pracaya den bingah, Gusti nimbali,
wit Gusti nunggil tansah, Gusti nimbali,
yen ketaman panggodha, dalah nandhang sangsara,
mara tetep ngabekti, Gusti nimbali.

Reff:

KPKA76: Umareka, Umareka

1 Taksih menga kori dhateng swarga, korining nugraha,
mila mangga nulya den ambaha sampun ta semaya,
saiba ta duwungira lamun kineban kori swarga.

Reff: **Umareka umareka.**

2 Sestu begja kawula sadaya nadyan tiyang dosa,
sampun dangu sami dipun antya dening Rama swarga,
pramila sami dipun kebat lumebet koringing sih rahmat.

Reff:

3 Adhuh Gusti sestu sih Paduka ngeramken tyas kula,
nadyan kula tiyang ingkang nistha pinaringan swarga,
mung wit sihing Allah Sang Rama kori swarga taksih binuka.

Reff:

KPKA77: Ing Paprentahaning Allah

1 Ing paprentahaning Allah sadaya nengsemken,
Para titah samya rukun nilar pasulayan
sami dene angaosi migatosken liyan,
supeket ing pasrawungan bekti mring Pangeran

Reff: **Sumangga gumregut makarya, kagem Gusti dados srana
mrih tentrem rahayu kang sejati binabar aneng bumi.**

2 Makaten kaanan donya yen kebekan sihnya,
tan ana sedya miala lan panggawe cidra,
wit karoban kawruh yekti tepang Hyang Masuci
kadya dhasaring samodra sinasaban toya,
Reff:

3 Kadya singa lan menjangan sami gegojegan,
mantun denya memengsahan mlegung sesarengan,
sami memitran saestu tresnanya satuhu,
wit pangrehing Hyang Makwasa lumintu makarya.
Reff:

KPKA78: Tinimbalan Dening Gusti

- 1** Dhuh Allah Ma kwasa, Gusti nimbali kula,
dados rowang mitra, wah utusan Paduka,
ngundhangken sih rahmat mring sagunging umat,
mrih kratoning Allah sadonya sumrambah.
- 2** Mugi Sang Roh Suci nggih tansah mitulungi,
mrih kula sembada leladi kanthi setya,
lan tekading manah datan nate semplah,
telatos, taberi wah ing pamrih sepi.

KPKA79: Pracaya Lan Pasraha

- 1** Pracaya lan pasraha mring Allah Ma kwasa,
Gunging prihatinira ginantosan begja,
yekti pilihing margi Pangeran mberkahi,
lan sira kaeraman wit gunging kадарман.
- 2** Lamun sira nggresula yekti tanpa guna,
ati kabidhung susah pepeteng sumrambah,
ngetunga gunging berkah sarta mukijjadnya,
dalaha prakara lumrah dadya marginira.
- 3** Sapa bisa njajagi mring karsaning Gusti,
sira tan darbe kwasa nata umurira,
mung tansah mbudidaya sinartan ndedonga,
sumendhe mring Pangeran wah ngambah pepadhang.
- 4** Lamun nyingga momotan ingancam bebaya,
ngungsia mring Pangeran ywa semplah ing driya,
sira rineksa Gusti mrih datan bilai,
tan sande linuwaran wah sinung kraharjan.
- 5** Yen praharaning gesang silih nempuh tansah,
klayan takat linawan wah nenga mring Allah,
Gusti nunggil tan kendhat lan ngganjar sih rahmat,
temah manteb pracaya ing slami-laminya.

KPKA80: Kapyarsi Gusti Nimbali

- 1** Kapyarsi Gusti nimbali: "He wong kamomotan,
mareka lan mbukak ati nampi pangluwaran",
kula ngayom maring Gusti temah ayem yekti,
wit sinung kraharjan nyata uwal sing antaka.
- 2** Kapyarsi Gusti nimbali: "Wong ngelak, mareka,
nampanana banyu swarga temah urip nyata,"
kula ngungsi maring Gusti sinungan Roh Suci,
tinuntun mrih mursid yekti tresna mring sesami.
- 3** Kapyarsi Gusti nimbali: "Wong dosa, mareka,
nampanana kurban suci rah srira sampuma,"
kula pasrah Sang Pamarta sinung sih rahmatnya,
wah ingangkat putreng Allah kang nglantarken berkah.

KPKA81: Ndherek Gusti

1 Kula mesti ndherek Gusti kang jumeneng Panutan
tetep setya dugeng janji tan wigih karibedan,

Reff: **dhuh nyawaku ja kwatir Gusti tan ewah gingsir
tut wuria salaminya ing satindake Gusti.**

2 Kula mesti ndherek Gusti martosken Injil suci,
datan ajrih ing sangsara wit Gusti ngantri kula,
Reff:

3 Kula mesti ndherek Gusti mbabarken sih piwlasnya,
mring sagung titah ing bumi dimen samya raharja,
Reff:

4 Kula mesti ndherek Gusti ngestokken dhawuh adi,
lamun wonten kang nyatroni nedya kula tresnani,
Reff:

KPKA82: Tekading Manah Kula

1 Tekading manah kawula tansah ndherek mring Gusti
yeku Panutan sanyata nggih Panebus sejati

Reff: **margining salib ingambah mbangun turut mring Allah
mbabarken tresna sejati mrih jagad tentrem basuki.**

2 Kula mesthi ndherek Gusti ngantos slami-laminya
nggih martosken Injil suci margining tyang waluya
Reff:

3 Nulad Sang Pamarta Gusti sagah ngurbanken dhiri
tan remen ing kekerasan nging lubering katresnan
Reff:

4 Sanadyan rumpil marginya nging Gusti tansah ngantri
nadyan ribed lan sangsara datan semplah ing ati
Reff:

KPKA83: Pasrah Dhateng Gusti

1 Dhuh Gusti kawula tresna dhumateng Paduka,
ku la masrahken manah, badan kaliyan nyawa,
Paduka kang agung sih, ingkang sampun menang,
saestu kula tresna dhumateng Paduka

Reff: **kula pasrah badan nyawa**
Gusti ingkang angasta pejah gesang,
kula pasrah badan nyawa
Gusti ingkang angasta pejah gesang.

2 Gusti ngrumiyini tresna mring kula tyang dosa,
tan nggalih gung sangsara pinenthang ngruwat dosa,
pramila kula ugi tresna dhateng Gusti,
wah tresna mring sesami kanthi trusing ati
Reff:

KPKA84: Nyuwun Tuntunanipun Gusti

- 1** Nggén kawula makarya inggih kasar alus
mung Paduka Gusti kang mugi amaringi
pitedah, pamrayogi sarana Roh ingkang suci.
- 2** Kawula nggih nglenggana pandamel kula nglaha
estu tanpa gun lamun tan binerkahan
dening Allah Pangeran sadaya mung damel cuwa.
- 3** Dhuh Hyang Kang Maha Adil mugi Paduka nunggil
ing kula slaminya dyan ing salir pakaryan
tanduk lan kalakuwan kula manut reh Paduka.

KPKA85: Kabegjan Sejati

1 Kabegjan yekti gesang pangaji
ngabdi mring Sang Kristus Gusti
Dadya lantaran mrih karukunan
katentreman kelampahan

Reff: **mung Sang Kristus yeku Gusti
Panebus kula sing pati
gesang kawula kagem asmany
nggih martosken sihrahmatnya.**

2 Kraharjan nyata gesang neng donya
lelados mring Sang Pamarta
tansah mbelani sagung sesami
mrih samya manggih basuki,
Reff:

KPKA86: Andherek Gusti

- 1** Kula badhe mboten nilar dhateng Gusti Pamarta
dhateng pundi Gusti tindak kula ndherek Paduka
Reff: **ula tut wingking Paduka salami kula gesang
awit yen tanpa Paduka kula tan saged gesang.**
- 2** Sanadyan gung karubedan kula mboten sumelang
Paduka sung kekiyatan pramila kula gesang,
Reff:
- 3** Kula tansah ndherek Gusti nadyan nyanggi momotan
klayan manggul salib kula ngantos dugeng wekasan,
Reff:

KPKA87: Sumendhe Ing Gusti

- 1** Kula sumendhe ing Gusti peparang kang santosa
prayogi kula ungseni nyuwun tansah rineksa
nadyan tinilar ing mitra kula mboten perduLi
sumanggem mundhi dhawuhnya klayan tulus ing ati

Reff: **kula tansah pitados Gusti tan nilar kula
mila kula tan kuwatos gesang manut sabdanya.**

- 2** Kula sumendhe ing Gusti sarwi sengkut makarya
cumadhang tansah leladi ing sakatoging driya,
gegayuhan lan pangudi tan kendhat ing pandonga
Gusti ingkang nyembadani temah kula samekta,
Reff:

KPKA88: Sakehing Sumelangmu Pasrahna Marang Aku

- 1** Iba rah jeng tyang kang sami sumendhe mring Gusti
jroning susah wah kesrakat Gusti paring kiyat.

Reff: **Sumangga sumendhe Gusti**
Sumangga sumendhe Gusti
Sumangga sumendhe Gusti
mesthi Gusti karya ayemira.

- 2** Adhuh Gusti kula sowan ing ngarsa Paduka
masrahken gesang kawula neng asta Paduka,
Reff:

- 3** Adhuh Gusti lamun kula pasrah mring Paduka
kula mesthi datan wedi sangsara wah pati,
Reff:

KPKA89: Pasrah

- 1 Gusti kawula ngaturken badan nyawa kawula
mugi Paduka slametken kawula kagungan ta
Reff: **bingah susaha kula marem nunggil Paduka**
dhuh Gusti murbeng tresna kula pasrah Paduka.
- 2 Datan wonten andel-andel namung Paduka Gusti
mila kawula kumandel pasrah kang trusing ati
Reff:
- 3 Raja brana, kasugihan wah malih kasagedan
dhuh Gusti, katur Paduka kagema ing Pangeran
Reff:

KPKA90: Pasraha

1 Bungaha susaha Gusti dak puji,
kang mranata gesang kula,
kula rinimat kalayan katresnan, mila kula

Reff: **pasrah pangrehnya, pasraha pasraha
ing sapangrening Hyang Makwasa.**

2 Sapinten awrating momotan kula,
rencana godha myang susah,
yen kula enggal mulad Sang Pamarta,
manah kula entheng lan bingah,

Reff:

3 Sanadyan kula kasinungan drajat,
kaluhuran miwah pangkat,
namung kula tan prayogi gumunggung,
nging tumungkul mring Hyang Maagung,

Reff:

KPKA91: Praboting Perang Rohani

1 He prajurite Gusti kang samya dinuta
kesah mring pundi pundi nyabar kabar adya,
nggih kabaring sih rahmat peparing sing swarga
kang sinungken pra umat mrih sami pracaya

Reff: **Payo maju ja giris atimu**
marga Gusti ngantri sapurugmu
payo maju undhangna samangkya,
murih kang peteng gesangnya wanuh Pamarta.

2 Sajroning prang ja lali sabukan kang kukuh
nganggo rohing kayekten dyan sira apuguh
kabingahan sanyata nggih Injiling Gusti
den undhangna warata salumahing bumi.
Reff:

3 Yen katempuh rubeda de kridhaning mengsa
candhaken tamengira pracaya lan pasrah
wit Gusti wus prasetya ngantri sapurugmu
yeku kang bakal nuntun kedaling ilatmu.
Reff:

KPKA92: Pamujinipun Para Utusan

- 1** He nyawaku sira sumyaka nggungung ing sihing Pangeran kang sampun ngirid lampahira tansah paring pitulungan mring para utusan setya kang ngundhangken wartos adya Haleluya, Haleluya.
- 2** Sinten kang nampi timbalannya ngemban ayahan kaswargan tartamtu badhe angraosna pratandha myang kaeraman nadyan margine rekasa nging tan kendhat tansah muja Haleluya, Haleluya.
- 3** He nyawaku sira sumyaka anggunggung/nggunggung Yehuwah slawasing uripku dak puja kalawan ati kang bungah de agung sihe mring kula ing ratri dalasan rina Haleluya, Haleluya.

KPKA93: Pangatag Ngabarake Injil

- 1** Sumangga pra kanca misungsungken gesang
nggih dadya pramitra rencanging Pangeran
martosken Injilnya pangluwaran sing dosa
mring saliring bangsa mrih samya wilujenga
- 2** Tyang miskin kersrakat rinoban sih rahmat
tyang kang kinunjara linuwaran sigra
katentreman yehti binabarna ing bumi
sagung tyang manembah wah mituhu mring Allah.
- 3** Injil kabar suci yeku sihing Gusti
den undhangna tansah sajagad sumrambah
tyang mblasar ing lampah wah kang wangkot ing manah
tinuntun mratobat nampenana sih rahmat

KPKA94: Nyuwun Gumelaripun Kratoning Swarga

- 1** Dhuh Gusti nggih binabarna Kratoning Allah ing jagad
pra umat samya raharja krana rinoban sihrahmat
- 2** Bebener wah kaadilan kajujuran lan katresnan
binabar nyata ing donya wit pangreh kwasaning Allah.
- 3** Kang aneng Kratoning Allah mung tentrem rahayu tansah
tan ana kang cecongkrahan samya nandukken katresnan
- 4** Dhuh Sang Kristus yeku Gusti den enggal rawuh ngadili
mrih samukawis sampurna pra umat gesang neng swarga
(Panutup) : Amin

KPKA95: Kratoning Swarga

- 1** Kraton swarga saestunya ndhatengi saya wewah,
bebener lan kaadilan aneng jagad sumrambah
katentreman sayekti binabar aneng bumi.
- 2** Pra tyang pracaya ywa semplah klayan tulus tumandang
mbabarken Kratoning Allah nadyan kathah kang nglawan
Gustimu tansah njangkung sarta paring pitulung
- 3** Mbabarken Kratoning Allah dhasarnya mung katresnan
tan ngandelken bala kathah nging sumarah Pangeran
sagung tyang kang pracaya yogya sengkut makarya

KPKA96: Lamun Dudu Yehuwah

- 1** Yen dudu Yehuwah kang ayasa wisma,
tanpa guna, tanpa gawe karyane tukange
lah mangkya kita andulu yeyesane
o, iba mulyanya pasamuwane Yesus Gusti
para abdi setya lan bingah ing driya
nambut pakaryan adi saking Gusti
- 2** Iba begjanipun tyang ingkang ngalami
wanuh swargi, wanuh Gusti nggih Juru Wilujeng
karana sami ginadhang gesang langgeng
luhurna, luhurna agung sihe Rama ing swarga
pra kang swau sami tambuh gesang yekti
sami winenganan korining swargi.
- 3** Pra kang wus ngalami sih tresnane Gusti
datan kendel nambut kardi angundhangken warti
tinggi kabaring sih rahmat saking swargi
undhangna, wartakna, warata salumahing bumi
dyan sagung pra umat wanuh mring sih rahmat
nggih Injiling asmanya: Yesus Kristus.

KPKA97: Tansah Samekta

- 1** Sumangga makarya pra prajuriting Gusti
martosken kabar kang adya nggih sih rahmat sing swargi
mrih tyang kang peteng ing driya,
samya manggih pepadhang yekti.
Sumangga makarya.
- 2** Sumangga makarya sampaun ta ngantos telat,
mbabarken sih tresna nyata mrih tyang dosa mratobat
ywa giris nglawan bebaya wit Gusti ngantri salaminya,
sumangga makarya.
- 3** Sumangga makarya klayan manteb lan setya,
manggul salib ndherek Gusti mbelani tyang prih ati,
kang tinindhes wah siniya linuwaran temah raharja,
sumangga makarya.

KPKA98: Panenipun Jembar

1 Lah, saestu panenipun jembar
nging kang derep mung tiyang sekedhik
o, kanca mangga sami tumandang,
mumpung taksih pinaringan urip.

Reff: **gya tumandanga anderepi
kangelane dadi kabungahane
gya tumandanga anderepi
panen jembar kang derep sethithik.**

2 Dhuh Pangeran kang kagungan panen
mugi Paduka karsaa merdi
kathah tiyang kang sami telaten
gya tumandang sregep angenen.
Reff:

KPKA99: Panyuwun Gumelaring Kraton

1 Dhuh Gusti Pamarta margi sih Paduka,
tiyang dosa kaluwaran saking paukuman,

Reff: **Iba adinira utusan Paduka,
kang ngundhangken wartos bingah sih rahmating Allah.**

2 Dhuh Gusti Pamarta margi Roh Paduka,
kathaha tyang kang nampeni pawartos basuki
Reff:

3 Dhuh Gusti Pamarta wit pangreh Paduka,
tyang kang pitados mring Gusti sageda nyawiji
Reff:

KPKA100: Diprayitna

1 He tyang pracaya den sami samekta
nglawan Panggodha iblis julig nyata
ywa kendhat ndedonga mirengken sabda
tansah nunggil lan sagung tyang pracaya

Reff: **diprayitna ywa nganti lena Gusti
ngreksa ing slami-laminya.**

2 Ywa ajrih wedi wah aja sumelang
nadyan mungsuhamu tan kenging winilang
dipanggah, ditatag manteb pracaya
disetya tansah mrih unggul prangira,

Reff:

KPKA101: Perang Rohani

1 Pra abdining Gusti dipun prayitna
ing perang rohani ywa kongsi lena
ngrasuka kayekten wah kaadilan
nadyan tanggelannya mung kasangsaran

Reff: **Yekti iblis culika lan julig maeka
ditegen ndendonga Gusti kang ngreksa.**

2 Pra putraning Allah padha den panggah,
setya dados seksi Injiling Allah,
nyanggemi dhawuhnya kang trus ing ati,
manteb ing pracaya dumugeng janji.
Reff:

3 Pra wong kang pracaya ditunggal sedya,
nyirik pasulayan mbangun katresnan,
sangkul-sinangkula bot repotira,
mrih rohing piala sirep dayanya.
Reff:

KPKA102: Allah Asih Mring Jagad

- 1** De Allah wus asih mring jagad sarta anggennya angasihi iku kongsi masrahave ingkang putra ontang-anting supaya sakehing jalma kang pracaya lan ngugemi ywa kongsi nemu karusakan nging duwea urip nyata.

KPKA103: Dhamparing Sih Rahmat

1 Wonten satunggal panggenan nggih margining kasampurnan
ngriku gesang tansah padhang wit dayaning pati ilang

Reff: **yeku dhamparing sih rahmat Sang Kristus murbeng rat
tyang kang ngayom wit pracaya raharja slaminya.**

2 Tyang dosa gung kang mratobat, tan ingukum nging rinuwat,
kadadosken putreng Allah, margi suci kang den ambah,

Reff:

3 Prentahnya entheng sekeca, nuntun mring gesang sanyata,
tresna mengsa wah sesami, tinulungan Sang Roh Suci,

Reff:

KPKA104: Kraharjaning Tumitah

- 1** Saiba dennyu mbingahken yen ing sajagad wrata
kaadilan kang sanyata sayekti binabarna
Reff: **srana sih katresnan tulus, lah jagad dados Pirdus
sagung tumitah raharja rinoban sih rahmatnya.**
- 2** Saiba denya nengsemken yen manungsa sabumi,
marsudi tentrem rahajeng numrahken sihing Gusti,
Reff:
- 3** Saiba dhahat endahnya pra titah tetunggilan,
datan wonten cecongkrahan rumaket trusing driya,
Reff:
- 4** Mila kula datan wigih gya gumregut makarya,
tumandang sepi ing pamrih mrih rahayuning jalma,
Reff:

KPKA105: Gesang Tresna-Tinresnan

1 Ing satengahing bebrayan
agung mung Pangeran pantes ginunggung
rahmatnya binabarken sanyata
tumrah mring pratitah sadaya

Reff: **tumemen ndedonga lan makarya
mrih kebabaring tentrem raharja
nggih gesang memitran wah pasedherekan
wit tyang sadaya tresna tinresnan.**

2 Nadyan beda basa seje bangsa,
wah beda adat budayanya,
nging saestu punika sesami,
kang kinasihan dening Gusti,
Reff:

3 Sadaya datan pantes gumunggung,
ngongasken dhiri kumalungkung,
mung gesang kanthi lembah ing manah,
ngrumaosi jejering titah,
Reff:

KPKA106: Kula Nedyo Kadya Gusti

- 1** Kula nedya kadya Gusti gesang suci,
gesang suci
kula nedya kadya Gusti gesang suci,
gesang suci, gesang suci,
kula nedya kadya Gusti gesang suci,
- 2** Kula nedya ajrih asih dhateng Gusti,
dhateng Gusti,
kula nedya ajrih asih dhateng Gusti,
dhateng Gusti, dhateng Gusti,
kula nedya ajrih asih dhateng Gusti.
- 3** Kula nedya olah tresna mring pepadha,
mring pepadha,
kula nedya olah tresna mring pepadha,
mring pepadha, mring pepadha,
kula nedya olah tresna mring pepadha.
- 4** Kula nedya andum berkah mring tyang kathah,
mring tyang kathah,
kula nedya andum berkah mring tyang kathah,
mring tyang kathah, mring tyang kathah,
kula nedya andum berkah mring tyang kathah.
- 5** Kula pingin mbabar shalom aneng donya,
aneng donya,
kula pingin mbabar shalom aneng donya,
aneng donya, aneng donya,
kula pingin mbabar shalom aneng donya.
- 6** Kula pingin kasampurnan ing Pangeran,
ing Pangeran,
kula pingin kasampurnan ing Pangeran,
ing Pangeran, ing Pangeran,
kula pingin kasampurnan ing Pangeran

KPKA107: Gusti Mugi Tansah Nuntun

- 1** Gusti pangayoman nyata nuntun lampah kawula panggodha tansah nempuhu kula unggul sing dosa wit kinanthi dening Gusti siyang dalasan ratri ku la sinung basuki.
- 2** Gusti Pangen kang sejati ngrimati kula tansah mila ayem tentrem yekti wit peparingnya tumrah astanira nglanting kula nadyan rumpil marginya kula sinungan begja.
- 3** Gusti pepadhang sanyata tansah nglipur kawula awrata panandhang kula datan semplah ing driya berkahira ngrekssa kula ngantos ing salaminya kula sinung raharja.

KPKA108: Gusti Mugi Nunggil Mring Kula

- 1** Dhuh Gusti mugi nunggil mring kula
Yen ta kesaput peteng ing ratri
nggih namung Gusti kang mitulungi
sumangga Gusti nunggil mring kula.
- 2** Gesang kula wah aruming nama
kadya samodra surut lan sirna
ewah gingsir sabarang neng donya
nging Paduka tansah nunggil kula.
- 3** Gusti yeku peparang gendholan
pikekah jroning gung karibedan
tetameng kula ingkang santosa
nggih Gusti mugi nunggil mring kula.

KPKA109: Katemtuuaning Pracaya

- 1 Karsa Paduka priyangga mugi tansah kelampahan
pra kang sabar myang pracaya temtu tampi pitulungan
Reff: **paukuman kula trimah lir penget lan pitedah
ingkang tangguh ing pangantya tan koncatan sih Paduka.**
- 2 Gusti tuking pitulungan panglipur lan pangayoman
sagung pitedah Paduka tan badhe kawula lawan
sihing Gusti lir samodra luber ngerobi kula
wah nyata sabda Paduka isi sih sarta kadarmen.
- 3 Kawula nyuwun dhuh Gusti lamun manggih kasusahan
panggodha miwah panyobi kawula sageada tahan
tan kuwatos wah sumelang sih Paduka cumadhang
temah unggul kula yektos karana saking pitados.

KPKA110: Namung Karsa Paduka

- 1** Dhuh Rama lamun kawula darbe atur panyuwun,
mugi kula nggih sageda nrimah saparingipun,
lir pandonganipun Gusti ywa pikajeng kawula,
mung karseng Rama pribadya kang tansah binabarna.
- 2** Sagung pepariring Allah saestu munpangati
mugi kula saged nrimah ing sapangrening Gusti
saha pitados sayekti mring panuntun Paduka
mung karseng Rama pribadya kang tansah binabarna
- 3** Mung katresnaning Pangeran dados tuking panglipur
sagung susah karibedan Paduka kwasa nglebur
lir pandonganipun Gusti ywa pikajeng kawula
mung karseng Rama pribadya kang tansah binabarna

KPKA111: Gusti Nuntuna Kawula

- 1** Gusti mugi sampun ngantos nilar kawula
kawula tansah ngraosna berkah Paduka,

Reff: **Gusti mugi nuntun kawula
kawula tansah ngraosna berkah Paduka.**

- 2** Gusti mugi myarsakaken pasambat kula
sinten malih ingkang dadya pangungsen nyata,
Reff:

- 3** Nggen kula darbe panyuwun mung sih Paduka
ingkang kula damel uger miwah landhesan,
Reff:

- 4** Gusti mugi amirsani tyas kula trenyuh
mugi Paduka jampeni sageda teguh,
Reff:

- 5** Gusti tuking sagung lipur mugi nglipura
manah kula kang kawratan dening cintaka,
Reff:

- 6** Aneng donya wah neng swarga kula tan darby
andel-andel lan pikekah namung Paduka,
Reff:

KPKA112: Mugi Mberkahi Kula

- 1** Adhuh Gusti kula sestu ngorong berkah Paduka
yeku kang ngayemken kalbu mugi mberkahi kula
nggih kula, nggih kula mugi mberkahi kula
- 2** Mugi sampun anglangkungi dhateng kula dhuh Rama
mrih kula luwar sing pati mugi mlasi mring kula
nggih kula, nggih kula mugi mlasi mring kula.
- 3** Sampun anglangkungi kula dhuh Pamarta kang setya
mrih kula unggul sing dosa mugi nimbali kula
nggih kula, nggih kula, mugi nimbali kula.
- 4** Dhuh Roh Suci, mugi sampun anglangkungi mring kula
mrih gesang anyar lestantun mugi madhangi kula
nggih kula, nggih kula, mugi madhangi kula.
- 5** Dhuh Pangen, sampun alangkung ngengetana mring kula
mrih kula tansah raharja mugi mberkahi kula
nggih, kula, nggih kula, mugi mberkahi kula.

KPKA113: Pandonga Enjing

- 1** Gusti dinten mangkya mugi andalemi
ing batos kawula miwah paring Roh Suci
mugi paring padhang anyunari margi kawula
wah kula kawulang nanggulangi panggodha.
- 2** Gusti dinten mangkya mugi andalemi
ing batos kawula miwah paring Roh Suci
kula tinuntuna napak tilas tindak Paduka
dyan kula tan nguja karseng manah priyangga.
- 3** Gusti dinten mangkya mugi andalemi
ing batos kawula miwah paring Roh Suci
Gusti mugi dhawuh napa ingkang kula lampahi
kula mituruta ndherek prentahing Gusti.

KPKA114: Aja Semaya

1 Nikmating donya nggodha ati
mikat kita dimen nebih Gusti
lan kabeh iku tan nguripi
nging nggendeng kita mring telenging pati

Reff: **Ja semaya, umareka,
umareka ya saiki uga,
lah Gusti wus ngantya mring sira
pangayomanmu kang tuhu setya**

2 Mara mbuwanga sengsemira,
kang isi panyidra myang pamblasar,
ninggala dosa lan duraka,
ngungsi mring Gusti sira mesthi luwar,
Reff:

3 Marek mring Gusti ja suwala,
nganggo sinemayan sesuk emben,
praptaning pati tan kenyana,
mula gya marek ja nganti kalungsen,
Reff:

KPKA115: Nyuwun Ayeming Manah

- 1** Lamun kula kesayahan, kamomotan ing ati
Kula marek dhuu Pamarta nyuwun ayem mring Gusti.

Reff: **Kula marek dhuu Pamarta nyuwun ayem ing dri ya
Nyuwun ayem dhuu Pamarta Gusti kang nebus kula.**

- 2** Gusti sareh galihipun mugi mulang mring kula
kula manut pangrehipun ingkang entheng sakeca
Reff:

- 3** Mugi ngirid lampah kula dhuu Pamarta kang setya
manggiha tentrem raharja tinuntuna mring swarga.
Reff:

KPKA116: Pasrah Sumarah Mring Gusti

- 1** Pasrah sumarah mring Gusti Pangayoman kang sejati uripmu tansah rinimat wit Gusti gungging sih rahmat waspadakna makluk wrata karoban ing sih lan piwlasnya wah saliring butuhira pinaringan ing sacukupnya.
- 2** Pasrah sumarah mring Gusti mrih ayem tentrem ing ati, bungah susah sugih mlarat memuji Gusti tan kendhat, udinen kratoning swarga wah sagunging kasampurnannya, temahan sira nyipati pangantih panunggiling Gusti.
- 3** Pasrah sumarah mring Gusti Parang Pangusen sayekti, lamun tinempuh prahara Gusti nyantosakken sira, waspadakna mukjijadnya ing prakara gung wah prasaja, kang wedi asih lan setya winuwuhan berkah sing swarga.

KPKA117: Gusti Pangen Utami

- 1** Paduka Pangen utami ingkang kawula tresnani
kawula purun sangsara angger krana Yesus Gusti

Reff:

**kawula kepengin manggen wonten ngarsaning Pangeran
esame eng ngriku kawula ingayoman ing rahmatnya.**

- 2** Tan wonten malih panggenan sumbering kawilujengan
esame salib ing Golgota ngriku wijiling apura,

Reff:

- 3** Manah kula lamun mandeng dhateng salibing Pamarta
lajeng karaos wilujeng sanadyan nyanggi sangsara,

Reff:

KPKA118: Ingsun Yehuwah Allahira

- 1** Lah ingsun Yehuwah Allahira
kang nyepengi tangan-tanganira
sestu Allah dados karosan kula
mila kula tresna mring Paduka.
- 2** Lah Ingsun Yehuwah Allahira
kang nyembadani panyuwunira
mangka dhawuhingsun: “lah kumandela,
Ingsun datan negakake sira”
- 3** Lah Ingsun Yehuwah Allahira
kang datan males durakanira
mula dhawuhingsun: “lah umareka,
Ingsun kagungan sih palimirma
- 4** He, pra kesayahan, kamomotan
padha mareka neng ngarsaningsun
Ingsun bakal paring tentrem lan ayem
ing nyawanira tek’eng ndelahan

KPKA119: Angger Kula Sumerep

- 1** Yen kula sumerep margi cawisane Gusti,
nadyan susah kados pundi kula nyelak Gusti,
Reff: **marek Gusti, marek Gusti marek Paduka Gusti
angger kula nggih binekta nyelak dhateng Gusti.**
- 2** Angger kula sum'rep Gusti seda krana kula
mrih kula luwar sing pati Gusti tombok slira,
Reff:
- 3** Angger kula sum'rep Gusti sangsara ing salib
ambekta kula sadaya mring kamulyan baka,
Reff:

KPKA120: Kumandel Mring Allah

- 1** Dhuh Gusti mugi ngirid lampah kula
ndherekaken Paduka salamanya
kawula datan saged milih margi
mugi sapurug kula Gusti nganthy.
- 2** Paduka ngayomana ing tyas kula
supados arerema satitahnya
kula tansah sumendhe ing karsanta
wit Paduka Panebus Gusti kula.
- 3** Ngambaha margi rumpil lan sangsara
mesthi Paduka tuntun dhateng swarga
dhuh Gusti mugi ngirid lampah kula
ndherekaken Paduka salaminya.

KPKA121: Kinanthi Ing Gusti

1 Gusti Yesus Pangen kula, sestu gung sih Paduka
Ing sapurug-purug kula nggih tansah kinanthia

Reff: **Kinanthi Ing Gusti kinanthi ing Gusti
ing satitah kula nrimah angger kinanthi Gusti.**

2 Bandha wah salir kadonyan mung sarananing gesang
kula ngegungken ngandelna Gusti wah panganthinya
Reff:

3 Krana panganthining Gusti kula mursid sayekti
ajrih-asih maring Allah tresna esame tansah
Reff:

KPKA122: Dipanggah

- 1** Nitenana sihing Gusti kang mbanyu mili
ywa manut bujuking iblis wohe mung pati
Reff: **dipanggah kanthi sumarah mring Gusti tansah
kasorna dosa wit mursid tegen ndedonga.**
- 2** Nadyan den iming-imungi bandha sadonya
milaur setya mring Gusti sinungan begja
Reff:
- 3** Iblis naweni kasekten pinunjul sekti
nging ing rehing Sang Roh Suci kalis sing pati
Reff:
- 4** Iblis nggendeng nilar Allah wit tanpa guna
milaur manteb pracaya gesang raha raja
Reff:

KPKA123: Gusti Pangungsenmu

- 1** Yen sira sangsara sarta sedhiih
manteba pracaya Allah tan tebih
aja wedi Gustimu nganthy rehing kadursilan
mesthi kasoran
pepeteng dosa ilang sirna
mung gung karaharjan kang sinandhang.
- 2** Yen nyangga momotan wah panandhang
aja sira semplah alit ing manah
iblis julig memilut driya
milih margi entheng nging dugeng nraka
pasrah Pangeran nyuwun kiyat
sira linuwaran wit sih rahmat.

KPKA124: Samekta

- 1** Pitulung kita kang rosa samekta,
lir mitra kang tuhu setya samekta,
lamun kesasar neng margi Gusti nglari lan nimbaIi
rumiyin myang samangke tetepsamekta,
samekta, samekta,
rumiyin myang samangke tetep samekta.

- 2** Tansah mirsa bot repotmu: Gustimu
karsa nanggel k'rubedanmu: Gustimu
lamun pasrah ing Pyambake, kita mireng ing sabdane:
"Lah ta mareka marang Ingsun: Gustimu,
Gustimu, Gustimu.
Lah ta mareka marang Ingsun: Gustimu."

KPKA125: Pasrah Sumaraha

- 1** Aja sumelang bab uripmu, ywa cilik ing kalbu
yen pepeteng nglimputi ati ngayoma mring Gusti
Reff: **Allah yeku Rama ngreksa sira salaminya**
Pasrah sumaraha mrih tentrem raharja.
- 2** Lamun tininggal sanak kadang ywa semplah ing driya
yen kamukten kamulyan ilang mantepa pracaya,
Reff:
- 3** Lamun tinempuh kacingkrangan prayitna mring dosa
yen kena lelara panandhang waspada mring godha,
Reff:

KPKA126: Ngrangkul Salib

- 1** Dak rangkul salibe Gusti kang agung tresna lan sihe
sarta dhangan dak ungseni dak rangkul salibe

Reff: **dak rangkul salibe, dak rangkul salibe**
yeku margining sih rahmat dak rangkul salibe.

- 2** Yen aku kabidhung susah ing ati rasane lesah
mesthi malih dadi bungah yen ngrangkul salibe,
Reff:

- 3** Ing sajroning karubedan sarta yen nyangga momotan,
Gusti kang paring karosan dak rangkul salibe,
Reff:

- 4** Sanadyan kabotan susah utawa atiku bungah,
nging tansah tresna mring Gusti dak rangkul salibe,
Reff:

KPKA127: Kula Tyang Pracaya

- 1** Kathah tyang kang rebadan drajad lan kamulyan nggih sami kamitegan ngurbankeun mring liyan kula tyang kang pracaya mbangun turut Gusti ngudi ing gegayuhan klayan mursid yekti
- 2** Kathah tyang kang rebadan pangwasa-wisesa silih sung kasangsaran nyenyebar cintaka kula tyang kang pracaya mbabar kraton swarga ndherek nata bebrayan manut ing Pangeran.
- 3** Kathah tyang kang rebadan kasugihan donya silih pejahan wah ngrisak pepadha kula tyang kang pracaya mung mbabarken tresna sugih mlarata tansah dadya margi berkah.

KPKA128: Kabegjan Kang Sejati

- 1** Kabegjan kang sejati tinunggil Gusti
yen panggodha ndhatengi gya den tulungi
mrih manteb pracaya wah tetep waluya
malah ngesorken dosa yekti mursidnya.
- 2** Kabegjan kang satuhu rineksa Gusti
yen panandhang ngreridhu gya den luwari
mrih kraharjan nyata sinandhang slaminya
mila tansah sung puja wit sih piwlasnya.
- 3** Kabegjan kang sanyata jinangkung Allah
yen rinoban sengsara gya den entasna
mrih ayem ing manah sarta tentrem tansah
memuji datan kendhat nggunggung sih rahmat.

KPKA129: Tansah Bingah

- 1 Tyas kita sestu raha rja sinung kabegjan nyata
dene Allah Kang Ma'kwasa nganggep putra mring kita
Reff: **mara tansah bungah-bungah wit tinunggil lan Allah
sarta ngambah dalaning pepadhang kang dugeng
kasampurnan.**
- 2 Hyang Maagung ngreksa kita nguwalken sing bebaya
sihnya sung lipur ing driya nyantosakken pracaya
Reff:
- 3 Yen kita nyinkur Pangemanan neng ati was sumelang
nging yen sumuyud mring Allah tinuwukken ing berkah
Reff:
- 4 Yogyakarta kita mursid yekti ajrih asih mring Gusti
Roh Suci mbelani kita nglawan pangrehing dosa
Reff:

KPKA130: Allah Dados Pepadhang

- 1** Allah kang dados padhang nuntun dhateng kraharjan,
astanya sestu santosa ngreksa tyang kang pracaya,
pepadhanging Allah ngantri ngirid ing ngajeng lan wuri,
ngantos dumugeng swargi.
- 2** Allah kang dados pepadhang nuntun klayan kaloman
sabdanya kebak pangwasa sung pangayoman nyata
sestu pepakening Allah nyegerken manah kang lesah
wah ngiyatken ing lampah.
- 3** Allah kang dados pepadhang nuntun ing margi yekti.
mring margining kasampurnan gayuhaning pra suci
kula badhe salaminya ndherek Gusti kanthi setya
wit mesthi dugeng swarga.
- 4** Allah kang dados pepadhang madhangi manah kula
salaminya kula gesang tansah pasrah pracaya
kula tan ajrih bebaya karubedan wah sangsara
wit Gusti ngantri kula.

KPKA131: Ayem Wonten Ing Gusti

- 1** Ayem neng Gusti Yesus ayem ing Sang Kristus,
sinungan gesang nyata tinebus sing dosa,
wonten kidung ngumandhang sumyaking tyas girang
pamujining pra suci nggunggung sihing Gusti.
Ayem neng Gusti Yesus ayem ing Sang Kristus,
sinungan gesang nyata tinebus sing dosa.
- 2** Ayem neng Gusti Yesus ayem ing Sang Kristus,
sinung panglipur yekti dening Sang Roh Suci,
wonten kidung tan kendhat pujining pra umat,
wit gung prasetyeng Gusti samya den tetepi,
Ayem neng Gusti Yesus ayem ing Sang Kristus,
sinung panglipur yekti dening Sang Roh Suci.
- 3** Ayem neng Gusti Yesus ayem ing Sang Kristus,
sinung kabegjan tansah dadya putreng Allah,
wonten kidung gung endah sru nggunggung mring Allah,
de sisah lan sangsara nunten enggal sirna,
Ayem neng Gusti Yesus ayem ing Sang Kristus,
sinung kabegjan tansah dadya putreng Allah.
- 4** Ayem neng Gusti Yesus ayem ing Sang Kristus,
sinung kraharjan swarga kalis sing antaka,
wonten kidung nengsemna ngebaki bawana,
pujining pra tyang ngantya mring gesang sampuma,
Ayem neng Gusti Yesus ayem ing Sang Kristus,
sinung kraharjan swarga kalis sing antaka.

KPKA132: Kabegjaning Tiyang Kristen

- 1 Samangkya kita merdika uwal sing rehing dosa
ngegungken bekti mring Gusti wah asih mring sesami
Reff: **mung kraharjan lan kabegjan kang tansah ngiring gesang
tinebus Sang Kristus Gusti kula sinung basuki.**
- 2 Mangkya kita titah anyar nyingkur kadonyan tansah
budi luhur, andhap asor leladi trus ing manah,
Reff:
- 3 Mangkya kita putreng Allah tansah nglantarken berkah
mbelani tyang kang sangsara ngrimat tyang kang cilaka,
Reff:
- 4 Mangkya kita Umat Kristen kang tansah ndherek Gusti
Injil suci winartosken srana katresnan yekti,
Reff:

KPKA133: Rumentahing Palimirma

- 1** Kula tyang dosa klangkung ageng rinentahan palimirma,
punika ngeram-eramaken, kawula sewu tan nyana,
mangke tan wonten paniksa, (2X).
ming rumentahing sih mirma (2X)..
- 2** Allah ngasihi dhateng kula dosa kula ingaksama,
tan wonten mulading bendunya wit kula ingangkat putra
kula punika sinten.ta (2X)
de rinentahan sih mirma (2X).
- 3** Sayoga kula gunggung-gunggung palimimanipun Allah
kang nglepataken saking ukum wah nucekaken ing manah
panggunggung kula tan liya (2X)
ming bab rentahing sih mirma (2X).

KPKA134: Aja Adigang, Adigung, Adiguna

- 1** Saliring tyang adigang mung nyebar panandhang wateknya kamitegan nindhes mring sanes tyang pituwasnya bebendu bramantyaning Gusti nging tyang tresna satuhu gesang yekti (2X).
- 2** Salir tyang adigung mung nandur sangsara remen umuk gumunggung ngina mring pepadha mesthi ngundhuh antaka wit adiling Allah nging tyang kang andhap asor sinung berkah (2X).
- 3** Salir tyang adiguna mung ndhedher cilaka nganggep Allah tan ana sabdanya mung nglaha nggih panen karisakan dukaning Pangeran nging tyang ajrih sih Allah kinasihan (2X).
- 4** Tyang kang ngendelken dhiri mung ngingah bilai ngangah-angah kadonyan gesangnya lir kewan pikolehnya mung pati wah gesang ing peteng tyang ngandel Kristus Gusti rarja langgeng (2X).

KPKA135: Kula Sumarah Mring Allah

- 1** Gesang kebak kekeran angel den jajagi
dhateng ing kasangsaran nggih silih gumanti
namung Paduka Gusti mirsa samukawisnya
kula pasrah sumarah ing reh Paduka.
- 2** Gesang kebak kekeran angel den jajagi
reribed kasisahan silih andhatengi
aneng astane Gusti kula tan semplah ati
kula pasrah sumarah ing rehing Allah.
- 3** Gesang kebak kekeran angel den jajagi
panggodha wah pacoban mung ngrerujit ati
wit pitulunge Allah kula manteb pracaya
kula pasrah sumarah ing rehing Allah.

KPKA136: Pangandel Dhumateng Allah

- 1** Neng are wah neng gunung, mung neng rgarseng Allah
aneng ngendi dumunung nggih pinanggya tansah
endi kang dadi cipta lan osiking ati .
kapisanan sadaya ing Allah Hyang Widi.
- 2** Mung Gusti kang Makwasa mengku samubarang,
salir tyang kang pracaya mesthi tinulungan,
manuk ing awang-awang Allah kang ngingoni,
suket lan thethukulan wrata den paesi.
- 3** Bumi dalasan swarga winengku Pangeran,
jasad gedhe cilika Allah tan klimengan,
sawernaning pra titah sajagad warata,
namung nelakken tansah piwlas lan kwasanya.
- 4** Wong pracaya den ayem tansah kumandela,
neng padhang lan neng peteng Allah tansah ngreksa,
yen kabotan momotan siningkang ing kadang,
Gustimu nunggil tansah dipanggah ywa semplah.

KPKA137: Kang Langgeng Sihe Allah

1 Saprakara kang pantes den upadi
yeku Kratoning Allah Sang Rama
samubarang pinaringken tumuli
anger sumuyud jroning pracaya

Reff: **kabeh mung nglaha, kabeh mung nglaha,
sarwa kadonyan wus mesthi sirna
mung sihe Allah kang langgeng
slamanya tyang kang ngayom wus mesthi raharja.**

2 Drajad kasugihan wah kasenengan,
ginayuh kanthi margi utami,
aywa lali kang aji lan sejati,
yeku setya wah nunggil lan Gusti,
Reff:

3 Sagunging kadonyan ingkang kadarbya,
iku sranane mbabarken tresna,
yen dugeng janji tan badhe binekta,
mung gesang langgeng bandha ing swarga,
Reff:

KPKA138: Pangandel

- 1 Mung sarana pracaya aku sinung waluya
uwal sing rehing pati tinebus dening Gusti
Reff: **Ayem tentrem ing kalbu wit Allah Pamartaku**
Gusti andel-andel yekti slaminya dak bekteni.
- 2 Srana pasrah Pangeran aku sinung kabegjan
ing sisah dalah bingah tansah tinunggil Allah,
Reff:
- 3 Srana kumandel nyata aku sinung raharja
ing siyang ratri tansah rinoban dening berkah,
Reff:

KPKA139: Mugi Gusti Angutus Utusan

- 1** Mugi Gusti karsa angutus utusan kados duk kinanipun
ingkang ngemban sabdaning Allah
lan martosken sih piwelaspun
supados tyang salumahing bumi
sami nampia Injiling Gusti.
- 2** Mugi Gusti ngutus pra abdi sembada
lan setya sami nyebar,
pawartosing kawilujengan
mring salumahing bumi gumelar,
supados tyang sami pitadosa,
temah ngraosken tentrem raharja.
- 3** Mugi Gusti madhangi manah kang peteng
wit pamengkuning dosa,
temahan pra tiyang kang wangkot
lan kang kawengku ing gugon tuhon,
mratobata pitados mring Gusti
klayan bingah asmane pinuji.

KPKA140: Sang Kristus Tameng Santosa

1 Sang Kristus tameng santosa
nguwalken saking rubeda,
neng jroning bebaya pati
Gusti kang badhe nulungi,

Reff: **Gusti peparangku tansah ngayomi,
angayomi, angayomi,
ampinganku sajroning prahara
pangungsen ingkang santosa.**

2 Sang Kristus Pangen kang setya
anggiring sagung mendanya
mring panggenan tentrem yekti
menda tansah den ayomi,
Reff:

3 Sang Kristus mulung astanya
kalamun rumpil marginya
yen ical dipun upadi
kepanggih dipun rimati
Reff:

KPKA141: Gesang Dados Kidung

- 1** Gesang kula dados kidung sumaos mring Pangeran,
wit sihnya saklangkung agung maringken kaslametan,
ing kabegjan wah sangsara tansah memuji Gusti,
srana kamursidan nyata krana anyar ing budi.
- 2** Lamun kabotan ing susah wah karoban ing bungah,
kula manteb ing pracaya ngayom ing sih rahmatnya,
sanadyan sengseming donya nggodha wah milut ati,
kula mesthi tansah setya mbangun turut mring Gusti.
- 3** Pocapan wah tingkah laku mobah mosiking kalbu,
dadya kidung konjuk Allah wit sih rahmatnya tumrah,
sayogya sengkut makarya kagem Kratoning Allah,
yeku sokur trusing driya konjuk mring Gusti tansah.

KPKA142: Mung Kristus Juru Basuki

- 1** Mung Sang Kristus Yesus Gusti Juru basuki
wit sih tresnanya mring sagung manungsa
ngantos ngurbankeun sriranira
mila tyang kang pracaya
sinungan gesang nyata wah tentrem raharja.
- 2** Mung Sang Kristus Yesus Gusti Juru Basuki,
sabdanya yekti kebak ing pangwasa
nggih sabdaning Allah pribadya
tyang kang manut lan setya
ing gesangira mung kabegjan kang pinanggya.
- 3** Mung Sang Kristus Yesus Gusti Juru Basuki,
panunggil lan panuntuning pangrehnya
sestu sung santosaning driya
tyang pracaya sumarah
sinung ayem ing manah wah tan nate semplah.

KPKA143: Mung Tansah Pasrah Mring Gusti

- 1** Aku tan nate mangerti kapan begja cilaka
mung tansah pasrah mring Gusti yeku Pamarta setya
manteb pracaya ing ati manut reh lan sabdaNya
tinuntun dumugeng swargi ing kasampurnan nyata.
- 2** Aku asring tan mangerti karseng Allah Makwasa,
donga panyuwuning ati tan kajurungan nulya,
nging yektine Gusti nganthe astanya tansah ngreksa,
wit panuntuning Roh Suci kasoran rehing dosa.
- 3** Nasibku ing rehing Gusti tan ana pangreh liya,
kasarasan lan rejeki imbuhung sih nugraha,
rancangan tinata tliti pratandhaning pracaya,
aku tan kwatir tan wedi mung begja kang pinanggya.

KPKA144: Margi Dhateng Swarga

1 Nyebuta Gusti mring Sang Kristus,
nging yen tan kanthi tulus
mung kembang lambe tanpa laku rehing dosa den gugu
kasangsaran temahanira naraka pandumannya

Reff: **kang mlebet mring kratoning swarga
namung tyang kang mbabarken tresna
nglampahi mring karsaning Allah
sepi ing pamrih tansah.**

2 Salir tyang kang lampah utami welasan mring sesami,
mbelani tyang ringkih sangsara nadyan kanthi toh nyawa,
yeku muriding Kristus Gusti nggih tyang kang mursid yekti,
Reff:

3 Saestu begja-begjaning tyang ing donya wah klanggengan,
pracaya Gusti Sang Pamarta tansah nulad ing sihnya,
dalih tyang kang nyatroni pisan winales kasaenan,
Reff:

KPKA145: Nunggil Kaliyan Gusti

- 1** Yen nunggil lan Gusti rinten dalu
manah langkung tentrem arahayu
Reff: **kula angantya Gusti ratri klayan rina
nyuwun berkah dhuh Gusti , Gusti kula.**
- 2** Yen nunggil lan Gusti jro ginodha,
kula mesthi unggul nglawan dosa,
Reff:
- 3** Yen nunggil lan Gusti kasisahan,
mantun kagentosan kabingahan,
Reff:
- 4** Yen nunggil lan Gusti siyang ratri,
birat najis kula temah suci,
Reff:
- 4** Yen nunggil lan Gusti saged ngertos,
kang dados karsanya ing sayektos,
Reff:

KPKA146: Gusti Yesus Pamarta

- 1** Gusti Yesus Pamarta dados Pangungsen kula
kula dipun luwari sing pamengkuning pati
srana rahing Sang Kristus gesang kula tinebus.
- 2** Gusti Yesus Pamarta kang nunggil gesang kula,
kula tansah kinanthi ngantos dumugeng janji,
mila kula tan wedi martosken sihing Gusti.
- 3** Gusti Yesus Pamarta dados pangungsen kula,
yen ketaman bilai kula nenga mring Gusti,
nyadhong pangluwar yekti temah tentrem ing ati.

KPKA147: Pangungsen Kula

- 1** Gusti Pangungsen kula sestu gung sih rahmatnya
ing sajroning panandhang wah yen bebaya nrajang
Gusti sung pangluwaran kula manggih kraharjan.
- 2** Daya karosan kula winates wontenira
srana pasrah sumarah mring reh kwasaning Allah
kula manggih kabegjan ngantos dugeng klanggengan.

KPKA148: Nyawisi Papan Mring Gusti

- 1** Gustimu kepareng mundhut papan aneng atimu
resikana dimen patut Gusti karsa lumebu

Reff: **rungokna pangandikanya aja padha semaya
nyawisna papan mring Gusti aneng sajroning ati**

- 2** Tan liya kersane Gusti, mitulungi wong dosa,
kang siyaga mbukak ati, dadya padalemannya,
Reff:

- 3** Rahayu tyang kang samekta, saos papan mring Gusti,
antuk padhanging wardaya, kang tumurun sing swargi,
Reff:

KPKA149: Gusti Nuntun

- 1** Gusti nuntun lampah kula saklangkung nggen kula begja celak miwah tebih ugi tansah dipun kanthi Gusti

Reff: **nggih Gusti kang ngantri kula
astanya pyambak kang ngreksa
mila kula manut Gusti kang dados Panebus yekti.**

- 2** Dadosa ing wanci siyang, punapa kesaput ratri,
manah peteng miwah padhang, kula tansah dipun kanthi,
Reff:

- 3** Gusti nuntun kula pasrah, klayan nrimah ing satitah,
nadyan ngantos dugeng janji, kula tansah dipun kanthi,
Reff:

KPKA150: Kumandela, Pracayaa

- 1** Mara den etunga berkahing Allah Rama
atinira mesthi kaeraman gungnya tanpa wilangan
mula ja kuatir sumelang nging sumendhea Pangeran

Reff: **Kumandela pracayaa**
**upadinen Kratoning Allah atimu ayem kabegjan tumrah
kang murbeng rat muwuhi berkah ing sih rahmat.**

- 2** Mara waspadakna mukijjad sing Sang Rama
dalah prakara kang mung prasaja margining pangrimatnya,
maringken bagas kasarasan lan kacekapaning gesang,
- 3** Mara den gatekna pangrehing Gustinira,
denya ngrimati pra makluk wrata ing rehing alam raya,
uripira langkung pangaji lan sagung pra makluk sami,

KPKA151: Mung Allah Maha Kawasa

1 Nadyan sira pinter alinangkung
tan jajak kekeraning Hyang agung
sayoga sira aja gumunggung
leladia mrih Gusti ginunggung,

Reff: **Mung Allah Kang Mahakawasa**
wah tansah langgeng pangrehira,
bala swarga makluk wrata
nelakken kamulyannya
tyang kang mursal nemahi bilai
kang ajrih asih manggih basuki.

2 Nadyan sira luber sugih yekti,
nging luwih sugih langit lan bumi,
mula den andhap asor ing ati,
loma mring Gusti dalah sesami,
Reff:

3 Nadyan sira luhur wah sinembah,
tan sande bali mring lebu tanah,
mula nyaosna gesang mring Allah,
dadya lantaran sih rahmat tumrah,
Reff:

KPKA152: Yesus Sang Pamarta

- 1** Yesus yeku Sang Pamarta karsa ngluwari tyang sangsara
mbirat saliring memala nglipur tyang kang nandhang papa

Reff:

**kang pengin raharja yekti gya mareka mring Yesus Gusti
kang pengin raharja yekti gya mareka mring Yesus Gusti.**

- 2** Yesus Sang Juru basuki, lembah manah luber ing budi,
tan mawang mring saliring tyang, kang ngayom nggih
tinulungan,
Reff.

- 3** Yesus Sang Juru Panebus, tresnanira sayekti tulus,
tyang najis, dosa, duraka, yen mratobat ingapura,
Reff.

KPKA153: Gusti Yesus Kristus

- 1** Aku mesthi nyaritakna bab Yesus Sang Pamarta
Pepadhangin jagad nyata Putreng Allah Makwasa
nggih jatining kayektosan wah malih kauripan
margining tyang dugeng swargi Imam agung sejati
Sang Pangen, Panebus jalma Pantaraning manungsa.
- 2** Aku mesthi nyaritakna bab Yesus Sang Pamarta
yeku Sang Kristus Masuci Gustining sagung Gusti,
ratuning salir pra ratu nggih Sang Guru satuhu,
sabdeng Allah kang manjalma dadya putreng manungsa,
nggih ugi cempening Allah Abdining Sang Yehuwah.
- 3** Aku mesthi nyaritakna bab Yesus Sang Pamarta,
panutaning tyang pracaya nggih Ratu Adil nyata,
Sang Alpha lan Sang Omega Pangreh jagad lan swarga,
sesirahing pasamuwan sarta sumbering gesang,
Hakim ing dinten wekasan kang datan mawang mring tyang.

KPKA154: Allah Pangayomanmu

- 1** Allah yeku Pangen satuhu kang ngreksa tansah uripmu
Pracaya sarta mituhu wah bekti kang trusing kalbu
yen bebaya nempuh sira ywa semplah alit ing driya.
- 2** Gusti ngantri mring sira tansah tan kendhat ngluberken berkah
yen sira rinoban bebaya wah mikul salib sangsara
pitulungnya datan kendhat mula ngayoma dikebat.
- 3** Sang Roh Suci nunggil mring sira nyantosakken ing pracaya
mrih menang nglawan mring panggodha waspada juliking dosa
manuta ing sapangrehnya temah dugeng kraton swarga.

KPKA155: Paseksi Sayekti

- 1** Tyang kang pracaya nyawiji wit Sang Kristus Gusti
Lir badan kang mung sajuga lan gezelitannya
yeku paseksi sanyata Yesus Sang Pamarta.
tansah silih, mbiyantoni ngarah gesang suci
- 2** Santosaning patunggilan tinangsul karesnan
samyu silih angladosi tan ngegungken dhiri
sengkut makarya ngundhangken wartos kabingahan
yeku paseksi sanyata Yesus Sang Pamarta.
- 3** Pinta-pinta nugrahanya peparinging Rama,
runtut lumados mring Gusti wit sadaya aji
lelados mring gung sesami mrih tentrem raharja
yeku paseksi sanyata Yesus Sang Pamarta.

KPKA156: Timbalan Dadya Duta Sembada

- 1** Kathah tyang samya nandhang tilingna
mbetahken pitulungan tilingna

Reff: **Gusti nimbali sira dadya duta sembada
mbabarken sih rahmatnya tilingna.**

- 2** Kathah tyang samya semplah, tilingna,
betah lubering berkah, tilingna,
Reff:

- 3** Kathah tyang samya sedhiih, tilingna,
mbetahken welas asih, tilingna,
Reff:

- 4** Kathah tyang dadya kurban, tilingna,
mbetahken pangluwaran, tilingna,
Reff:

KPKA157: Nyuwun Kalanting Ing Gusti

- 1 Ing margi kang rumpil sarta sepi giris nglimiti mring kula
lungkrah raga wah semplah ing driya
lir tyang kang tinegakken Sang Rama

Reff: **mlampah pyambak datan dumugi Gusti mugi nglantinga
mrih gesang maedahi sesami wah kamulyaning asma Paduka**
- 2 Kawula kesandhung sarta dhawah karana lungkrah sulayah,
kang kula ungseni namung Gusti
wit sihnya kula manggih basuki,
Reff:
- 3 Yen kula tinempuh ing prahara ajrih kuwatos ing driya,
mung Gusti kang kula antya-antya
sabdanya ngiyatken,gesang kula,
Reff:

KPKA158: Asmany Makwasa

1 Gusti Kristus Maha kwasa nggih tetameng santosa
sagunging tyang kang pracaya mesthi den ayomana,

Reff: **Asmany Makwasa nggih tetameng santo sa
AsmaNya Makwasa tumrap tyang kang pracaya.**

2 Piandel urip sayekti namung asmaning Gusti,
ing panggodha wah sangsara sung santosaning driya,
Reff:

3 Asmaning Sang Kristus Gusti mbereg remen leladi,
mrih gesang tentrem raharja jagad rinoban sihnya,
Reff:

4 Undhangna asmaning Gusti ing salumahing bumi,
mrih salir tyang nampi warta Ratu Adil wus prapta,
Reff:

KPKA159: Sang Kristus Maasih

- 1 Lamun sira sangsara krana rehing dosa
yogya pasrah. mring Gusti dyan linuwaran yekti,
Reff: **Sang Kristus Maasih mring tyang kang ringkikh
ywa mamang ngayoma temah sira tentrem raharja.**
- 2 Yen sira kamomotan kabotan sesanggan,
yogya ngungsi mring Gusti mesthi den pitulungi,
Reff:
- 3 Yen sira karupekan siningkang ing kadang,
rumaketa mring Gusti mrih tan semplah ing ati,
Reff:
- 4 Yen sira kasusahan rinoban panandhang,
sumendhea mring Gusti sira mesthi kinanthi,
Reff:

KPKA160: Kraton Swarga

1 Neng Kraton swarga sestu gung panggenannya
salir tyang tinimbalan mlebet samya
mila Sang Kristus manjal ma tedhak donya
ngurbanken srira nylamet ken manungsa

Reff: **yogya tampanana sih rahmating Gusti
temahan sira mang gih urip sayek ti
tentrem raharja tansah ngerobi sira
wasana ngrasuk kasampurnan swarga.**

2 Saben tyang rebut bener mlebet mring swarga,
ngambah margi pilihannya pribadya,
nging mung tyang pracaya sarta olah tresna,
yeku kang ndherek Gusti mlebet swarga,
Reff:

KPKA161: Tyang Kang Pracaya

- 1** Tyang kang pracaya tetep waluya yen nunggil Sang Pamarta
lir pang datan alum lamun tetep ing wit ira

Reff: **tyang kang tansah manut rehing Gusti
mung kabegjan kang pi nanggya
bi nerkahan rinten lan ratri rineksa astanya.**

- 2** Salir pra suci tuwuh basuki yen tan pegat lan Gusti,
lir pang kang medal wohira yen tan pisah witnya,
Reff:

- 3** Tyang kang pracaya badhe sampuma karana Sang Pamarta,
lir pang kang kathah wohira mung karana witnya,
Reff:

- 4** Tyang kang pracaya nging tanpa laku mesthi manggih bebendu,
lir pang kang tan ana wohnya pinagas dyan sima,
Reff:

KPKA162: Dhuh Gusti Pepadhang Yekti

- 1** Dhuh Gusti Pepadhang yekti mugi nuntun kula ngambaha margi utami nggih bebener nyata.
- 2** Dhuh Gusti nggih Sang Pamarta mugi nunggil kula, ing sangsara lan bebaya tan semplah ing driya.
- 3** Dhuh Gusti nggih Sang Roh Suci mugi nganthy kula, tansah gesang mursid yekti teguh ing pracaya.
- 4** Dhuh Gusti yeku Sang Sabda mugi nglanting kula, sesanggening tyang pracaya tansah katindakna.
- 5** Dhuh Gusti Sang Pangen nyata mugi ngreksa kula, nadyan rinoban bilai manggiha basuki.

KPKA163: Pitobat

1 Biyen nglirwakake sabdaning Gusti
mung karepe dhewe kang dituruti
samangkya mratobat nampi sih rahmat
migatosken tansah karsaning Allah

Reff: **mring Yesus Pamarta pasrah jiwa raga
sinung gesang yekti unggul sing pati.**

2 Biyen nggunggung dhiri mburu kadonyan,
tan nggape mring Gusti nytingkur kaswargan,
mangkya anoraga ngendelken Gusti,
mempeng nggayuh swarga mbabar sih yekti,
Reff:

3 Biyen urip mblunthah mursal ing lampah,
nguja hawa raga manut ing dosa,
mangkya mesu budi ing lampah suci,
martosken Injilnya maring pepadha,
Reff:

KPKA164: Agunging Sih Rahmat

- 1** Sestu adi wah gung yekti sih rahmat sing Gusti
nylametken kula tyang dosa dyan tentrem raha
raja
- 2** Nggih sih rahmat kang sung begja mring tyang kang pracaya,
sing pejah wit rehing dosa mangky gesang nyata.
- 3** Sih rahmat niku sung padhang mring manah kang lesah,
nuntun tyang mursal wah nglambrang setya bekti Allah.
- 4** Nadyan kathah pepalangnya nyanggi salib ugi,
nging sih rahmat nuntun kula tulus tresna Gusti.
- 5** Yen sampurnaning sih rahmat binabar sanyata,
kula manunggal tan pegat lan Gusti ing swarga.

KPKA165: Jatining Katresnan

- 1** Lamun kula anglampahi tindak luhur mulya
nging yen tanpa tresna yekti muspra tanpa gina
Reff: **kula winulanga tansah lampah tresna lelabet**
sesami nulad tindaking Gusti
kula winulanga tresna trusing ati
nggih nuladha tindaking Gusti.
- 2** Lamun kula angucapna gung basa ing donya,
nging yen sepi ing katresnan lir gong bendhe ngangkang,
Reff:
- 3** Lamun kula andanakna bandha dalah nyawa,
nging mung krana tuhu tresna pituwase nyata,
Reff:
- 4** Tresna iku sepi pamrih wah luber ing budi,
tan gumunggung lembah manah tansah andum berkah,
Reff:
- 5** Tresna iku sabar drana tulus angapura,
tepa slira wah jatmika myang lampah utami,
Reff:

KPKA166: Ora Et Labora

- 1** Ora et labora ndedonga makarya yeku sesantinya sagung tyang pracaya mbangun jagad donya temah gesang raharja Ora et labora ndedonga ma karya.
- 2** Ora et labora ndedonga makarya mbangun nagri-praja, nusa sarta bangsa Gusti ingkang ngantri lelabet trusing ati Ora et labora ndedonga makarya.
- 3** Ora et labora ndedonga makarya ngladosi sesami wit tresna sayekti nyirnaken panandhang wah mbrastha kasangsaran Ora et labora ndedonga makarya.
- 4** Ora et labora ndedonga makarya mbelani sesami mrih gesang basuki ngudi kaadilan bener wah kajujuran Ora et labora ndedonga makarya.

KPKA167: Panuntuning Gusti

1 Allah Rama ngreksa ngrimati kula
kabegjan kraharjan kang pinanggya
lamun nyanggi momotan lan sangsara
tinunggil mrih tan ngantos semplah,

Reff: **kula pasrah lan sumarah mring Gusti panuntunnya wus
mesthi prayogi
ing wusananya kula dugeng swarga satuhu ngrasuk gesang
sampurna.**

2 Yesus Gusti nebus kula tyang dosa,
wah ngiyatken kula gesang suci,
manggul salib wit ndherek Sang pamarta,
nekseni margining basuki.

Reff:

3 Sang Roh Suci nuntun kula mring swargi,
ing lampah utami manut Gusti,
labuh labet mbabar adil satuhu,
bebener wah tentrem rahayu,

Reff:

KPKA168: Ndedonga Lan Makarya

- 1** Ndedonga lan makarya kanthi trusing driya
mbabarken sihing Gusti mring sagung sesami
murih tentrem raharja sumrambah sadonya
asmanyang Mamulya pinuji slaminya.
- 2** Ndedonga lan makarya kanthi sukarena,
martosken Injil suci wrata ing sabumi,
mrih sih rahmating Gusti tinampi sesami,
temah samya wilujeng sarta gesang langgeng.
- 3** Ndedonga lan makarya mrih tansah waspada,
yen tinempuh panggodha tan gumiwang tiba,
manggul salib wit Gusti manut ing prentahnya,
tansah setya ngabekti lan manteb pracaya.

KPKA169: Sumarah Mring Allah

- 1** Sumarah mring Allah jiwa raga rineksa astanya tansah begja
yen rinoban sisah manah datan lesah sinung kakiyat an sing Pangeran.
- 2** Sumarah mring Allah jiwa raga, mbangun turut Gusti trusing ati,
yen ginoda dosa binujuk duraka, kekah sarta setya ing pracaya.
- 3** Sumarah mring Allah jiwa raga, rinoban ing berkah ayem nyata,
yen nyanggi momotan dalasan panandhang, mesthi den tuwari dening Gusti.
- 4** Sumarah mring Allah jiwa raga, rinimat, rineksa ing sih mirma,
yen ingarах pati wit bebener yekti, manteb dugeng janji Gusti ngantri.
- 5** Sumarah mring Allah jiwa raga, tinuntun ing sabda dugeng swarga,
yen wonten bilai wah miris ing ati, sinung lipur yekti sing Roh Suci.

KPKA170: Gusti Mugi Nuntun Kawula

- 1** Gusti mugi nuntun kawula tansah setya ndherek Paduka
nadyan awrat momotanira nging kula tansah manggih begja.
- 2** Gusti mugi nglanting kawula ngambah margi bebener nyata,
nadyan rumpil kathah bebaya nging tatag tan semplah ing driya.
- 3** Gusti mugi nunggil kawula nglawan salir pangrehing dosa,
temah kula unggul ing yuda manggih kasampurnan ing swarga.

KPKA171: Utusaning Gusti

- 1** Ing jagad kang peteng krana dosa kathah tyang kang sulayah
awrat ing panandhang mila nggresah samya semplah ing manah
Reff: **sumangga Gusti ngagem kawula mbabar**
tresna kang sanyata
sumangga Gusti ngutus kula numrahken berkah
dhateng tyang kathah.
- 2** Angundhangken sih rahmating Gusti lelabet wah leladi,
margining tyang luwar sing sangsara temah samya raharja,
Reff:
- 3** Ngundhangken Injil kratoning swarga klayan tumindak nyata,
pangluwaran sing kwasaning dosa temah gesang sembada,
Reff:

KPKA172: Tansah Padha Bebungaha

- 1** Tansah padha bebungaha krana kabegjan sanyata
de kita samya tyang dosa nging tinebus sing antaka

Reff: **tansah bungah ing patunggilaning Gusti**
tansah bungah wit sinung gesang sayekti.

- 2** Tansah olah kabecikan leladi tan mawang mring tyang
yeku pratandhaning sokur mring sihing Allah Maluhur
Reff:

- 3** Tansah manteb ing pracaya. tan sumelang wah tan wedi
tegen nyenyuwun ndedonga pasrah wit Gustimu ngantri
Reff:

- 4** Tansah padha bebungaha wit tentrem raharja nyata
Gustimu ngreksa slaminya sawutuhing gesangira
Reff:

KPKA173: Korban Sejati

- 1** Saosna badanmu mrih dadya korban
kang gesang lan suci konjuk Pangeran
yeku pangibadah ingkang sejati
tandha sokur tansah mring sihing Gusti.
- 2** Ywa madha ing rupa kalayan jagad
nging salina budya krana sih rahmat
dipadha niteni karsane Gusti
salir kang prayogi sampurna yekti.

KPKA174: Nulada Sang Pamarta

- 1** Dipadha sarujuk tunggal tresna tunggal budi lan tunggal sedya
wah samya andhap asor ing lampah nulada mring Sang Kristus tansah

Reff: **Kristus Gusti Allah yekti nging manjalma ngesoraken dhiri
wah dadya abdi sinalib seda yeku babaring tresna sanyata.**

- 2** Rame ing gawe ing pamrih sepi tan mung mikir badan pribadi
nging migatosna ing liyan ugi nulada mring Sang Kristus Gusti
Reff:

- 3** Remen ngalah wit luhur ing budi nobatken srana tresna yekti
kang den arah mung krahajan nyata nulad tindake Sang Pamarta
Reff:

KPKA175: Tiyang Rahayu

- 1** Rahayu kang mlarat ing budi witarbe Kraton swargi
rahayu tyang kang prihati wit nampeni panglipur yekti
Reff: **Sang Kristus Guru sejati sabdanya den lampahi**
Yoga den tut wuria prentahnya den estokna
- 2** Rahayu tyang alus budi nggih kang marisi bumi
kang luwe mring kasampurnan nggih mesthi badhe katuwukan
Reff:
- 3** Rahayu tyang kang welasan wit tinresnan Pangeran
salir tyang resik ing manah kepareng sowan ngarseng Allah
Reff:
- 4** Rahayu tyang kang ngrukunken yeku pra putreng Allah
kang kinuya wit kayekten yeku kang darbe kraton swarga
Reff:
- 5** Rahayu kang den pitenah krana bekti mring Allah
tansah mbangun turut Gusti ngudl ing gesang mursid yekti
Reff:

KPKA176: Kang Pinunjul Katresnan

- 1 Tyang kang sagah ngurbanken dhiri leladi ing pamrih sepi
mung tyang kang mbabar tresna nyata nulad tindake Sang Pamarta
Reff: **yekti amung telung prakara pangarep-arep lan pracaya
sarta katresnan nyata lelabet trusing driya
ingkang pinunjul tresna**
- 2 Kang mbelani tyang ringkih papa, mrih darbe aji manungsa
nggih tyang kang watek asih tresna kumedah nglantarken berkah
Reff:
- 3 Tyang kangngrukunken tyang sulayan tansah ngarah katentreman
mung tyang kang olah ing katresnan wah nebihi ing kekerasan
Reff:

KPKA177: Gusti Yesus Ratu Adil

- 1** Ratu adil kang sejati saestu namung sawiji
yeku Sang Kristus Gusti mengku swarga lan jagad rat nggih
Panutaning pra umat
pinujia tan kendhat pinujia tan kendhat
- 2** Ratuning tentrem raharja kang luber ing sih rahmatnya
mring sagunging manungsa Ratuning kratoning Allah
pangwasanya langgeng tansah
Sinembah salir titah, Sinembah salir titah
- 3** Kratonira katentreman pranatannya kaadilan
prajuritnya karesnan pangrehe bebener nyata peparinge gesang
begja
pinujia slaminya, pinujia slaminya.
- 4** Sagunging tyang kang pracaya ngayom nggih dadya abdinya
tansah sinung raharja uwal sing pangrehing pati benjang
sampurna ing Swargi
mila tansah memuji mila tansah memuji.

KPKA178: Gusti Pepadhang Jagad

- 1** Gusti pepadhang jagad gung luber ing sih rahmat
asihmring salir manungsa Samya den wilujengna
tinuntun mring margi padhang manunggil lan Pangeran
gesang mursid yekti tansah mbangun turut mring Allah.
- 2** Gusti pepadhang sejati nggih kang nganyarken budi
nglipur tyang susah ing manah ngiyatken tyang kang semplah
nyantosakken ing pracaya mrih unggul nglawan dosa
mring Allah tansah ngabekti wah nresnani sesami
- 3** Gusti pepadhang sing swarga sung gesang langgeng nyata
salir tyang ngayom ing sihnya sinung ayeming driya
tinuwukan srana berkah kasampurnan den arah
tinuntun ing sabda suci tansah ngener mring swargi.

KPKA179: Panarima

- 1** Dhuh nyawaku den marema, Allah nunggil mring sira
Samubarang solan salin Allah tan owah gingsir.
- 2** Sadulur mitra myang tangga tan salaminya setya
nging Allah kang Maha mirah tansah ngluberken berkah.
- 3** Kathah tyang samya wiyaen tan nrimah ing kanyatan
ngangah-angah kang tan ana yektine tan keduga.
- 4** Dhuh nyawaku den marema wah aja sira ngangsa
sumendhe mrlng Allah Rama uripmu mesthi begja

KPKA180: Ngaturaken Pisungsung

- 1** Pisungsung konjuk mring Gusti tan mung sapra sedasan berkahnya rina lan wengi datan kenging ingetang sawernaning kang pangaji konjuk ngarsaning Pangeran
- 2** Nulad randha miskin nyata nging loma pisungsungnya sadaya kang den darbeki den saosken mring Gusti, sawetahing gesang kula konjuk Allah Kang Makwasa.
- 3** Pisungsung kang trus ing ati karenan ngarseng Gusti, kamirahannya ndhawuhi tyang ajrih asih yekti, kanthi setya kula tansah lelados bekti mring Allah.

KPKA181: Saosan Sokur

1 Kula ananem wiji taberi ngrimati
nging tuwuuh miwah suburnya Allah kang mberkah
Pangeran paring jawah lan sunaring surya
wah saliring wohira nggih berkahing Rama

Reff: **Sumangga misungsung kanthi trusing manah
sadhengah barang darbe kita konjuk mring Allah.**

2 Kula sengkut makarya ing saliring kardi
wit iku dados marginya berkah saking Gusti
sawarnining pakaryan tan ana kang nistha
asil gedhe cilaka mesthi murakabi.

Reff:

3 Kasarasan karosan berkahing Sang Rama
kapinteran kaprigelan wah aruming nama
ywa nganti anjalari gumunggunging ati
ing sagunging kahanan ngluhurken Pangeran.

Reff:

KPKA182: Riyadin Saosan

- 1** Pra tyang pracaya sagung sumangga sung pisungsung
konjuk Gusti Makwasa ing dinten Pentakosta
wit berkahing Pangeran tyang nenanem panenan
kasil tyang kang makarya kabegjan kang pinanggya.
- 2** Wulu wetuning bumi dalah wohing makarti,
sinaosken mring Gusti kanthi tulus ati
sinartan karameyan bludaging kabingahan
dene berkahing Allah tan kendhat tansah tumrah.
- 3** Ing dinten Pentakosta dinten kang sestu adya
nggih riyadin saosan sung pisungsung mirunggan,
wit pangreksaning Gusti pasamuwan lestari,
tuwu sarta ngrembaka kalis sing gung rubeda.

KPKA183: Pisungsung Miring Kang Maluhur

- 1** Gusti Kang Maluhur kula saos sokur
sung pisungsung klayan bingah wit lubering berkah
mugi dados marginira asma Paduka pinuja,
karsanta binabar nyata kraton swarga rawuha
Amin, Amin, Amin

- 2** Gusti Kang Maagung kula sung pisungsung
dados srananira greja leladi makarya
mbabarken tresnaning Allah
sumrambah mring tiyang kathah,
temahan Gusti pinuji ing jagad lir ing swargi,
Amin, Amin, Amin

KPKA184: Pisungsung Wit Kamirahaning Pangeran

- 1** Kula tansah ngraosken bingah wit sih kamirahaning Allah
ngganjar kawilujengan nyata lantaran kurbaning Sang Putra
mila kula saos pisungsung tandha sokur mring Allah Maagung
wit yektine gesang kula namung krana lubering sih rahmatnya.
- 2** Kula tansah manggih kabegjan wit karoban ing kamirahan,
saliring kabetahan kula kacekapan ing wancinira,
mila kula saos pisungsung tandha sokur mring Allah Maagung,
wit yektine gesang kula namung krana lubering sih rahmatnya.
- 3** Kula sinungan kasarasan krana sih mirahing Pangeran
temahan saged nambut kardi margine manggihken rejeki,
mila kula saos pisungsung tandha sokur mring Allah Maagung,
wit yektine gesang kula namung krana lubering sih rahmatnya.

KPKA185: Pisungsung Konjuk Mring Allah

- 1** Konjuk mring Kang Maha agung kawula sung pisungsung
cihnaning bingahing rnanah wit berkahing Allah
sumengka wah sinengkera lan temen rineksa
dadya srana munpangati mrih kamulyaning Gusti.
- 2** Konjuk Allah kang Maluhur kawula saos sokur,
kebabaring raos urmat wit tansah rinimat,
dalih gesang kula mugi kagem dening Gusti,
dadya lantaraning berkah tumraha miring tyang kathah
- 3** Konjuk ing ngarsaning Allah kawula sung panrimah,
tandha ajrih asih kula wit gung sih rahmatnya,
mugi Gusti nggih karenan temah binerkahan
dadya margi Kratoning Allah binabar neng bumi

KPKA186: Pisungsung Konjuk Mring Gusti

- 1** Jagad nampik sihing Allah nyinkur mring Sang Pamarta
nging kula pracaya pasrah ngraosken sih rahmat nya

Reff: **mangga sru ngidung ngunggung Hyang Widi
wah sung pisungsung konjuk mring Gusti
ngaturken pratandha sokur krana berkahnya mancur.**

- 2** Jagad ndlarung aneng. dosa tansah mburu kadonyan,
kula bekti mring Sang Rama wit rinoban kabegjan,
Reff:

- 3** Jagad manut rehing pati kang dugeng nraka langgeng,
kula tinuntun Roh Suci ing manah ayem tentrem,
Reff:

- 4** Jagad remen ing pablunthah ngendhem sengit lan drengki,
kula'dadya putreng Allah mila tresna sesami,
Reff:

KPKA187: Pisungsung Jiwa Raga

- 1** Jiwa raga kawula konjuk mring Sang Pamarta
mugi dados lantaran kamulyaning Pangeran
kamulyaning Pangeran
- 2** Tangan suku kawula nindakken pakaryannya,
mrih sesami basuki nampeni sihing Gusti,
nampeni sihing Gusti
- 3** Dalah kedaling ilat nggih ngundhangken sih rahmat,
temah asmaning Gusti datan kendhat pinuji,
datang kendhat pinuji
- 4** Bandha lan kasugihan, wegdal wah kasagedan,
nggih gesang sawetahnya dadya pisungsung nyata,
dadya pisungsung nyata.

KPKA188: Asung Pisungsung

- 1** Sumangga sung pisungsung mring Allah Ma agung
krana gunging sihrahmat kang luber tan kendhat
- 2** Misungsung kanthi loma cihnaning panuwun,
de gesang tansah begja wit Allah kang nuntun
- 3** Bandha, arta pethingan kang katur mring Gusti,
bludaging kabingahan wit berkah tan sepi.
- 4** Saos pisungsung kathah cacahnya tan tim'bang,
lan gung berkahing Allah tan kenging winilang.

KPKA189: Sabdaning Allah

- 1** Sabdeng Allah Hyang Widi seksinya kitab suci
pepadhanging manungsa ing margi dugeng swarga
- 2** Sabdeng Allah Masuci wewaton gesang adi
kang mireng wah nindakna manggya tentrem raharja.
- 3** Sabdeng Allah Mamulya Nggih tetedhaning nyawa
tyang nggayuh kasunyatan samangkya tinuwukan
- 4** Sabdeng Allah Makwasa tameng nglawan panggodha
sampurna piwulangnya njangkepken tyang pracaya.
- 5** Sabdeng Allah Pangeran nggih badhe kalampahan
kang mokal datan ana wit agung pangwasanya.

KPKA190: Tyang Kang Manut Angger-Angger

- 1** Rahayu tyang utami ing lampah ngambah
margi prentahing Sang Yehuwah
rahayu kang netepi sabdanya
tyang kang manut ing sapangrehe Gustisarta tansah telaten netepi
sakarsane klawan eklas ing ati.
- 2** Marginira tyang lampah utama nggih tyang
anem jujur ing lampahira
mbangun turut mring sabdaning Allah
ngupadi Allah lan gumolong ati wah ngandhemi prasetyaning Gusti
nyingkiri dosa, panerak, pamblunthah.
- 3** Gusti mugi ngirid lampah kula manut
sabdeng suci ing salaminya
tansah karem gesang mursid nyata
cacading gesang kula kasingkirna temah kula temen trus ing manah
nindakken pranataning Sang Yehuwah,
- 4** Sabdaning Allah kang dadya dilah madhangi
kula murih mursid tansah
nggih nuntun kula bekti mring Allah
kula supaos nedya den tetepi ngestokken sagung prentahe Gusti
tan wigih kangelan dugeng ing janji

KPKA191: Angger-Anggere Pangeran

- 1** Angger angger suci peparinging Gusti
sanyata sampurna, paring pangalaman
lan kawicaksanan wah nyegerken nyawa
dhawuhipun Allah mbingahken ing manah
wit patitis sayeti prentahe Pangeran
dhatengken kraharjan krana saestu murni
- 2** Ajrih sih mring Gusti yeku lampah suci lestantun slaminya,
sabdeng Kang Murbengrat leres tanpa cacat wah adil sadaya,
linangkung endahnya munjuli sesotya lan sabarang kang peni,
dalah madu tala kasor raosira wit nengsemken ing ati.
- 3** Tyang setya ngabekti manut rehing Gusti karoban ing berkah,
sagung kang netepi dhawuh-sabdeng suci rineksa ing Allah,
sajroning panggodha wah yen den paeka tan sande linuwaran,
tyang mursid gesangnya wah tulusing driya kanggenan ing
kabegjan

KPKA192: Undhangna Sabdeng Allah

- 1** Panuntun lampah utama yeku sabdaning Allah
wulangna mring brayatira tan kendhat saben wayah

Reff: **bra undhangna sabdeng Allah paseksi sih rahmatnya
mrih samya manggih raharja sinungan gesang nyata**

- 2** Pra lare tansah pinerdi mirengken sabdeng Gusti
sarta tinuntun nindakna srana tuladha nyata

Reff:

- 3** Brayat saiweg ngabekti ndedonga lan memuji
nggegilut sabdeng sing swarga dhasaring gesangira

Reff:

- 4** Brayat nyawiji ing ati karem mring sabdeng suci
samya silih mbiyantoni ing gesang mursid yekti

Reff:

KPKA193: Mung Sawiji Kabegjan Sejati

1 Lamun lampah kula neng padhanging sabda
kula bingah wah suka rena,
Kula yakin estu Gusti nuntun temtu
mring tyang kang pitados satuhu

Reff: **mung sawiji kabegjan seja**
nggih pitados mring Gusti wah manut lan bekti

2 Yen peteng ing manah kabidhung ing susah
kula enggal nilingken sabda,
uwas myang kuwatir mesthi gya sumingkir,
anger pasrah ngayom ing sihnya

Reff:

3 Iba begja kula sajroning panggodha
kiniyatken dening sabdanya,
rineksa tan dhawah wah tan ngantos lesah,
wit saking sih rahmating Allah

Reff:

KPKA194: Sabdeng Suci

- 1** Undhangna wrata sajagad sabdeng Injil Suci
nggih paseksining sih rahmat sabdeng Injil Suci
mrih saking manungsa sinung gesang nyata
Reff: **sabdeng suci, sabdeng suci nggih sabdaning Gusti**
sabdeng suci, sabdeng suci nggih sabdaning Gusti
- 2** Undhangna wrata sabumi sabdeng Injil Suci
margining tyang gesang yekti, sabdeng Injil Suci
pepadhang sanyata, panuntun mring swarga
Reff:
- 3** Undhangna wrata sadonya sabdeng Injil Suci
margining tyang tuhu rarja sabdeng Injil Suci
adya putreng Allah, tansah sinung berkah
Reff:
- 4** Undhangna mring sagung bangsa sabdeng Injil Suci
margining tyang dugeng swarga sabdeng Injil Suci
ngayom Sang Pamarta ayem sinung begja
Reff:

KPKA195: Isining Kitab Suci

- 1 Isining kabar kabingahan winangsitken dening Pangeran
dadya srana suka piwulang margining kautaman
Reff: **dimen tyang pitados tansaha rumantos**
mbangun turut Gusti nresnani sesami
- 2 Tyang lepat kraos winelehna dening sabdaning Kang Ma'kwasa
tyang dosa gya samya mratobat nampenana sih rahmat
Reff:
- 3 Tyang lesah sinung lipur nyata karana kwasaning sang sabda
wewatekan mindhak utama wah kekah ing pracaya
Reff:

KPKA196: Sabdanipun Allah

- 1** Sabdaning Allah Hyang Widi yeku kitab suci
panuntuning gung manungsa mring lampah utama
wah mbereg mring pitobat tyang ngorong sih rahmat
nglipur manah kang sisah ngiyatken kang semplah
- 2** Mugi sabdanipun Gusti sinerat ing ati,
budi saya mindhak murni wit rehing Roh Suci,
tresna mring mengsa ugi wah dhateng sesami,
mbabar bebener nyata wah tentrem raha rja.
- 3** Sabdeng Allah Maha tresna den undhangna wrata,
winulangna dhateng brayat jan grengsenging tekad,
ing dalu, enjing, siang mrih tuwuhing iman,
tansah setya ngabekti klayan trusing ati.

KPKA197: Kembul Bujana Suci

- 1** Kula sami sesarengan kembul bujana suci
yeku pratandhaning kurban nggih kurbanipun Gusti
roti anggur ibaratnya sarira miwah rahnya
- 2** Bujana suci puniki sesengkeraning Gusti,
ingkang den agem sarana ngrimat pitados kula,
temahan saged ngarosken tentrem rahayu langgeng.
- 3** Kembul ing bujana suci martosken sihing Gusti,
denya anglampahi seda dados panebus kula,
samangke kita nekseni dimen jagad ngugerni.
- 4** Mila kang sawiyah-wiyah tan pantes pisowannya,
kedah kanthi panalangsa nggetuni dosanira,
kalayan manteb ing manah ajrih asih mring Allah.

KPKA198: Pamuji Ing Bujana Suci

- 1** Dhuh nyawaku sira saosa puji mring Pangeran
Allah Kang Maha suci
sabatinku ngluhurna asmane
dhuh nyawaku Yehuwah kamulyakna
aja lali mring gunging kadarmannya
elingana sawiji wijine
- 2** Pujinen kang ngapura dosanira
kang marasken sagung lelaranira
nebus uripmu saking antaka
kang ngerobi sira klawan kawlasan
wah maregi umurmu lan kadarman
myang ngenomke kakuwatanira
- 3** Yehuwah paring adil kang sanyata
mring saliring wong kang kinaniaya
saklangkung dennyung sung palimirma
agung sabare lan sih kadarmannya
datan salaminya nggenira duka
wah bebendunya den sirep nulya.
- 4** Sepira dhuwure langit sing bumi
samono sih kadarmane Pangeran
mring wong kang nyaosi pangabekti
sepira dohe kulon saka wetan
samono nggenira ngedohken dosa
wah panerak sing tyang kang pracaya
- 5** Kadya welasing bapa mring anaknya
mangkono Allah dennyung asih darma
mring wong kang nyaosi pangabekti
mila slamanya yogya den pepuji
kamulyane den caritakna
yekti mrih sagunging manungsa ngabekti
- 4** Pangeran Yehuwah ambeg welasan wah tansah ngegungken ing
kasabaran
sih susetyane langgeng slawase wah enggal sirep duka
bramantyane
nging tansah ngluberken sih mring tyang dosa tyang kang lepat
mesthi den apura.

KPKA199: Bujana Swarga

- 1** Wonten ing bujana swarga taksih langkung panggenan
anger tyang dosa mratobat mesthi nggih sinuruhan
Gusti ngutus pra abdinya ngundhangken ing sajagad
dhateng sawarnining jalma kang ngrumaosi cacad

Reff: **Rungokna neng swarga isih luwih panggonan
wong dosa mareka sira kang sinuruhan**

- 2** Bujana suci samangkya mbabar rasukan swargi,
anggur roti ibaratnya patunggilaning Gusti,
nggih kasucen, katentreman wah karahayon sanyata
miwah sih rahmating Allah kang ingundhangken tansah,
Reff:

- 3** Mila swawi kanca kula samya marek mring Gusti,
kang tan nampik tiyang dosa kang adreng dados suci,
sinten rumaos klepatan wah kawratan ing dosa,
anilingna sabdeng Allah kang ngundhangken sih rahmat,
Reff:

KPKA200: Bujana Suci

- 1** Bujana suci ngenegetna mring sih rahmating Allah
anggur roti mratandhani korbane Sang Kristus Gusti
ngluwar kula sing pati temah langgeng basuki
- 2** Bujana suci ngenegetna kurbaning Sang Pamarta
yogya tansah den undhangna ngantos Sang Kristus wus prapta
ngadili gung manungsa wah nyampurnakken greja.
- 3** Bujana suci nandhani tyang pracaya nyawiji
samya silih mbiyantoni ngudi kamursidan yekti
nggayuh ing kasampurnan tinunggil ing Pangeran.
- 4** Bujana suci ngenegetna tyang Kristen neksenana
Allah rukun lan manungsa krana gunging sih rahmatnya
mila mbabarna tresna rukun lan gung pepadha.

KPKA201: Timbalan Nderek Ing Bujana

- 1** Gusti nimbali kula
samya nderek ing sakramen bujana
nggih tetunggilan klayan Gusti
sarta nyawiji lan sesami
sih sinihan binabar nyata
silih leladi den tindakna
nung kula asring tan lampah tresna
aduh Gusti nyuwun pangaksama
- 2** Sakramen Bujana
ngenegetna kurbaning Sang Kristus Pamarta
anggur roti pratandha yekti
margining tyang dosa basuki
tepang klayan Allah Masuci
sarta rukun klayan sesami
nung kula taksaih asring perdondi
aduh Gusti kula nyuwun suci
- 3** Bujana kang suci
nimbal pasamuwan samya nyawiji
lir badan kang namung sajuga
namging kathah peranganira
wit niku paeksi sanyata Kristus Juru Slamet manungsa
nanging kula asring cecongkrahan
duh Gusti ngapuntena mring kula

KPKA202: Bujana Kang Sestu Sampurna

- 1** Kula sung pamuji sokur konjuk Hyang Maluhur
kang nimbali kula samya nampeni nugraha
ndherek ing bujana suci, bujana sing swargi,
yeku karaharjan yekti nggih kamulyan adi,
mbenjang yen wus mlebet swargi ing Kratoning Gusti,
kula ndherek ing bujana kang sestu sampurna

Reff: **Yogya disetya temen pracaya
ngestokken sabdanya tansah olah tresna
gesang kang sembada**

- 2** Kula samya sung pamuji konjuk Hyang Masuci
nadyan kula kathah cacad rinoban sih rahmat,
pareng ndherek bujananya tunggil pra pracaya,
angger tan ndlarung ing dosa manut rehing donya,
mbenjang yen Gusti wus prapta ngadili manungsa,
kula ndherek ing bujana kang sestu sampurna,

Reff:

KPKA203: Bujana Kang Suci

- 1** Tumurun sing swarga adi karaharjan sayekti pinaringken dening Gusti aneng bujana kang suci, mareka tyang dosa sagung kang mratobat nyuwun tulung, tampanana anggur roti pralambang panebus yekti
- 2** Sih kang tan ana tandhingan yeku kurbaning gesang, dadya panebus sayekti mrih pra manungsa basuki, timbangana klayan tresna mbangun turut trus ing driya, ing mbenjang ndherek bujana kang sampurna aneng swarga.
- 3** Pisungsung pratandha tresna sumaos Sang Pamarta, sinartan lampah utami labuh labet mring sesami, ngudi sakatoging budi mrih pasamuwan nyawiji, de yen sampun dugeng janji ndherek ing bujana swargi.

KPKA204: Pandadar Ing Bujana

- 1** Dhuh Gusti kula sung puji ing bujana suci niki
de ngraosken ing kraharjan wah kamulyan saking swarga
tetunggilan lan Pangeran yogya kula ndhandha gesang.
- 2** Dhuh Gusti kula nglenggana mring dosa nggih lepat kula
tan saged nguwalken dhiri sing rehing pati antaka
mung ngegungken sih Paduka Allah Kang Mahawilasa.
- 3** Dhuh Gusti kula ngakeni sih Paduka agung yekti
wit sedaning Kristus Gusti kula luwar saking pati
sinungan gesang sejati langgeng wilujeng ing swargi.
- 4** Dhuh Gusti kula nampeni sih rahmat luber sing swargi
kula sumarah pracaya nggih ngayom mring Sang Pamarta
dinadosken putreng Allah kang tansah numrahken berkah.
- 5** Dhuh Gusti kula prajanji wus mesthi kula tetepi
saos sokur datan kendhat tansah martosken sih rahmat
wah gesang mursid sayekti rameng gawe pamrih sepi.

KPKA205: Baptis Lare

- 1** Gusti Yesus kula sami nyaosken lare alit
mugi Gusti maringana pratandhaning sih rahmat.
- 2** Mugi Gusti njurungana ing pandonga kawula,
anak kula lestantuna dadosa kagunganta.
- 3** Anak kula agengira dadosa tyang utami,
lestantuna angsala sih sing Gusti wah sesami.
- 4** Mugi Gusti mitulungi kula tyang sepuhira,
kasagedna mulang yoga tansah bekti mring Gusti.
- 5** Gusti seda krana kula nggih krana anak kula,
sagung dosa ingaksama sami pinundhut putra.
- 6** Baptis suci mratandhani sih Paduka dhuh Gusti,
kang njalari gesang suci yeku anyaring budi.

KPKA206: Baptisipun Lare Alit

- 1** Dhuh Rama mugi ngluberna berkah
wonten ing satengahing pasamuwan,
dalih para anak kawula sowan
nampeni prasetyanipun Allah.
- 2** Pasamuwan kadadosken suci
wonten ing Asmaning Rama ing Swargi
pra lare ugi dados tyang piniji
wah pinaringan gesang sayekti.
- 3** Sang Roh Suci wah sabda Paduka
nuntun pra lare manteb ing pracaya
wit dosanya wus linebur binirat
gesang mursid yekti wit sih rahmat.
- 4** Pra lare nggih misungsungken gesang
de wus dados putreng Allah Pangeran
mbabarken tresna nyabar karaharjan
leladi mring greja lan bebrayan.

KPKA207: Nyaosken Yoga

- 1** Gusti nimbali pra lare mrih sowan
mesthi binerkahan sinung kraharkan
de pra lare kang tuhu ing pracaya
yeku ingkang darbe Kratoning swarga

Reff: **dhuh Gusti samangkya sowan kawula
nyaosaken yoga dhateng Paduka.**
- 2** Gusti nimbali pra lare mrih sowan
nggih samya dados putraning prasetyan
de pra tyang sepuh kedah nggulawenthah
nenuntun lare karem sabdeng Allah

Reff:
- 3** Gusti nimbali pra lare mrih sowan
dados gegelitaning pasamuwan
leladi mrih greja tuwu ngrembaka
wah bebrayan tansah tentrem raharja

Reff:

KPKA208: Baptis Suci

- 1** Kawula samya bebingah memuji mring Allah,
kang ngluberken sih rahmatnya mring kula tyang dosa
wit panuntuning Roh Suci kula pitados mring Gusti
temahan manggih wilujeng sinung gesang langgeng.
- 2** Kawula ngluhurken Gusti yeku Sang Pamarta,
kang maringken baptis suci mring pra kadang kula,
kinekahna ing pracaya manggul salib klayan setya,
tansah martosken Injilnya mrih sesami begja.
- 3** Gusti maringken prasetyan mring pra lare ugi,
sinungan kawilujengan wah kamulyan swargi,
katandhan ing baptis suci kagulawenthah pinerdi,
nggih dadya putraning Allah kang numrahken berkah.

KPKA209: Kabingahan Wit Wonten Baptisan

- 1** Kabingahaning ati yekti tan wonten kang nglangkungi
de kadang kang kula kasih nampeni baptis suci,

Reff: **dhuh Gusti mugi tansah mberkahana**
mrih mbabarna pracaya,
nekseni asmaning Sang Pamarta
wah gesang sembada.

- 2** Kraharjan kang ngerobi driya tan wonten timbangannya,
de anak kang kula tresnani nampeni baptis suci,

Reff:

- 3** Kabegjan kang kula tampeni tan saged den lironi,
de nadyan kula tyang kang dosa nging wus baptis samangkya,
Reff:

KPKA210: Rawuhipun Gusti

- 1** Dhuh Gusti kados pundi nggen kula sung urmat methukken klayan puji mring ratuning jagad mugi Gusti madhangi lantaran Roh Suci mrih nggen kula ngabekti mranani mring Gusti.
- 2** Sing dhampar kang sejati nggih kamulyan swargi, Gusti tedhak ing donya nunggil lan manungsa, tumut nandhang sangsara ngrembat kasisahan, ngrukunken tiyang dosa dhumateng Pangeran.
- 3** Punapa kang njalari dhuh Ratuning swarga, Paduka rawuh mriki karsa nandhang papa, mung sih piwlas Paduka dhumateng manungsa, manggiha gesang mulya nunggil lan Sang Rama.

KPKA211: Pamujine Maryam

- 1** Nyawa lan atiku bungah ngluhurken mring Allah.
dak pujekna kidung girang wit gunging kadarman,
de Allah wus ngudaneni asoring kang abdi,
lah panganggepe pra bangsa aku wong kang begja.
- 2** Gung luhur pakaryanipun wah asmanya suci,
sih rahmatnya run tumurun mring tyang ajrih asih,
pangwasa nggih kamulyannya binabarken nyata,
wit pakaryaning astanya nylametkan manungsa.
- 3** Wong kang seneng nggunggung dhiri tan bakal lestari,
dalah wong kang mengku kwasa tan langgeng rehira,
wit samya tinundhung kesah krana bramantyanya,
nging wong asor samya bingah linuhurken nulya.
- 4** Wong kang mursid ingeroban salir kang prayoga,
nging wong mursal tan keduman sihing Kang Makwasa,
pra abdine kaluberan sih rahmat tan kendhat,
wit prasetyane kang adya mring wong kang pracaya.

KPKA212: Pamujining Zakaria

- 1** Pinuji Allah Makwasa
Gustine tyang kang pracaya
De umate tinuwenan
Pinaringan pangentasan.
- 2** Sunguning tentrem raharja
wus tuwuh wit Sang Pamarta
pinaringken mring umatnya
mring trahe tyang mursid nyata
- 3** Allah ngluwari umatnya
sing tyang remen ing duraka
wah netepi prasetyannya
sung nugraha mring manungsa
- 4** Pinuji Allah murbeng rat
nggih kang nglubema sih rahmat
temah tyang pracaya yekti
angabekti tanpa wedi
- 5** Tyang mursid nggih sru memuji
nggunggungnggurqgmg mring Hyang Widi
aneng sajroning kasucen
wah ngugemi ing kayekten
- 6** Turune tyang mursid yekti
dinuta mrih dadya nabi
yeku cecalaning Gusti
ngundhangken margi basuki
- 7** Margining rahayu yekti
mung sih rahmatipun Gusti
nggih pangapuraning dosa '
wit kwasananing Sang Pamarta
- 8** Sang Surya Enjing wus prapta
madhangi sagung manungsa
mrih tyang kang aneng pepeteng
samya manggih gesang langgeng

KPKA213: Puji Konjuk Gusti

- 1** Puji konjuk Gusti ratuning swargi
Kang angesorken srira myang manjalma,
miyos wah sugengnya tansah nandhang sangsara,
mrih mulyakken jalma luwar saking dosa
Haleluya.
- 2** Puji konjuk Gusti Juru Basuki,
pra bala tantra swargi ramya muji,
wah sih rahmating Allah tumrah mring manungsa,
nggih tentrem rahayu binabar ing donya.
Haleluya.
- 3** Puji konjuk Gusti nggih Sang Pamarta,
kang gung sih lan piwlasnya mring manungsa,
yogya sinaosan pisungsunging kamu!yan,
yeku bandha nyawa pisungsunging gesang.
Haleluya.

KPKA214: Timbalan Nulad Gusti

- 1** Pinuji tansah Allah Mamirah
kang asih darma mring gung manungsa
nladhani kita welas asih nyata
mring tyang kang ringkih wah nandhang sangsara.
- 2** Pinuji-puji Gusti Ma Suci
nging sung aksama dosaning jalma
nladhani kita tansah olah tresna
nyegah kekerasan remen ngapura.
- 3** Pinuji Gusti Kang Maha Kwasa
tendhak manjalma nebus manungsa
nladhani kita mbelani pepadha
mrih tyang papa cintaka manggih rarja.

KPKA215: Cahyeng Endah

- 1** Iba endah cahyeng ratri kang nyunari jagad rat
duk praduta swarga prapti ngundhangaken sih rahmat
raharja prajalma kang sinungan kawaluyan
lantaran Sang Pamarta lantaran Sang Pamarta.
- 2** Puji konjuk Hyang Matresna kang melasi manungsa
nglepataken sing bebendu asung tentrem rahayu
manungsa sayogya ndherek muji Hyang Masuci
langgeng ing salaminya langgeng ing salaminya.

KPKA216: Kanca Agiyaka

- 1** Kanca agiyaka muji Sang Pamarta
kang nilar kamulyan ing swarga
tedhak ing donya dados bayi papa
Reff: **payo sujud ngabekti, payo sujud ngabekti**
sung-pisungsung panggunggung mring Gusti.
- 2** Kanca den tampia rawuhing Pamarta
jroning manah srana pracaya,
mrih rukun tansah klayan Allah Rama.
Reff:
- 3** Kanca agiranga ngundhangken Injilnya,
de Allah netepi prasetya,
ngentas manungsa sing kwasaning dosa.
Reff:

KPKA217: Lintang Endah

- 1** Lintang endah nyaritakna rawuhing ratu swarga
sagunging pra manungsa gya sowan asung sembah nyata
ratu swarga Maha mulya ngesorken sarira
karsa nebus manungsa
- 2** Lintang adi sung pawarti wiyosing bayi suci
tyang ngantya Sang pamarta dienggal ngabekti memuja
bayi suci yeku Gusti ngasta tentrem rarja
sinungken mring manungsa
- 3** Lintang mulya sru martosna juru slamet wus prapta
tyang remen kautaman ngaturna pisungsung pethingan
Sang Pamarta Maha tresna nuntun tyang pracaya
mlebet mring Kraton Swarga.

KPKA218: Yesus Kristus Rawuh

- 1** Haleluya Yesus Kristus ngrawuhi manungsa padhanging kamulyanipun kawuryan neng donya
- 2** Haleluya rawuhipun wit sih piwlasipun mring para umat sadarum amrih gesangipun.
- 3** Haleluya Yesus Kristus dados Juru Slamet, panutan kang setya tuhu tuwin ratu langgeng.
- 4** Haleluya, Haleluya Putranipun Allah sampaun miyos ing Betlekhem pinujia tansah

KPKA219: Warta Kabegjan

- 1** Pra pangon kang winartan agung
begja sing swarga sami kaeraman
saestu bingah ing manah
de nyata wartanya Kristus sampun prapta.
- 2** Gumeter wit padhang mulya
sakala sumunar, ing dalu punika,
nelakken tedhaking padhang
sing swarga mring donya, jer Kristus wus prapta.
- 3** Gya bidhal mundhi dhawuhnya
sanyata ing kandhang, Sang Timur pinanggya,
sawusnya sungkem ngabekti mring Allah memuji.
wit Kristus wus prapti
- 4** Pra pangon sigra wewarta
salir kang winartan, sami kaeraman,
wit kebabaring kabegjan mring jagad warata,
de Kristus wus prapta.

KPKA220: Dalu Suci

- 1** Dalu suci tidhem sami, Jeng Gusti Pamarta
tedhak manjalma krana kita
miyos wonten kandhang Betlekhem
Gustining dumadi Gustining dumadi.
- 2** Dalu suci, tidhem sami, Jeng Gusti Pamarta,
nilar kamulyannya ing swarga
wit tresnanipun mring manungsa
nladhani mring kita, nladhani mring kita.
- 3** Dalu suci, tidhem sami, Jeng Gusti maringi,
katentreman ing jagad raya
ngrukunken manungsa sadaya
mila linuhuma, mila linuhurna.
- 4** Dalu suci, tidhem sami, Jeng Gusti Pamarta,
nucekaken tyang dosa sami wah.
maringken gesang sejati
mila kaluhurna, mila kaluhurna.

KPKA221: Rawuhing Ratu Tentrem Raharja

- 1** Pra manungsa giranga mujia pra mudita
ratu nira wus prapta ratu ning tentrem raharja
pra manungsa giranga mujia pramudita
- 2** Gya ngidungna gung puji mring Gustining pra gusti
kang sung slamet mring jagad karana gungking sih rahmat
pra manungsa giranga mujia pramudita.
- 3** Gya ngluhurna Sang Mesih ratu swargi Maasih
nyirnakaken sangsara srana ngrebat sagung dosa,
pra manungsa giranga mujia pramudita.

KPKA222: Rawuhing Ratu Sejati

- 1** Ratu mulya nging ngesorken srira krana karsa nylametken tyang dosa
nandhang papa wiwit wiyosira suket alum nggedhong Kang Sinuhun
pamakanan papan sarenipun langit bumi sung sembah pamuji.
- 2** Ratu yekti ratu saking swargi tedhak donya jumeneng Pantara angrukuna Allah lan manungsa pra mlaekat ngidung nggunggung Allah de sih rahmat tumraha sumrambah karaharjan mring tyang sinarjonan.
- 3** Ratu suci ratu welas asih lintang adi surem krana sedhiih njerit nangis krana pokal wengis para bayi ing Betlekhem nagri den pejahi dening iblis nraka jagad sepi wit sungkaweng driya.
- 4** Ratu nyata ngasta tentrem rarja mbirat dosa nyirnakken antaka tyang mersudi kautamen yekti sowan Gusti asung sembah bekti wah ngaturna pisungsung mirungan tyang pracaya misungsungna gesang.

KPKA223: Allah Asih Marang Jagad

1 Kapirek swara gumyak ngumandhang saking swarga
paring wartos kabingahan tumrah mring pra manungsa
sestu Allah tresna ngantos ngutus Putranya
maringken tentrem rahayu mring para wong pracaya

Reff: **Rungokna swaranya paring wartos basuki**
Rungokna swaranya Pangeran asih mring jalmi.

2 Putreng Allah wus prepti dados Panibus yekti,
pra pangon kang winartosan bingah gya angupadi,
dununing Sang Bayi kadya wartos sing Gusti,
lumantar bala swarga lah yekti Allah tresna.

Reff:

3 Pra pangon kang wus manggya bayi yeku Sang Putra,
memuji miwah wewarta mring sakehing manungsa,
lah aja semaya marek mring Sang Pamarta,
mrih antuk gesang sejati tetunggilan lan Gusti.

Reff:

KPKA224: Adining Dinten Natal

- 1** Dinten natal dinten adi wiyosing Sang Kristus Gusti sumangga sumyak memuji sung pisungsung trusing ati wah ngundhangken sih rahmatnya sarana tumindak nyata.
- 2** Dinten natal dinten suci dinten kabingahan yekti nglipura tyang nandhang susah ngiyatna tyang semplah lesah tyang kang gesang ing pepeteng den tedahna gesang langgeng.
- 3** Dinten natal dinten mulya dinten karaharjan nyata mbelanana tyang sangsara mitulungi tyang kang papa ngrukunna tyang samya dredah numrahna berkahing Allah.

KPKA225: Kang Pinilih Ing Rawuhe Gusti

- 1** Betlehem ing Efrata saestu prasaja
nging pinilih ing Gusti dadya negri adi
dene neng kandhang kewannya miyosing Sang Pamarta
Allah sung waluya tan mawang manungsa.
- 2** Pra pangon tyang kang ringkih, asor, melas asih
winartanan mlaekat margining sih rahmat
de kang sinungan waluya mung kang rumaos dosa
Allah Maha Asih mbelani tyang ringkih.
- 3** Pra pandhita sing wetan tyang remen kraharjan
winedharan wewadi Gustining pra gusti
samukawis kang neng jagad nggih ngundhangken sih rahmat
tyang kang maspadakna manggih tentrem rarja.

KPKA226: Kamulyakna

- 1** Kamulyakna Hyang Maagung ing suwarga ing suwarga
tentrem rahayu ana ing bumi ing manungsa kang sinarjonan
kluhurna Allah neng swarga kluhurna Allah neng swarga
tentrem rahayu ana ing bumi tentrem rahayu ana ing bumi
ing manungsa ing manungsa kang sinarjonan
ing manungsa kang sinarjonan kang sinarjonan
pinujia pinundhia Hyang Ma agung ing suwarga lan ing bumi
tentrem rahayu ana ing bumi ing manungsa kang sinarjonan
amin, amin.

KPKA227: Sang Pepadhang Sejati

- 1** Sang pepadhang sejaati samangkya wus prapti nyirnakna rehing pati mrih jalma basuki.
- 2** Sang pepadhang sayekti wus rawuh ing bumi mbirat kwasaning dosa sung tentrem raharja.
- 3** Sang pepadhang sanyata manjalma manungsa ngasoraken pepeteng sung gesang kang langgeng.
- 4** Sang pepadhang jagad rawuh sung sih rahmat mrih tyang pracaya pasrah dadya putreng Allah.
- 5** Sang pepadhang satuhu rawuh jroning kalbu nenuntun tyang pracaya nulad Sang Pamarta.

KPKA228: Sang Ratuning Katentreman

- 1** Bangsa kang mlampah neng pepeteng sumerep pepadhang langgeng samya ngidungken kabingahan lir kraharjan ing panenan de pasangan saha rembatan nggih panindhes kasangsaran saestu sampun kasirnakna wit Sang Pamarta wus prapta.
- 2** Wus miyos Sang Bayi kang suci yeku ratu adil yekti asmane sestu maha kwasa penasehat elok nyata nggih Gusti Allah kang prakosa Rama kang langgeng slamanya ratunipun tentrem raharja yogya tansah den pepuja.

KPKA229: Linuhurna

- 1** Gya linuhurna Gusti Pamarta karsa rawuh ing donya
Jagad bilai Kristus ngrawuhi swawi sami den pepuja
rawuhe Gusti datan ngadili malah ngluwari tyang dosa
- 2** Gya linuhurna Gusti Pamarta karsa mlasi manungsa,
jagad bilai Gusti ngrawuhi karsa nucekken tyang dosa,
dyan memujia saha mulyakna asmanipun Hyang Makwasa.
- 3** Gya linuhurna Gusti Pamarta ingkang karsa manjalma
jagad bilai Gusti ngrawuhi karsa ngentas tiyang dosa,
para pracaya sami tresnaa mring Gusti wah mring sesami

KPKA230: Kabingahan Ingkang Sejati

- 1** Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki
pasamuwan regeng yekti sesarengan angabekti
memuja, misungsung, ngaken dosa lan nyenyuwun
bingah bingah trusing manah sung kabegjan dhateng liyan
numrahna ! raharja wit wus prapta Sang Pamarta
- 2** Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki
brayat sami tetunggilan wah ngabekti sesarengan
ngundhangna Injilnya mrih salir tyang gesang nyata
ngluwarana tyang sangsara wah mbelani tyang prih ati
mrih samya rahayu wit Sang Kristus sampun rawuh
- 3** Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki
pepanggihan lan pra mitra sesarengan aneng greja
memuji mring Gusti wah leladi mring sesami
angrukunna tyang congkrahan wah nyirnakna kamitegan
ngegungna sih tresna Kristus Gusti sampun prapti

KPKA231: Kaelokan Sayekti

- 1** Kaelokan sayekti Allah ngesorken dhiri dadya manungsa
papa miyos neng kandhang nistha nladhani sagung manungsa
welas asih tresna nyata ngapunten sagung lepat dosa
sayogya memuja Allah asih manungsa.
- 2** Mukijad kang sejati Allah manjalma yekti
tanpa sipat bendaro nging ngladosi pepadha
nladhani sagung manungsa labuh labet trus ing driya
ngarah gesang tentrem raharja
sayogya sudara ngegungna asih tresna.
- 3** Pangeram-eram nyata Allah dadya manungsa
ngrentahken sih rahmatnya mrih manungsa waluya
nladhani sagung manungsa mbelani tyang ringkiah papa
nyirnakna panandhang sangsara
sayogya pra kanca mbabama tresna nyata

KPKA232: Kidung Dinten Natal

- 1** Swawi kanca sumyak sung puja ing dinten adya punika
Sang Pamarta mangkya manjalma miyos dados bayi papa
wit gung sihnya mring manungsa karsa nylamet ken gung tyang dosa
- 2** Swawi kanca asung panggunggung aneng dinten natal agung
Allah wus ngluberken sih rahmat mring tyang dosa nggih mratobat
sagunging tyang pracaya pasrah dinadosken pra putrng Allah
- 3** Swawi kanca ngulukken puji ing dinten suci puniki
Allah nebus jalma sing pati mrih sinungan gesang yekti
Tansah dadya lantaran berkah tentrem rarja sumrambah tumrah
- 4** Swawi kanca ngaturken sembah aneng dinten natal endah
Allah ngruwat jalma sing dosa sinucekken gesangira
mrih dadosa seksi sembada Kratoning Allah tedhak donya.

KPKA233: Panyuwun Mring Gusti Ing Dinten Natal

- 1** Dhuh Gusti Sang Pantara kawula nglenggana
kadya Zakharia bapa tan manteb pracaya
mugi ing natal niki Gusti sung aksami.
- 2** Dhuh Sang Pamarta Gusti kawula ngakeni
kadya Herodhes raja watek kamitega
mugi ing natal dinten Gusti angapunten
- 3** Dhuh Gusti Yesus Kristus nggih adrenging manah
saged lir Maryam Yusup sumarah mring Allah
mugi natal kang adya nuwuhna pracaya.
- 4** Dhuh Yesus Kristus Gusti kula ngimpi-impi
saged lir pra pandhita sung pisungsung adya
mugi natal punika mbereg manah loma.
- 5** Dhuh Putreng Allah Yekti panyuwun kawula
tansah sareng mlaekat memuji tan kendhat
natal niki ndadosna mindhak ajrih tresna.
- 6** Dhuh Gusti Putreng Allah niyat kula tansah
lir pangen ing Yudea nekseni Pamarta
mugi natal puniki nyantosakken ati.

KPKA234: Allah Tumedhak Manjalma

- 1** Allah ngesorken srira wit nglabuhi jalma
manungsa tan waluya ngendelken dhirinya
mung karana tresna gesang tentrem raharja
tyang lepat tinuntun tobat sranaden apura.
- 2** Allah tedhak manjalma wit gung ing sih tresna
ngrukunken pra manungsa klayan sariranya
mung tyang wani ngalah luhur bebudenira
tyang kang remen karukunan sinihan Pangeran.
- 3** Allah ngurbanken srira wit gung ing sih rahmat
nimbalii pra tyang dosa mrih samya mratobat
nggih remen kraharjan nyegah kadurakan
wah nyirik mring kekerasan ngegungken kawlasan.

KPKA235: Sang Ratu Adil Sejati Wus Prapti

- 1** Sang Ratu Adil sejati
samangkya sestu wus prapti
maringken tentrem raharja
tumrah mring sagung manungsa.
- 2** Nebus manungsa sing dosa
paring kasucening driya
mrih samya tresna-tinresnan
nebihana memengsahan.
- 3** Nyirnakken dayaning pati
wah malih nganyarken budi
mrih adil bebener yekti
den udi kang trusing ati.
- 4** Ngluberken gunging sih rahmat
nuntun tyang dosa mratobat
mrih salir tyang ingurmatan
cundhuk klayan kamanungsan

KPKA236: Allah Nunggil Mring Jalmi

1 Bayi kang tanpa kamulyan ginedhong neng pamakanan,
nging yeku Gustining pra gusti manjalma sung gesang yekti,

Reff: **Tansah pinuja Allah Mamulya kang ngasihi pra manungsa
tentrem raharja tumrah neng donya wit sang Pamarta wus prapta.**

2 Tyang kang ngantya kaslametan winartan wartos kabegjan
pangluwaran sing rehing dosa srana nampi Sang Pamarta
Reff:

3 Tyang asor dalah tyang luhur sung pisungsung tandha sokur
mring ratuning swargi kang prapti yeku Sang Juru Basuki
Reff:

4 Yogyakarta nggih memuji methukken rawuhing Gusti
mbikak manah mrih sinucekken temah manggih gesang langgeng
Reff:

KPKA237: Wiyosipun Gusti

- 1** Hosiana Gustiku rawuh saking ngaluhur
Hosiana Gustiku rawuh saking ngaluhur
Pra manungsa sajagad den paringi sih rahmat
gedhe cilik tan kliwatan payo muji Pangeran.
- 2** Hosiana Gustiku rawuh saking ngaluhur
Hosiana Gustiku rawuh saking ngaluhur
pra manungsa sadonya samya ingereh dosa
samangkya sinung apura wit Sang Kristus wus prapta.
- 3** Hosiana Gustiku rawuh saking ngaluhur
Hosiana Gustiku rawuh saking ngaluhur
pra manungsa sabumi samya winengku pati
samangkya sinung basuki dening sang Kristus Gusti.

KPKA238: Gloria Konjuk Hyang Maha Luhur

- 1** Sing saindenging bawana ngumandhang kidung puja,
methukken mring Sang Pamarta, kang manjalma neng donya
Gloria Allah Maha mulya Gloria Allah Maha mulya
- 2** Pujining kasukan nyata, pangluwaran sing dosa,
tentrem raharja neng bumi wit Sang Pamarta prapti,
Gloria Allah Mahamulya, Gloria Allah Mahamulya.
- 3** Kidung panggunggung mring Gusti,
kang gung ing sih piwlasnya,
de rawuhnya tan ngadili nging nylametken manungsa,
Gloria Allah Mahamulya, Gloria Allah Mahamulya.

KPKA239: Rawuhing Sang Imanuel

- 1** Sang Imanuel nya prapta anglari sagung manungsa
li nuwaran sing naraka temah raharja slaminya
pra makluk wrata mujia Sang Imanuel nya prapta.
- 2** Gusti Panebus nya prapti netepi wecaning nabi
sagunging tyang kang pracaya pinaringan kraton swarga
pra makluk wrata mujia Sang Imanuel nya prapta.
- 3** Sang Pamarta tedhak donya ngrukunken sagung manungsa
kinen samya silih tresna mrih jagad tentrem raharja
pra makluk wrata mujia Sang Imanuel nya prapta.

KPKA240: Pamuji Ing Dinten Natal

- 1** Pamuji mring Gusti kang trusing ati
ing dinten riyadi natal puniki
prihatosing driya ginantos bingah,
kuwatosing donya sirna wit berkah.
- 2** Pamuji tan kendhat mring Kang Murbengrat,
kang paring sih rahmat tumrah mring jagad,
nggesangken tyang semplah mrih nglawan pati,
ngiyatken tyang lungkrah mrih gesang suci.
- 3** Pepujen panggunggung konjuk Kang Magung,
kang ngutus Sang Putra dadya Pamarta,
nucekken manungsa sung gesang yekti,
nuntun tyang pracaya setya ngabekti.
- 4** Pepujen kang tulus konjuk Sang Kristus,
sing dhamparing swarga tedhak manjalma,
nuladhani kita wah sagung titah,
nandukken sih tresna dalam mring mengsa.

KPKA241: Warta Basuki

- 1** Mring tyang asor wah tyang prasaja
kang angantya mring Sang Kristus
Mlaekat sing swarga sung warta rawuhira Sang Panebus
mung bayi kang tanpa kamulyan ginedhong neng pamakanan
yeku Sang Mesih kang wineca nggih Allah kang manjalma.
- 2** Mring bayi papa tanpa pamor
nging yektine Sang Pamarta,
sung abekti lan andhap asor miwah anteping pracaya,
kang nepangken jagad lan swargangrukunken Allah lan jalma,
wit nyirnakken dayaning dosa mila Gusti manjalma.
- 3** Mring tyang kang angantya Pirdus
yekti tentrem raha raja ing bumi,
bra undhangna warta basuki rawuhing Sang Kristus Gusti,
pujinen Allah Maha tresna sung Pamarta mring manungsa,
lu huma Allah Mawilasa de netepi prasetya.

KPKA242: Sang Pamarta Wus Manjalma

- 1** Ing Betlehem kang tan aji wus miyos Sang Bayi
ratuning para ratu Gustining pra gusti
Reff: **rungokna kidung puja sing pra bala swarga**
Sang Pamarta wus manjalma sung urip sanyata.
- 2** Sang Bayi papa lan sudra nging gung pangwasanya,
mbirat salir sangsara nyirep rehing dosa,
Reff:
- 3** Sang Bayi kang tanpa daya wit ngesorken srira,
mbabar jatining tresna yogya den tulada,
Reff:
- 4** Sang Bayi jalma sampurna nggih bekti tan cacad
kang sung tentrem raharja wit gunging sih rahmat,
Reff:

KPKA243: Rawuhing Ratu Adil

- 1** Kabingahan kang sejati nyrambah ing bumi
Ratu adil sampun prapti jagad tentrem yekti
manungsa basuki makluk wrata saOs bekti.
- 2** Karaharjan kang sanyata tumrah mring manungsa,
Sang Pamarta wus manjalma ngrembat salir dosa,
nyimakken antaka sagung bangsa asung puja.
- 3** Kaslametan wit sih rahmat sinungken mring jagad,
Kristus prapta mbabar tresna temah tentrem rarja
rukun trusing driya salir titah muji Allah.
- 4** Warta adya tuhu warta sing Allah Matresna
Kristus Gusti mbikak swargi begja tyang pracaya
sinung gesang nyata yogya tansah den undhangna

KPKA244: Daluadi

1 Dalu adi abyor cahyeng kartika
dalu suci miyosing Pamarta
jagad raya kang risak wit duraka
den pulihken pindha Pirdus mulya
pra manungsa kang sangsara
wit dosa linuwaran mrih tentrem raharja

Reff: **mangga sujud saOsbekti mring Gusti**
dalu adi Panebus wus manjalma
dalu suci Sang Kristus wus prapta.

2 Dalu adi lintang panjer sung cahya,
dalu suci rawuhing Sang Putra,
bayi suci rinengga kaapesan
karsa mbikak korining kaswargan,
angrukunken Allah klayan manungsa
wah sung gesang sayekti sampuma
Reff:

3 Dalu adi Sang putra tedhak donya,
dalu suci mlaekat sung puja,
kang Mamulya karsa ngesorken srira,
ngrebat dosa mrih jagad slameta,
dayaning pati mangkya ingasorken,
pra manungsa sinung gesang langgeng
Reff:

KPKA245: Sang Ratu Swarga Prapta

- 1** Kanca suraka agiyaka
Sang Ratu swarga mangkya prapta
ngluwar kula sing bebandan
salir kasusahan ing driya
mangkya dadya pamuji
suka wit sang Putra sampun prapta
- 2** Samangkya swarga wus binuka
jatining tresna binabarna
de Allah ngesorken srira
Sang Pamarta tedhak mring donya
wah manjalma sami tyang papa
nylametken sagung manungsa.
- 3** Pepadhanging jagad wus prapta
sung sih rahmat mring pra manungsa
dimen samya wilujenga
Kang Makwasa ngesorken srira
paring tuladha mring manungsa
olah tresna trusing driya.

KPKA246: Sangsaranipun Gusti

- 1** Dhuh Yesus kula sinandhangan wirang
rikinarya makutha pinoyok tyang kathah
rinangket lir durjana, cinampah siniya
dhuh Allah punapaa, tan ngeman kang Putra.
- 2** Dhuh Yesus kang Masuci ingganggep durjana,
wit dosa kula ugi Paduka pinenthang,
sestu nggen kula getun de nglawan mring Gusti,
mugi Paduka tuntun mrih gesang utami.
- 3** Dhuh Yesus kang wineca jumeneng Pantara,
mugi pra kagunganta den tansah engeta,
sangsara lan kwirangan nggih salib Paduka,
mrih tiyang dosa sami manggih gesang yekti.

KPKA247: Pamuji Ing Jumat Agung

- 1** Ing dinten adi puniki kula muji mring Gusti
kang dados juru basuki karsa ngurbanken dhiri
sinalib dumugeng seda nyangnggi bebendu ning dosa
mrih tyang pracaya waluya, rinukunken klayan Allah,
nggih dinadosken PutraNya cinadhing kraton swarga.
- 2** Ing dinten riyadi niki kula nggunggung mring Gusti,
kang gung tresnanya mring jalma ngantos nombokken nyawa,
kang nimbali pra pracaya nderek tunggil ing sedanya
nampik kepincuting dosa tansah ngudi gesang suci,
mbangun turut dhateng Gusti mrih asih trusing ati.

KPKA248: Sangsaruning Gusti

- 1** Saiba sangsaruning Gusti anyanggi bebendu
nadyan tan dosa nging sinami lir durjana satru
ingukum kisas nggegirisi tan kendat siniya
jinemalan lajeng kasalib anemahi seda.
- 2** Sanadyan Gusti tanpa dosa nglampahi pinenthang,
nggenNya ngrembat dosaning jagad tumanduk salir tyang,
nggenipun masrahaken nyawa dhasar dipun sedya,
karsanya nebus tiyang kathah nggih kula sadaya.
- 3** Gusti sinalib ambabarken sihe Allah Rama
ingkang Putra den tegakaken mrih kraharjan kula,
saiba sih piwlase Allah dhateng tiyang dosa,
sami pinaringan apura lantaran kang Putra.
- 4** Sinalibing Gusti ngosikken tyas kula sadaya,
ngraosaken labuh labetnya anombokken nyawa,
sestu kula rumaos begja tampi katresnannya,
prayogi yen kula wangsuli pitados wah bekti.

KPKA249: Gusti Yesus Sinalib

- 1** Gusti Yesus sinalib, sinrahken Allah priyangngga,
karsa nyangga paukuman
myang laknat dados lintuning jagad.
- 2** Gusti Yesus sinalib sinami lan tiyang dosa,
nging yektine dosa duraka
kita sinanggi ing sriranya.
- 3** Gusti Yesus sinalib ngurbanken srira pribadya,
mrih manungsa rukun klayan
Sang Rama temah gesang raharja.
- 4** Gusti Yesus sinalib nyirnakken kwasaning dosa,
marginira rukuning sagung jalma
tan mawang liyan bangsa.
- 5** Gusti Yesus sinalib nyirnakken dayaning pati,
tyang pracaya tinuntun gesang suci
wah tresna trusing ati.
- 6** Gusti Yesus sinalib nepangken jagad lan swarga,
mrih pra jalma manjing putraning Allah
dados margining berkah,
- 7** Gusti Yesus sinalib wit sing gunging sih tresnane,
prayogane kita ndherek tindaknya
mbangun turut Sang Rama.

KPKA250: Kapotangan Kula Dhateng Gusti

- 1** Dhuh Pamarta ingkang seda nebus kula saking dosa
temah kula dados putra ingkang darbe gesang nyata
dene kula nyaur napa? Dene kula nyaur napa?
Gusti sampun nebus kula dene kula nyaur napa.
- 2** Dhuh Pamarta ingkang seda sinalibken ing Golgota,
tinegakken dening Rama tombok nyawa krana kula,
dene kula nyaur napa? dene kula nyaur napa?
Gusti sampun tombok nyawa dene kula nyaur napa?
- 3** Dhuh Pamarta ingkang seda nyanggi bendu mikul dosa,
tedhak ing teleng antaka wit nglabuhi dhateng kula,
dene kula males napa? dene kula males napa?
Gusti nglabuhi mring kula dene kula nyaur napa?
- 4** Dhuh Pamarta kula ingkang seda ngurbanken rah tan srira,
nucekken gesang kula wah anyadhang kraton swarga,
dene kula saos napa? dene kula saos napa?
Gusti sampun kurban srira dene kula saos napa?

KPKA251: Yesus Abdining Sang Yehuwah

- 1** Abdining Sang Yehuwah, yekti mung Yesus Gusti
kang sumuyud mring Allah sampurna suci
kang ngurbanken dhiri wit tresna yekti
mrih sesami raharja mulya ing swarga
- 2** Pindha cempening kurban kang pasrah tan suwala,
ing ngarseng pangadilan seksinya dora,
datan mbikak lathi milaur pati,
lila legawa tulus dados Panebus.
- 3** Sinami tyang duraka sinalib lir durjana,
sinengitan ing jagad tinampik umat,
sangsara sedanya wit ngrebat dosa,
mila tyang kang pracaya gesang raharja.

KPKA252: Lelabetanipun Gusti

- 1** Kula rumaos kang trus ing batos
wit kula dosa Gusti sangsara

Reff: **Ooo kula tiyang kang kawlas asih
amlas arsa den labeti Gusti dugeng seda.**

- 2** Kula getun sestu trus ing kalbu,
wit kula klenetu Gusti sinapu,
Reff:

- 3** Kula ngakeni kang trus ing ati,
wit kula ndlarung Gusti pinenthang,
Reff:

- 4** Kula nglenggana trus ing wardaya,
wit kula duraka Gusti seda,
Reff:

KPKA253: Neng Getsemane

- 1** Neng taman Getsemane Gusti nyangga siksa miwah bebendu
nglawan pagirising pati krana gunging dosaku

Reff: **yogya nggonku nanggapi sih rahmate Gusti
yekti amung sawiji pracaya lan bekti.**

- 2** Gusti Kristus ingewan-ewan ginebagan sarta sinapu,
srirane nandhang kanisthan krana gunging dosaku,
Reff:

- 3** Gusti sinami lan durjana nir pamore ratuning ratu,
dadya kurban tan suwala krana gunging dosaku,
Reff:

- 4** Gusti sinalib ing Golgota wit sih tresnanya kang satuhu,
seda tedhak mring naraka krana gunging dosaku,
Reff:

KPKA254: Yesus Yekti Pamarta

- 1** Yesus Sang Pamarta yekti wus ngawonken pati
sanadyan sinalib seda nanging wungu nulya
pindha wihi kang katanem lir sirna krana kapendhem
nulya tuwuh lan ngrembaka sarta angrebda wohira
Gusti wungu unggul sing antaka.
- 2** Yesus yeku yekti Gusti ingkang mengku gesang,
pra pracaya nggih pra suci tan ajrih sumelang,
yen sisah tan nganti semplah krana Gusti nunggil tansah,
yen katempuh kasangsaran Gusti paring pangluwaran,
wusananya sampurna ing swarga.
- 3** Yesus Gusti kang Mamulya, ngutus pra pracaya,
kinen angurbanken dhiri nglabuhi sesami,
mrih jagad anyar binabar tentrem raharja tan samar,
nulad Gusti ing karyanya kang sampun ngurbanken srira,
wit tresnanya mring sagung manungsa.

KPKA255: Sang Kristus Manungsa Sampurna

- 1** Manungsa sampurna yekti yeku Kristus Gusti
mbabarken tresna nyata srana kurban nyawa
sangsara dumugeng seda nebus gung manungsa
temahan samya waluya luwar sing antaka
- 2** Sang Kristus jalma sampurna mbabar tresna nyata
saliring tyang den tresnani dalah kang mengsahi
tan nandukken kekerasan ngegungken kadarman
yogya samya den tuladha olah tresna nyata.
- 3** Sang Kristus manungsa suci citreng Allah yekti
labuh labet mring sesami leladi lir abdi
sinalib nggih den lampahi mrih jalma basuki
lampah gesang gung utami mung nulad mring Gusti.

KPKA256: Mandeng Yesus Kang Kasalib

- 1** Mandeng Yesus yeku Gusti
kang sinalib wah ngemasi
sirna gumunggunging ati
nging ngorong mring urip suci.
- 2** Neng ngarseng salibing Gusti
drajad, bandha tan pangaji
kang utami wung sawiji
gesang lan wilujeng yekti
- 3** Sihing Gusti sestu agung
tan saged kula sung liru
yogya kang dadya pisungsung
jiwa raga bekti sestu.
- 4** Yesus Masuci sampurna
pinenthang wit nebus kula
tuladhaning olah tresna
mring tyang nyatru wah pra mitra.

KPKA257: Ing Golgota

1 Sinalib ing Golgota Putraning Allah seda
wit dadya kurban sanyata nggih ngruwat manungsa dosa
naraka wah antaka kwasane den sirnakna
saliring tyang winenganan korining Kraton swarga

Reff: **ing Golgota Gusti seda marginira gung manungsa
mardika gesang nyata.**

2 Sinalib ing Golgota Putraning Allah seda
nyulihi sagung manungsa anyanggi bebendu dosa
nyirnakken rehing pati mbabarken tresna yekti
wah nepangna jagad swarga mrih gesang tentrem rarja,
Reff:

KPKA258: Kemenanganing Tresna

1 Sang Kristus Ma suci nging sinalib ngemasi
wit pangadilan tan adil wah seksine dora
jagad ngumbar kekerasan lan dosa
de Sang Kristus mbabarken tresna nyata

Reff: **Kristus seda den paeka nging wungunya yeku tandha kemenanganing tresna.**

2 Sang Kristus Ma asih tetulung sepi pamrih
ngluwari tyang kang sangsara nglipur tyang kang sedhih
ning jagad nganggep Kristus madeg kraman
temah Kristus sinalib lir durjana,
Reff:

3 Sang Kristus Mamirah tansah ngluberken berkah
nindakken mukijjad margine sih rahmat tumrah
ning jagad nganggep nyenyamah mring Allah
Kristus Sinalib sinami tyang mblunthah,
Reff:

KPKA259: Rahe Gusti Panebus Yekti

1 Nadyan Gusti suci tan dosa nging sinalib sami durjana
dadya kurban ingkang sampurna ngruwat manungsa

Reff: **rahe kang suci panebus yekti**
sagung dosa linebur sirna angger pracaya.

2 Aneng salib Gusti siniksa, wah tinegakken Allah Rama,
pegat nyawa tedhak mring nraka, krana manungsa

Reff:

3 Nir kamulyan kwasaning Gusti, tanpa aji nggene ngemasi,
wit karsa mbikak kori swargi, kangge pra jalmi,

Reff:

KPKA260: Sang Kristus Gusti

1 Sang Kristus Gusti Maha mulya
tedhak mring bumi lan manjalma
ngesorken srira pindha abdi ngruwat
tyang dosa mrih basuki

Reff: **pra tyang pracaya bra wartakna
Injil kang suci salaminya
tan ajrih geter was ing driya
wit Gusti nganthy salaminya.**

2 Sang Kristus Gusti Mahasuci,
sinalib seda ngrembat dosa,
manungsa rukun lan Sang Rama,
tan nate lesah ing wardaya.

Reff:

3 Sang Kristus Gusti sampun wungu,
dayaning pati kawon sestu,
gesang sejati binabarna,
mrih tyang sabumi araharja.

Reff:

4 Sang Kristus Gusti munggweng swarga
nggih tansah nganthy kagungannya,
mrih unggul yuda nglawan dosa,
temah sampurna gesangira,

Reff:

KPKA261: Tinebus Babar Pisan

1 Uwal sing laknat kabegjan kita
Gusti wus seda ambirat dosa
temah luwar sing paukuman
pangluwaran babar pisan

Reff: **babar pisan denny nulungi babar pisan denny ngasihi
rumaketa ing pamenthangan mesthi luwar babar pisan.**

2 Saiki kita padha mardika
Gusti wus nanggel ing slamet kita,
linuputken sing karusakan
sinuceken babar pisan,
Reff:

3 Putrane Allah sebutan kita
kang tilas nyatru pinundhut putra,
kang pinaringan urip anyar
wit tinebus babar pisan,
Reff:

KPKA262: Panglipur Kang Sejati

- 1** Panglipur ingkang sejati mung sih rahmate Gusti
Sang Kristus kang tanpa dosa dados kurban sampurna
sinalibken temah seda tinegakken Sang Rama
ngruwat nglebur sagung dosa mbikak margining swarga
ngruwat nglebur sagung dosa mbikak margining swarga.
- 2** Panglipur ingkang sejati mung sih rahmate Gusti,
Kristus Panebus satuhu samangkya sampun wungu,
lebur pangwasaning dosa nir dayaning antaka,
Kristus mulya munggweng swarga dyan jumeneng pantara,
Kristus mulya munggweng swarga dyan jumeneng pantara.
- 3** Panglipur ingkang sejati mung sih rahmate Gusti,
salir tyang winengku pati sinungan gesang yekti,
ndherek seda lan wungunya ndherek ing kamulyannya,
ngrucat sagung gesang lami gesang enggal gumanti,
ngrucat sagung gesang lami gesang enggal gumanti.

KPKA263: Etuking Karahayon

- 1** Wonten rah kang suci mancur neng ardi Golgota
nggih rahiipun Gusti Yesus kang ngicalken dosa
kang ngicalken dosa kang ngicalken dosa
nggih rahiipun Gusti Yesus kang ngicalken dosa.
- 2** Wonten rah kang suci mili neng Golgota ardi,
raeing Putranipun Allah sung gesang slaminya,
sung gesang slaminya sung gesang slaminya,
raeing Putranipun Allah sung gesang slaminya.
- 3** Mblabar rah Suci tan dosa ing salibing laknat,
raeing kurban kang sampurna ngluberken sih rahmat,
ngluberken sih rahmat ngluberken sih rahmat
raeing kurban kang sampurna ngluberken sih rahmat.
- 4** Wonten rah kang suci wutah ing salib kang nistha,
raeing kurban kang sejati kang nuntun mring swargi,
kang nuntun mring swargi kang nuntun mring swargi,
raeing kurban kang sejati kang nuntun mring swargi.

KPKA264: Mandeng Salib

- 1** Srana mandeng salib ing Sang Kristus Gusti
salir tyang darbe gesang yekti,
wit Putraning Allah wus sinalib seda
ngrembat lakanat dosaning jagad

Reff: **Swawi den pandeng**
srana mandeng salibing Sang Kristus Gusti
salir tyang darbe gesang yekti.

- 2** Srana mandeng salibing kurban sejati,
salir tyang gesangnya raha raja,
was sumelang wah ajrih wus tan ndayani,
wit winengku rahmating Gusti,
Reff:

- 3** Srana mandeng salibing Panebus yekti,
salir tyang gesangnya utami,
tansah ngarah kasampurnan aneng swargi,
nilar sagunging gesang lami,
Reff:

KPKA265: Salibing Sang Pamarta

- 1** Sinalib ing Golgota temah dugeng seda
Yesus kang tanpa dosa nebus gung manungsa
Reff: **Salibing Pamarta tuladha sanyata**
mbelani mring sesami wit tresna sayekti.
- 2** Yesus rinoban siksa sinami durjana,
wit ngrimati tyang nandhang nulung tyang sangsara,
Reff:
- 3** Kristus ingewan-ewan siniya mrih mati,
wit nandukken katusnan mring tyang kang mengsahi,
Reff:
- 4** Gusti siniya-siya ingina tan kendhat,
wit ngasihi tyang dosa nuntun mring pitobat,
Reff:
- 5** Sang Mesih den bagi tinaton sliranya,
wit tan pamrih nglabuhi bener adil nyata,
Reff:

KPKA266: Sihe Allah

- 1** Wit Allah asih manungsa, masrahken Putranira
dados kurban kang sampurna sinalib dugeng seda,
sih rahmat kang lelahanan nylametken babar pisan
angger tyang purun pracaya luwar sing pati ing nraka
Allah asih manungsa pinujia slaminya.
- 2** Punika sih kang ngeramken yoga dipun tampeni,
tyang dosa karukunaken manjing putreng Hyang Widi,
gung dosanya ingaksama sinantunan budinya,
nilar pratingkah nistha nglampahi pakarti mulya,
Allah asih manungsa pinujia slaminya.
- 3** Punika sih ingkang nyata wit Allah tansah setya,
lamun tyang nilar sih rahmat tinuntun mring pitobat,
dimen tansah gesang suci ngarah ingkang utami,
nggih'kasampurnan ing swargi langgeng tunggil klayan Gusti,
Allah asih manungsa pinujia slaminya.
- 4** Punika sih kang sejati nggih sihe Allah Rama,
nitahken gesang sejati tansah mbabarken tresna,
tetulung sepi ing pamrih ngaksama trusing galih,
tansah ngarah ing kraharjan wonten ing gesang bebrayan,
Allah asih manungsa pinujia slaminya.

KPKA267: Wungunipun Gusti

- 1** Swawi pra kanca girang memuji
Kristus sinalib wus wungu yekti
Pamarta kita wungu sanyata
mangkya jumeneng ratuning gesang
Gusti Panebus prange wus unggul,
pati wus kalah kwasane sirna.
- 2** Tyang Kristen samya girang memuja,
dene bebendu pawehing dosa
wus sirna estu wit Gusti wungu
mung karaharjan sarta kabegjan
sinungken kita sing Sang Pamarta
wungune Gusti yeku panjernya.
- 3** Swawi pra kanca girang memuja
Sang Kristus Gusti unggul sing pati
nunggil mring kita tyang kang pracaya
Kristus panjernya tangining raga
gesang sampurna neng Kraton swarga
mung nggunggung tansah ngluhurken Allah.

KPKA268: Wungunipun Gusti Panglipur Kula

- 1** Gusti wungu sing seda sampun ngawonken antaka wungune Sang Pamarta panjernya tangining raga ngrasuk gesang sampurna yeku panglipur kula.
- 2** Gusti wus wungu yekti jumeneng ratu ing swargi sagunging tyang pracaya nggih ndherek ing kamulyannya niku prasetyan nyata yeku panglipur kula.
- 3** Gusti wungu sanyata mangkyu jumeneng Pantara tyang kang temen pracaya rineksa sing rehing dosa temah ayem ing driya yeku panglipur kula.
- 4** Gusti wungu saestu jumeneng Panebus tuhu nadyan tyang memoyoki nging kanyatan dadya bukti Gusti ngantri slaminya yeku panglipur kula.

KPKA269: Pamarta Kula Agesang

- 1** Pamarta kula agesang
tyas kula mila agirang kang sinalib gesang,
dennya seda krana kula wungune
dados panjernya, kula ndherek gesang
gesang, gesang, Pamarta kula agesang,
gesang, gesang, Pamarta kula agesang.
- 2** Gesang Gusti kang wus seda
lebur panguwasaning dosa salir tyang raharja
gung sihe Gusti mring kula
mila sinung gesang nyata kula ndherek gesang,
gesang, gesang, Pamarta kula agesang,
gesang, gesang, Pamarta kula agesang.
- 3** Gusti gesang lajeng minggah
dhateng tengenipun Allah jumeneng pantara
sihnya angayemken manah gesangnya
nuwuhken bingah yogya den pepuja,
gesang, gesang, Pamarta kula agesang,
gesang, gesang, Pamarta kula agesang.
- 4** Gusti Pamarta kang gesang
nimbal i marek salir tyang, kinen pracaya
tan wonten gesang sejati
namung krana Yesus Gusti kang agesang mulya,
gesang, gesang, Pamarta kula agesang,
gesang, gesang, Pamarta kula agesang.
- 5** Tyas kula saestu girang de gadhah
Pamarta gesang, pangrehe slaminya
mila kula darbe tekad ngundhangken
Injil mring jagad dimen ndherek gesang,
gesang, gesang, Pamarta kula agesang,
gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

KPKA270: Gusti Sampun Wungu

- 1 Gusti sampun wungu, Gusti sampun wungu
saestu sampun wungu
kwasaning pati sampun sirna
tyang kang pracaya gesang nyata
Gusti sampun wungu Gusti sampun wungu
saestu sampun wungu
wungune Sang Kristus dados panjernya
tangining raga ing mangkenira
nulya ngrasuk kasampurnan ing swarga
yogya tansah manteb ing pracaya
Gusti sampun wungu,
Gusti sampun wungu saestu, sampun wungu.

KPKA271: Ananging Gusti Wus Wungu

- 1** Jagad kang cilaka saya sangsara
de tega nyedani Yesus Gusti

Reff: **ning Yesus wungu yekti ngawonken gung dayaning pati
tyang pracaya gesang tentrem raharja,
linuwaran sing pangrehing antaka
tan wedi nekseni Injil kwasaning Gusti.**

- 2** Umat kang duraka wit rehing dosa
nyalib Gustinya kang tan dosa,

Reff:

- 3** Yesus wus pinenthang aneng Golgota,
iblis nginten menang suka rena,

Reff:

- 4** Bener, adil yekti badhe tan aji
wit Yesus Masuci den sedani,

Reff:

KPKA272: Sang Kristus Wungu Jumeneng Ratu

- 1** Sang Kristus wus wungu yekti unggul sing reh ing pati
nung seksi dora sung warta nglawan bebener sanyata,
Sang Kristus sestu wungu, mangkya jumeneng Ratu.
Sang Kristus wus wungu yekti unggul sing rehing pati
nung tyang kathah memoyoki nglawan Injil warta suci
Sang Kristus sestu wungu, mangkya jumeneng Ratu.

Reff: **Buktinira gesangnya tyang pracaya urip anyar mbabarna
sih tresna
tansah ngundhangken sih rahmating Allah sarta
nglantarken berkah mring gung titah,
jagad tentrem raharja sanyata aneng pangrehNya Ratu Adil
kang Maha kawasa
Gusti Sang Kristus pinuji tansah, Haleluya.**

KPKA273: Gusti Wus Wungu

- 1** Gusti Yesus wus wungu, puji Allah, Haleluya,
pati kawon saestu, puji Allah, Haleluya,
mbabar gesang sejati, puji Allah, Haleluya,
sumrambah ing sabumi, puji Allah, puji haleluya.
- 2** Yogyo memuji girang, puji Allah, Haleluya,
dhateng Ratuning gesang, puji Allah, Haleluya,
kang nilar kubur lakenat, puji Allah, Haleluya,
mbikak korining rahmat, puji Allah, puji Haleluya.
- 3** Jagad wus kaluwaran, puji Allah, Haleluya,
uwal sing karisakan, puji Allah, Haleluya,
bumi tentrem rahayu, puji Allah, Haleluya,
Sabdeng Gusti pinituhu, puji Allah, puji Haleluya.

KPKA274: Kaluwaran

1 Luwar, luwar, luwar saking siksa,
puja, puja, konjuk Sang Pamarta.
samangke kita merdika
wus kawon pangrehing dosa wit Sang Kristus wungu nyata

Reff: **sigra, sigra den wartakna
wrata kabar adya nggih kratoning swarga.
Allah nylametken manungsa,
pra pracaya tentrem begja.**

2 Luwar, luwar, luwar saking siksa
puja, puja, konjuk Sang Pamarta
kita sami tyang pracaya
nyegah hawa nepsu dosa nunggil Gusti ing sedaya
Reff:

3 Luwar, luwar, luwar sing naraka
puja, puja konjuk Sang Pamarta
mangkyia kita gesang yekti
tan winengku dening pati wit nunggil wunguning Gusti
Reff:

4 Luwar, luwar, luwar sing naraka
puja, puja konjuk Sang Pamarta
kita umat kang piniji
mikul salib saben ari ngambah margi gesang suci
Reff:

KPKA275: Punapa Dosanipun Gusti Yesus

- 1** Dhuh Yesus Gusti, punapa dosanta,
nadyan Masuci nging sinalib seda ?
krana sih tresna Paduka mring kula, Gusti toh nyawa.
- 2** Dhuh Ratuning rat, punapa sebabnya
makuthanta ri sinami durjana ?
mrih salir umat rinoban sih rahmat. luwar sing laknat.
- 3** Dhuh Imam Agung margine punapa sriranta
suwung dados kurban nyata ?
mrih sagung titah dados putreng Allah luber ing berkah.
- 4** Dhuh Nabi Yekti napa ndika klentu?
de katrap pati krana seksi palsu
wit nebus jalma sing kwasaning dosa mrih gesang nyata.

KPKA276: Yesus, Gusti Wungu Sing Pati

1 Pepadhang bumi wiwit nelahi ing dinten minggu adi
pageger muwuhi kuwuring ati tyang Yerusalem nagri
wit kuburing Yesus menga layonnya ilang musna
Yesus yeku Gusti wungu sing pati dadya juru basuki

Reff: **Wartakna Injilnya kang mbabar tentrem raharja
wujudna sih tresna srana tumindak nyata.**

2 Tyang remen dursila sung warta dora nglawan bebener nyata,
nging seksining Kristus bingahing driya de antaka tan daya,
siksa krana Gustining rat datan ngendhakken niyat,
wit Gusti prajanji tansah anganthi ngantos dumugeng swargi,
Reff:

3 Pepadhang satuhu nyunari kalbu wit Yesus sampun wungu,
tyang kang pracaya samangkya mardika nir kwasaning antaka,
nglantarken berkahing Allah setya ing kardi tansah,
dadya pepadhang wah sareming bumi mrih kamulyaning Gusti
Reff:

KPKA277: Mulada Kayuning Laknat

- 1 Minggah ardi Golgota wus lungkrah sriranya,
Yesus kang tanpa dosa sinami durjana
Ilang ajining dhiri, nir pamoring Gusti
Tansah ingewan-ewan, sarta jinemalan
Putreng Allah sejati sinalib ngemasi.
Rahe Yesus kang suci wus nelesi bumi,
nyirnakken sagung dosa, nucekken manungsa
Sang Kristus pegat nyawa, nir kwasaning dosa
Salib kayuning laknat, dyan dados sih rahmat
margi muktining mukti kalis saking pati,
pinuji-puji Allah kang asih mring jagad
Putranya kinurbanken mrih jalma raharja
pinuji-puji Allah kang ngluberken rahmat
tyang kang samya pracaya lulus aneng swarga
Mulada tan kendhat mring kayuning laknat.

KPKA278: Gusti Netepi Janji

- 1** Taman Getsemane kang sepi, kang dadi seksi
Sang Kristus nglawan prihing galih wit ajrih klawan sedih
tan ana siji rowang kang ngancani
mung godhong garing kang tibeng bumi
mangkya wus tumekaning pesthi,
Gusti netepi janji.
- 2** Taman Zaitun, taman suci seksi sejati,
riwe lir rahe Gusti mili rentah nelesi bumi,
nadyan ingadhang sangsara wah pati,
mangkya Gusti tan wedi bilai,
tuwuk ndedonga trusing ati,
Gusti netepi janji.
- 3** Tamaning pandonga wus suwung tanpa sabawa,
godhong kembanging taman alum wit aboting sungkawa,
dene kayu kang kudu dadi berkah,
wus malik dadi salibing laknat,
nging wus dadi anteping ati,
Gusti netepi janji.

KPKA279: Kristus Sang Pamarta, Sinalib

- 1** Kristus Sang Pamarta
siniksa siniya nulya sinalib ing Golgota,
iblis lincak-lincak, setan surak-surak
nganggep kwasaning Kristus suwak,
nging yektine Sang Kristus menang,
dosa kwasaning iblis ilang
pati, dayaning dosa musna,
tyang pracaya gesang snyata.
- 2** Kristus Sang Pamarta
inganggep durjana sinalib tedhak mring naraka,
tinegakken Rama ngruwat tiyang dosa
mbikak margi kang dhateng swarga,
mangkya manungsa rinukunken
sagung dosanya ingapunten,
luwar sing kwasaning pepeteng
temah gesangnya ayem tentrem.
- 3** Kristus Sang Pamarta
suci wah sampurna sinalib nyulihi tyang dosa,
netepi prajanji wecaning pra nabi
mbabarken sih rahmating Gusti,
pulih martabating manungsa
dadya putraning Allah Rama,
margining berkah tumrah wrata
sagung titah gesang raharja.

KPKA280: Pamuji Ing Dinten Mekradipun Gusti

- 1** Swawi sami sung pamuji ing dinten adi niki
Gusti sumengka mring swarga
nyawisi papan sampurna mring tyang tuhu pracaya.
- 2** Gusti sumengka mring swarga ngasta pangreh sampurna
ing dinten pungkasan prapta
ngadili sagung manungsa yogya tansah pinuja.
- 3** Gusti sumengka mring swarga ing kamulyan Mamulya
nging tyang pracaya
kinanthi yeku dening Sang Roh Suci mila kula pepuji
- 4** Gusti sumengka mring swarga wus rampung pakaryannya
kula ngantya rawuhira
srana nekseni Injilnya ndedonga lan jumaga.

KPKA281: Sang Kristus Sumengka

1 Wus rampung wus purna pakaryaning
Gusti Sang Kristus sumengka dhateng swargi
mring tyang kang pracaya dhawuhira
martosken Injilnya sumrambaha

Reff: **Gusti sumengka yeku panjernya
gesang sampurna neng Kraton swarga
tyang tuhu pracaya asih bekti
ndherek kamulyannya nunggil Gusti.**

2 Sang Kristus sumengka mulya neng akherat
ngasta pangreh swarga lan jagad rat
mila tyang pracaya aja wedi
mikul salibira ndherek Gusti,
Reff:

3 Sang Kristus sumengka mring Kraton swargi
lantaran Roh Suci tansah nganthing
mila tyang pracaya aywa randhat
nenuntun tyang dosa mring sih rahmat,
Reff:

4 Sang Kristus sumengka munggweng kraton swargi
ngutus tyang pracaya dadya seksi
mbabarken tresnanya mring sesami
mrih samya raharja wah basuki,
Reff:

KPKA282: Undhangna Sang Kristus Jumeneng Raja

1 Kristus Gusti sumengka mring swargi
ngutus tyang pracaya dadya seksi
nggih martosken Injil sih rahmatnya
kang nampenana sinungan begja

Reff: **bra undhangna Sang Kristus
jumeneng Raja kratonira tentrem raharja.**

2 Sang Pamarta sumengka mring swarga
tyang pracaya dadya lantarannya
mrih Kratoning Allah binabarna
dhedhasarira sih welas tresna

Reff:

3 Gusti Kristus sumengka mring swarga
ngutus tyang pracaya mbudidaya
sirnanira raos memengsahan
wah karukunan kang den gegesang

Reff:

KPKA283: Panelangsa Ing Riyadi Mekradan

1 Dhuh Gusti kang wus sumengka kawula nalangsa
nglirwakken dhawuhing Gusti
nekseni Injil sing swargi nresnani sesami

Reff: **dhuh Gusti nggih Sang Pantara mugi mbelani mring kula
mrih manggiha pangaksama wah gesang anyar nyata.**

2 Dhuh Gusti kang munggweng swarga kula sestu cuwa
mangu-mangu ing kanyatan yen
Gusti nyawisi papan kamulyan kaswargan
Reff:

3 Dhuh Gustining sagung Gusti kula getun yekti
tan mesthi adreng ing manah
mbabarken Kratoning Allah mrih Allah sinembah
Reff:

KPKA284: Roh Suci, Rohing Kayekten

- 1** Dhuh Roh Suci Roh kayekten maringana kasekten
mrih tyang pracaya nekseni Injil suci sing swargi
sarana tumindak nyata tresna kang trusing driya
temah sagung pepadha sinungan tentrem raharja
tan wonten kasangsaran mung kabegjan sinandhang.
- 2** Dhuh Roh Suci Rohing Allah mugi nganyarna manah
sarta ngiyatna pracaya mrih kula tansah setya
mbabarken Kratoning Allah adil, bener sumrambah
tan semplah ing kangelan datan ajrih mring pepalang
pasrah mring Sang Pamarta ngandelken pitulungnya.

KPKA285: Panyuwun Mring Sang Roh Suci

1 Ing dinten gung Pentekosta kula sung pepuja wit
Sang Roh wus nuntun greja mrih lestantunira

Reff: **Dhuh Roh Suci maringana kasekten mring kula mrih
martosna Injil suci wradin mring sesami.**

2 Dayaning Roh gesang suci katindakna yekti pasamuwan
nunggil tindak rukun wah sumanak

Reff:

3 Rehing Sang Roh gesang anyar muwuha binabar mrih sadaya
pasamuwan nyawiji sabadan

Reff:

4 Gesang ing Roh yeku tresna kawujudna nyata mrih sestu
tentrem raharja sumrambah ing donya,

Reff:

KPKA286: Pentekosta

- 1** Gusti kang satuhu setya sampun paring prajanji
tansah nunggil kagungannya lantaran Sang Roh Suci,
ing Pentekosta ari, tumedhak Sang Roh Suci.
- 2** Sanyata wecananing nabi, wit sih mirmaning Gusi,
pra tyang pracaya pinesthi, pinaringan Roh Suci,
ing Pentekosta ari, tumedhak Sang Roh Suci.
- 3** Salir tyang pracaya yekti, kapenuhan Roh Suci,
sinungan kasekten adi, nekseni Injil suci
ing Pentekosta ari tumedhak Sang Roh Suci.
- 4** Samangkya ugi binabar, tumedhaking Roh Suci,
tyang pracaya gesang anyar, tresna kang trusing ati,
ing Pentekosta ari, tumedhak Sang Roh Suci.

KPKA287: Panyuwun Ing Dinten Pentekosta

- 1** Dhuh Sang Roh Suci ngiyatna mrih kula mursid nyata
nggih bekti mring Sang Pamarta welas asih pepadha

Reff: **dhuh Gusti Roh Sicinggih andel andel sanyata
tumedhaka jroning ati nganyarken gesang kula
Gusti mugi nganyarken gesang kula.**

- 2** Mugi tansah nunggil kula mrih kula tentrem rarja
sarta pepetenging dosa binirata sadaya

- 3** Mugi ngirid lampah kula. manut pangreh Paduka
nekseni Injil sing swargi nggih sih rahmating Gusti

KPKA288: Mbangun Turut Mring Sang Roh Suci

1 Sang Roh Suci Rohing Allah kang nucekken manah
nuntun pasrah Sang Pamarta sinungan waluya
yen mejahi rehing dosa kanthi trusing driya
manggih gesang nyata wah sampurna aneng swarga

Reff: **Kula samya gung kapotangan wit sihing Pangeran
Yogya gesang mursid yekti manut Sang Roh Suci.**

2 Sang Roh Suci Roh Kayekten maringi kasekten
mrih tyang pracaya nekseni sih rahmating Gusti
lamun tansah welas asih mring sagung sesami
ndherek ing kamulyan luhuring Sang Kristus Gusti
Reff:

3 Sang Roh Suci Roh Pepadhang kang nganyarken gesang
nekseni sajroning manah kula putreng Allah
lamun tanggon mikul salib ndherek Sang Pamarta
dadya ahli warising Allah nunggil Sang Putra
Reff:

KPKA289: Nyuwun Panuntuning Roh Suci

- 1** Dhuh Gusti Sang Roh Suci mugi rawuh ing ati,
Nganyarna manah kula mrih ing lampah prayoga,
setya bekti mring Gusti, wah asih mring sesami,
wit panuntun Paduka kula gesang sembada.
- 2** Dhuh Roh Suci, Roh Allah, nggih nyantosakna manah,
lamun karoban sisah, tatag, tanggon, tan semplah,
manggul salib wit Gusti martosken Injil suci,
wit panuntun Paduka, gesang kula sembada.
- 3** Dhuh Roh Suci, Roh Kristus, nuwuhna manah tutus,
andum berkah kabegjan, tan mawang mring salir tyang,
temah tentrem rahaarja, sumrambah mring pepadha,
wit panuntun paduka, kula gesang sembada.

KPKA290: Pamuji Wit Sang Roh Suci

- 1** Sumangga pra kanca ngulukken kidung puja,
wit sih palimirma sinungken mring manungsa
dene Sang Roh Suci rawuh jroning ati
nggih nganyarken budi nuntun gesang suci.
- 2** Sumyaka sru ngidung nggunggung mring Hyang Maagung
maringken Roh Suci reraton jroning ati
nuntun olah tresna mring sagung pepadha
numrahken kraharjan nyirik kekerasan.
- 3** Memuji tan kendhat wah ngundhangken sih rahmat
Sang Roh Suci uga mbelani tyang pracaya
mrih tan nate semplah nging grengseng makarya
nggih Kratone Allah binabarna nyata.

KPKA291: Wit Kwasaning Sang Roh Suci

1 Sang Roh Suci sung daya ngasorken panggodha
manah semplah wit sisah sestu dados bingah
tyang rinoban pepeteng sinung padhang langgeng
mila ayem ing driya tentrem rarja

Reff: **wit kwasaning Sang Roh Suci, gesang yekti
tansah begja kalis sing rehing pati.**

2 Sang Roh Suci sung kwasa ngasoraken dosa
tyang mursal sarta mblunthah mratobat mring Allah
gesang mursid sayekti nresnani sesami
sarta remen leladi trusing ati

Reff:

KPKA292: Pamuji Ing Riyadi Pentekosta

- 1** Dhuh Sang Roh Suci kawula sung puji
ing riyadi Pentekosta puniki
Paduka tumedhak lumebet ing driya
mrih kula pracaya Sang Pamarta
Pinujia Allah Sang Rama
sarta Sang Putra tuwin Sang Roh Suci.
- 2** Dhuh Sang Roh Suci kawula sung sembah
Paduka tumedhak nganyarken manah
mrih kula saged gesang Mursid yekti
sarta tansah nekseni Injil suci
Pinujia Allah Sang Rama
sarta Sang Putra tuwin Sang Roh Suci.
- 3** Dhuh Sang Roh Suci kawula sung puja
Paduka kang ngrimati ing pracaya
mrih kula mbabarken tentrem raharja
nggih Kratoning Allah ketitik ngeglag
Pinujia Allah Sang Rama
sarta Sang Putra tuwin Sang Roh Suci.

KPKA293: Dhuh Roh Suci Rohing Gesang

- 1** Dhuh Roh Suci Rohing gesang
mugi nyagedna mring pasamuwan,
mbabar adil bebener nyata
temah bebrayan tentrem raharja
- 2** Dhuh Roh Suci Roh pepadhang
mugi nyantosakken pasamuwan
tansah martosken Injil suci
numrahken berkah mring gung sesami
- 3** Dhuh Roh Suci Roh pambangun
mugi mbereka mring greja sagung
bra ngundhangken Kratoning Allah
kathah pepalang nging datan semplah.
- 4** Dhuh Roh Suci Roh kanyatan
mugi nggigaha mring pasamuwan
klayan tulus ngurbanken dhiri
mrih pulihira Pirdus ing bumi.

KPKA294: Kababaring Roh Suci

- 1** Dhuh Roh suci Rohing katesnan
nuntuna mring kula slaminya
mbabarken sih tresnaning Allah
mrih jagad tentrem wah raharja
ngrukunken tyang kang memengsahan
nuntun mring pitobat tyang dosa
nggegesang tyang semplah ing manah
dhuh Gusti nuntuna mring kula.
- 2** Dhuh Roh Suci Roh kasunyatan
nunggila mring kula slaminya
mbabarken bebenering Allah
mrih tobating tyang ambeg siya
labuh labet sepi ing pamrih
nglawan panindhes kalayan sih
tan ajrih pepalang rubeda
dhuh Gusti nunggila mring kula.
- 3** Dhuh Roh Suci Roh kaadilan
nganthia mring kula slaminya
ambabarken adiling Allah
wit dayaning pati wus kalah
ngluwari tyang binanda
dosa nguculi jireting duraka
ngayomi tyang ringkih wah papa
dhuh Gusti nganthia mring kula.
- 4** Dhuh Roh Suci nggih witing berkah
nglantinga mring kula slaminya
ambabarken Kratoning Allah
sumrambah sajagad warata
jagad pulih dadya lir Pirdus
wah tyang ngabekti kanthi tulus
rukun lan Allah myang pepadha
dhuh Gusti nglantinga mring kula.

KPKA295: Sang Roh Suci

- 1** Sang Roh Suci dedalem ing ati
nucekken mrih gesang anyar yekti
mung tansah olah katresnan wah gesang ing kabingahan
Sang Roh Suci dedalem ing ati.
- 2** Sang Roh Suci dedalem ing driya
temahan gesang tentrem raharja
sabar sareh paramarta kautamen den tengena
Sang Roh Suci dedalem ing driya.
- 3** Sang Roh Suci dedalem ing manah
temah tyang pracaya setya tansah
andhap asor alus budi saged ngemudheni dhiri
Sang Roh Suci dedalem ing ati.
- 4** Sang Roh Suci dedalem ing driya
pakartining daging den simakna
lampah rusuh sarta jina, hawa nepsu sengitana
Sang Roh Suci dedalem ing driya.
- 5** Sang Roh Suci dedalem ing driya
nyirnakna panyembahing brahala
sihir, sesatron, wah meri, pasulayan den tebihi
Sang Roh Suci dedalem ing ati.

KPKA296: Krana Roh Suci

- 1** Krana Roh Suci dedalem ing ati kula luwar sing pati gesang snyata tentrem raharja mangkya sinungken mring kula ing wusananira manggih tangining raga kadya Sang Kristus Gusti kang mulya.
- 2** Krana Roh Suci kula mursid yekti mbangun turut mring Gusti gesang sembada unggul ing yuda nglawan kajuligan dosa ing wusananira tunggil kasampurnannya klayan Kristus Gusti ing swarga.
- 3** Krana Roh Suci kula temen ngudi mbucal gesang kang lami sregep makarya kekah ing karsa mbabarken bebener nyata ing wusananira ndherek ing kamulyannya klayan Gusti Kristus aneng swarga.

KPKA297: Wit Sang Roh Suci

- 1** Wit Sang Roh Suci kula kasagedna
martosken Injil adi Kraton swarga
wit Sang Roh Suci kula sinung daya
nekseni Yesus Gusti Sang Pamarta.
- 2** Wit Sang Roh Suci kula wicaksana
wijang njlentrehken sabda karseng Allah
wit Sang Roh Suci kawula-sembada
mbabarken gesang yekti mursid tansah.
- 3** Wit Sang Roh Suci kula tatag tansah
ing sangsara bilai datan semplah
wit Sang Roh Suci kula tan suwala
jroning kinaniaya tetep setya.

KPKA298: Prayogining Brayat Kang Rukun

- 1** Sanyata prayogi wah endah mulya
tyang sagriya rukun pitepangannya,
ngreronce katresnan yekti
berkahing Allah tansah ngerobi
lir embun enjing kang anyrambahi,
mung kraharjan kang pinanggya.
- 2** Brayat kang tut rukun ing pitepangan,
lir pra imam kang piniji Pangeran,
nglantarken berkahing Gusti,
saya wetah samya tunggal ati,
tansah kekah wah malih lestari,
gesang langgeng pandumannya.

KPKA299: Kabegjaning Brayat

- 1 Gusti Allah ingkang Ma'asih wit saking sih rahmatipun sampun nimbalii tyang kekalih gesang tansah atut rukun, tan prayoga lamun ngantos pisah wit saking wangkoting ma nah nging kekalihnya tunggal ati lung tinulung gesang suci,
Reff: **Brayat begja wit tinunggil Allah Sang Rama, Sang Putra wah Sang Roh Suci.**
- 2 Gusti wus nitahken manungsa nulad citra pasemonnya, jalu wanita kekalihnya sesami rowang sembada, kinen tansah sami memitran mrih mekar jatining gesang, tansah dados margining berkah mring brayat wah mring tyang kathah, Reff:
- 3 Gusti mberkahi tyang ningkahan nimbali gung kulawarga, dadosakaning pasamuwan temah tuwuh lan ngrembaka, brayat tansah sinungan raharja wit misungsungken gesangnya, mrih rawuhing kratoning Allah tentrem rahayu sumrambah, Reff:

KPKA300: Karahayoning Tyang Gegriya

- 1** Arahayu sagunging tyang gegriya
ingkang tansah rumaket mring Gusti,
mung Gusti, dadya tuking basukinya
klayan bingah prentahnya pinundhi
sekakapti anilingken sabdanya,
angabekti Allah klayan eklas,
rinten ndalu angluhurken asmanya
myang sumuyud klayan trus ing tyas.
- 2** Arahayu sagunging tyang semahan,
ingkang nunggil tresnanya mring Gusti,
runtang runtung denira sih sinihan,
klayan, saekapraya lan budi,
tansah migatosken sabdaning Allah,
sarta memuji ngluhurken Gusti,
mantep ing pitados kang trusing manah,
saha setya dumugi ing janji.
- 3** Arahayu sagung tyang neningkahan,
kang tan nglirwakken prentahing Gusti,
nggulawenthah brayat klayan kasetyan,
mrih sami tulus ing pangabekti,
saha tansah sami sareng ndedonga,
sabiyantri ing bot repotira,
anebihi bebaya cecongkrahan,
lestantun sami manggih kraharjan.
- 4** Arahayu sagung tyang bebrayatan,
kang tansah saos sokur mring Gusti,
nadyan bingah utawi nandhang sisah,
nggih namung Gusti kang den bekteni,
tansah nggatosken dhawuhing Hyang Widi,
dados dilah wah sareming bumi
nandukken sih katresnan mring sesami,
mrih salumahing bumi basuki.

KPKA301: Pandonga Kangge Panganten

- 1** Mugi Gusti mberkahi panganten puniki,
tulus asih sinihan dumugeng delahan.
- 2** Mugi Paduka tuntun salamining gesangnya,
temahan tansah rukun sumanak srawungnya.
- 3** Mugi Paduka kanthi mrih kekah lan teguh,
kasagedna ngrampungi bebaya pakewuh.
- 4** Mugi Gusti ngrimati temah kacekapan,
sami watek berbudi bekti mring Pangeran.

KPKA302: Tangsul Suhing Neningkahan

- 1** Tangsul suhing pala
krama ingkang sestu santosa,
nggih tresna ingkang sejati
tulus sepi ing pamrih,
kados tresnaning Sang Rama
dhateng sagunging tyang dosa
myang ngurbanken kang Putra.
- 2** Tresna mring somah lan putra,
pindha badan priyangga,
sami silih angladosi,
temah brayat nyawiji,
lir pasamuwan kang bekti,
wah mbangun turut mring Gusti,
tegen ing gesang suci.
- 3** Gusti mesthi amberkahi,
brayat kang sih sinihan,
cecongkrahan den singkiri,
tansah ngarah krahajan,
sami silih labet labuh,
saiyeg nglawan pakewuh,
tresnanya saya tuwu.

KPKA303: Janji Panganten

- 1** Tangan kekalih salaman tandha manah tunggilan sinartan janji satuhu tresna tinresnan saestu salaminya setya tansah ironing bingah dalah sisah netepi ing kuwajiban tyang utami kang bebrayan.
- 2** Janji mesthi den tetepi wit Gusti wus ngidini, kinekahken, binerkahan sineksenan pasamuwan, nedya tansah gesang suci srana mbangun turut Gusti, temahan brayat raharja wah pasamuwan ngrembaka.
- 3** Kalpika kencana adi tengering janji yekti, pinasang ing driji manis batos ngunandika aris, sakethi margane tresna nging yektine mung sajuga, sira iku memanisku lenging tresna mung sliramu.

KPKA304: Brayat Kang Nengsemaken Sesami

- 1** Brayat kang tinangsulan ing tresna tetales pitados mring Gusti
mesthi ayem tentrem lan raharja, atut rukun wah lestari,
silih asah lan asih silih asuh tan pamrih
temah adeging brayat puniki nengsemken mring sesami.
- 2** Brayat kang tresnanira sayekti kados sihe Sang Kristus Gusti,
lung tinulung silih angladosi tan nguja karseng pribadi,
yen bebaya anrajang linawan sesarengan,
temah adeging brayat puniki nengsemken mring sesami.
- 3** Brayat kang mbangun turut mring Gusti tegen ndedonga lan
ngabekti,
kraos lan rumaos nampi berkah jroning bingah dalah susah,
gesangnya kagem Allah blaba berbudi tansah,
temah adeging brayat puniki nengsemken mring sesami.
- 4** Brayat ingkang satuhu sembada mesthi datan anguciwani,
kalamun pinaringan momongan pinerdi bekti mring Gusti,
wasis nging lembah ati blaba nging gemi stiti,
temah adeging brayat puniki nengsemken mring sesami.

KPKA305: Brayat Kang Raharja

- 1** Kadya Adam lan Kawa kang dedunung neng Pirdus,
ajrih asih mring Allah, ngabekti kanthi tulus
tresnanya murni, gesangnya suci,
rukun setya wah raharja tansah tinunggil Rama 2X
- 2** Tiyang kang sesomahan kang dadya putreng Allah,
ngudi ing kamursidan asih mring sagung titah,
jujur ing lampah wah lembah manah,
arum jroning pirembagan kekah denya bebrayan. 2X
- 3** Tiyang kang sesomahan kang bekti mring Pangeran,
bingah nggunggung Sang Rama sisah ngaub ing sihnya
darma bektinya landhesan sabda;)
dadya lantaraning berkah ing bebrayan ngakathah.) 2X

KPKA306: Neningkahan Kang Binerkanan Gusti

- 1** Neningkahan kang kinekahken
lan binerkahan dening Gusti,
dados brayat kang sinengker
ing patunggilanipun Hyang Maha suci,
sembada ing prang rohani,
nglawan iblis julig yekti
tumemen ing pandonga,
wah nggegilut sabdanya,
nggunggung sih rahmate Rama,
mersudi ing kamursid.an miyah gesang masamuwan,
tan laIi dados seksi wah lelados sesami,
mbabar sih tresnaning Gusti.

- 2** Neningkahan kang kinekahken
lan binerkahan dening Gusti,
brayatira sami sinengker
wit prasetyan tinandhan baptis suci
kanthi temen denya merdi
srana nuntun nuladhani,
dimen sregep ngabekti,
ndedonga lan memuji, tansah setya dugeng janji,
kanthi tegen nggulawenthah dimen dadya putreng Allah
kinasihan ing Rama tinresnan ing sesama
watek pradhah lembah manah.

- 3** Neningkahan kang kinekahken
lan binerkahan dening Gusti,
tinimbalan ambabarken rawuhnya,
Kratoning Allah ing bumi,
sayuk rukun ing bebrayan nyirik dredah pasulayan,
nging tresna kanthi tulus manut prentahing Kristus,
ngarah donya kadya Firdus
kanthi temen ing pembudi memayu ayuning bumi
ing ngarsa sung tuladha ing madya mangun karsa
wah tut wuri handayani.

KPKA307: Panganten Kang Binerkahan

- 1** Rahayua salaminya panganten kang mangkya binerkahan,
aprajanji gesang suci, mbangun turut lan setya mring Gusti,
Reff: **saosa sokur saben wektu kanthi sawutuhing uripmu
ngabektia, leladia, dadia seksining sih rahmatNya.**
- 2** Rahayua salaminya panganten kang tinunggil Pangeran,
kanthi tekat lan semangat ambabarken karsane Sang Rama,
Reff:
- 3** Rahayua salaminya panganten kang rukun sih sinihan,
jroning bungah dalah susah tunggal ati mring lampah utami,
Reff:

KPKA308: Mring Padalemaning Allah

- 1** Sestu nengsemken, dhuh Gusti, kagunganta dalem suci
papan pangabekti piniji nyawa kula sanget kapang
sowan Gusti sesarengan, sung panggunggung aneng pamujan,
manah sumyak mring Pangeran nggih Allah kang mengku gesang.
- 2** Kang tansah memuji Gusti wah manggen ing dalem suci,
yeku tyang rahayu ing ati, tyang kang tansah kangen Allah
karosannya neng Yehuwah, tan wigih kangelan ngibadah
yen kasatan jroning mlampah rinoban jawahing berkah.
- 3** Sadinten ing dalem suci sestu saklangkung utami
timbang papan sanes ing bumi langkung prayogi ngibadah
timbang ngrojongi tyang mblunthah wit Yehuwah yeku sesurya
wah tamenging tyang pracaya tyang kang tan cacad lampahnya.

KPKA309: Dalem Pamujan

- 1 Wonten pundi dununging gesang ingkang mengku katentreman
Wonten pundi Sang jinebadan ingkang nuntun mring
kaswargan
Reff: **neng pamujan kapirek swara pujining para pracaya
kang sinalib yeku Sang Kristus jumeneng Juru Panebus.**
- 2 Dhateng ngriku puruging tiyang ingkang kawraten ing dosa
tyang prihatos wah tyang kesrakat tinampen klayan legawa,
Reff:
- 3 Swaraning tangis ginantosan panglipur lan kaayeman
mangga sowan mumpung winengan korining kawilujengan,
Reff:
- 4 Gusti ngrantos mring kita sesami kang kawengku dening pati
klayan tlatos nggennya nimbali marek mring ngarsaning Gusti,
Reff:

KPKA310: Greja Prasasat Baita

1 Greja prasasat baita neng tengah samodra
Kristus kang dadya panutan enerung lampahnya
nadyan tan sepi bebaya ombak lan prahara
mesthi tulus kang sinedya gisiking sampurna
anger tansah tan suwala mring sagung pangrehnya
temah sembada widada kalis sing rubeda

Reff: **Ayo di sedya tulung tinulung**
tunggal sedya karya aneng Sang Pamarta
ngantos salaminya.

2 Greja prasasat baita neng tengah samodra,
Kristus kang dadya panutan enerung lampahnya,
manuta pandoming lampah nggih sabdaning Allah,
nyingkirana watu karang sengseming kadonyan,
mrih tan nemahi cilaka kerem ing samodra,
temahan tan bisa dadi seksinipun Gusti,
Reff:

3 Greja prasasat baita neng tengah samodra,
Kristus kang dadya panutan enerung lampahnya,
samangsa prahara nempuh iman kudu kukuh,
samangsa pedhut sumrambah aja gampang semplah,
nadyan ombak mbilaeni aja cilik ati,
wit Kristus pyambak kang nganthy mrih greja lestari
Reff:

4 Greja prasasat baita neng tengah samodra,
Kristus kang dadya panutan enerung lampahnya,
yen tan padha tunggal ati nemahi bilai,
baita lepas kendhali tininggal perdondi,
wit sayektine bebaya neng tengah samudra,
uga king ironing baita mula diwaspada,
Reff:

KPKA311: Adegin Greja

- 1** Tetalesnya sawiji peparang sejati
nggih Gusti Yesus Kristus kang dados marginya
Adeging salir greja ing tengahing donya
mrih mbabarken sih rahmat mring tiyang sajagad.
- 2** Greja tampi timbalan angabdi mring Gusti,
mrih sami tetunggilan wah dados paseksi,
lelados mring sesami tresnanya tan kendhat,
dadya sareming bumi wah padhanging jagad.
- 3** Nadyan beda wujudnya yektine sajuga,
tunggal baptis lan Gusti pindha badan siji,
tunggila kang sinedya myang sagung panjangka,
mrih kebabar yen Yesus Sang Juru Panebus.

KPKA312: Patunggilaning Pasamuwan

- 1** Yekti nengsemken ing ati
pasamuwan kang nyawiji
tansah lung tinulung silih mbiyantoni
nekseni asmaning Gusti.
- 2** Sagunging warganing greja
leladi kang trusing driya
temahan pasamuwan saya ngrembaka
asmaning Gusti pinuja.
- 3** Kang ringkih den pitulungi
kang ribed den bela nuli
silih andum berkah sihing Sang Pamarta
gesangnya tentrem raharja.
- 4** Pasamuwan kang nyawiji
leladi ngurbanken dhiri
lelabet mrih kraharjaning masyarakat
samya ngraosken sih rahmat.

KPKA313: Papan Pangibadah

- 1** Papan pangibadah saestu ngangeni
kawula sami ngabekti ngraosken nunggil lan Gusti
ngluhurken asmanya mirengken sabdanya
Reff: **mareka, mareka kanthi manah tulus memuji
nampi berkahing Gusti mrih saged mbabarken tresna.**
- 2** Papan pangibadah papan ingkang adi
mangga nggumolongken manah nyuwun manteb ing pracaya
mrih wantun nekseni sih rahmating Gusti.
Reff:
- 3** Sing papan punika kebabara yekti
pratandha Kratoning Allah sumrambah mring tiyang kathah
temah tyang sajagad nembah Kang Murbeng Rat.
Reff:

KPKA314: Pasamuwan Kang Nyawiji

- 1** Pasamuwan kang nyawiji netepi sabdaning Gusti dadya paseksi sanyata Yesus yeku Sang Pamarta sih rahmating Allah tumrah mring gung manungsa, sumrambah saliring tyang kang pracaya, basuki gesangira.
- 2** Pindha badan mung sajuga nging kathah peranganira. pasamuwan kang manunggal mbabarken gesang kang enggal, sami dene mbiyantoni wit sih sinihan sayekti, tungan ati tunggal Gusti nengsemken mring sesami.
- 3** Peparing kang beda-beda dadya pisungsung kang adya, mrih kamulyaning Pangeran wah majenging pasamuwan, sinangkul kang karepotan nglawan godha karupekan, mrih tuwuhing kamursidan nggayuh mring kasampurnan.
- 4** Pasamuwan kang nyawiji nekseni Injiling Gusti, nglantarken sihing Pangeran datan mawang mring salir tyang, mbelani tyang kang sangsara nadyan benten ing pracaya, krana ajining manungsa citreng Allah Makwasa.

KPKA315: Indonesia Negari Kula

- 1** Indonesia negari adi kang sestu kula tresnani,
tanah wutah rah nggih tanah pusaka pariring Allah Sang Rama,
wus mesti tansah kula labuhi klayan eklas trusing ati.
- 2** Indonesia negari adi gemah ripah loh jinawi,
werni-werni kewan wah tetaneman ulam lelangen lelumban,
nedya kula jagi mrih lestari wit niku pariring Gusti.
- 3** Indonesia negari mulya sewu pulo bebanjaran,
bangsa beda suku wah agaminya, ras sarta golonganira,
tansah kula sesuwun mring Gusti mrih bangsa wetah lestari.

KPKA316: Pamuji Sokur Awit Kamardikan

1 Atusan taun kawula jinajah,
nging samangkya kula wus merdika,
sestu niku mung sih rahmating Allah
lantaran perjuangan kula sabangsa

Reff: **agung sihing Allah Hyang Maluhur,
swawi kanca tansah saos sokur
kanthi giyat tumemen makarya
mrih raharja lahir lan batin kita.**

2 Madegira Republik Indonesia
dhedhasamya namung Pancasila,
tangsul kekah kang ngiket tyang sabangsa,
mugi Gusti mberkahi mrih lestarinya,
Reff:

3 Sesantinya: "Binneka Tunggal Ika",
nadyan beda nging nunggil ing sedya,
samya rukun sengkut mbangun negari,
wah silih numrahken berkahing Hyang Widi,
Reff:

4 Hak azasi manungsa kawujudnya,
dhemokratis ngene nata praja,
mrih kekahing bebener kaadilan,
wah kebabarira karsaning Pangeran,
Reff:

KPKA317: Indonesia Nagri Endah

- 1** Indonesia nagri endah peparing ing Yehuwah mila kula dongakaken mrih raharja wah tentrem.
- 2** Allah yeku kang ngayomi bangsa dalah negari ing sisah sarta ing bingah mung Pangeran sinembah.
- 3** Kabegjan wah kaluberan mung krana sihing Gusti bebener lan kaadilan tansah kedah den udi.
- 4** Bangsa, nagri Indonesia mugi tansah lestari kalis sing salir bebaya wit rineksa ing Gusti

KPKA318: Tresna Mring Sesami

- 1** Tresna mring sesami kang trusing manah
wit salir sesami citreng Allah
yeku wujudira tresna mring negari
nglabuhi mring bangsa mrih lestari.
- 2** Tresna mring sesami tan mawang tiyang
nulad sihing Gusti murbeng gesang,
ngudi dhemokrasi klayan trusing ati
bentening ngasanes den aosi.
- 3** Tresna mring sesami ing tindak nyata
mrih tresnaning Gusti tumrah wrata,
hak azasi manungsa binabar yekti
adil wah bebener den belani.

KPKA319: Endahe Saduluran

- 1 Endahe saduluran manut rehing Pangeran,
sami dene ngajeni, wah mbiyantoni
nadyan beda agama wah beda golongannya
tunggal rasa pambekan pri kamanungsan,

Reff: **kluwung pindhanya endah ing warna,
nyawiji mbangun urip kang adya, tentrem raharja**
- 2 Rukun ing pitepangan sumanak ing rembugan,
dhemen sung pangapura nyirik piala,
nging samya silih ngalah mbabarken tresna tansah,
nulad ing sihe Allah mring sagung titah,
Reff:
- 3 Rukun gawe santosa crah mung bubrah wohira,
ngestokna sabdeng Gusti tresna sesami,
nadyan panemu beda nging tan samya sulaya,
olah kawicaksanan tan nang-menangan,
Reff:

KPKA320: Gusti Mesthi Prapta, Maranatha

- 1** Kawula ngantya nagri swarga nagrining kasampurnan nyata
nunggil Gusti ing kamulyannya wus lali prihatin ing donya

Reff: **Neng nagri sampurna kita langgeng tentrem raharja**
Neng nagri sampurna mung tansah memuji memuja.

- 2** Kawula ngantya nagri swarga nagrining tyang manteb pracaya
ngagem makuthaning kasucen wus lali salib wit kayekten

Reff:

- 3** Kawula ngantya nagri swargi nagrining tyang setya mring Gusti
tyang unggul nglawan salir godha tatag, tanggon wah mursid
nyata.

Reff:

KPKA321: Ngantya Nagri Sampurna

- 1** Sang Kristus wus mesthi prapta jumeneng Hakim nyata ngadili sagung manungsa ing dinten akhir mangkyा tyang kang tresna mring sesami ajrih asih mring Gusti kepareng mlebet ing swargi ing kasampurnan yekti.
- 2** Tyang mursal samya moyoki ngremehken sabdeng Gusti de Gusti tan enggal prapta nganggep janjinya nglaha ngarseng Gusti Kang Makwasa sataun lir sadina mila tyang kang tan rumantya kacelik temah cuwa.
- 3** Sang Kristus wus mesthi prapta jumeneng Hakim nyata ngadili sagung manungsa ing dinten akhir mangkyा yogya methukken rawuhnya srana tansah samekta waspada sarta ndedonga memuji Maranatha.

KPKA322: Gusti Rawuh Ngadili

- 1** Sang Kristus Gusti wus badhe prapta angadili gung manungsa tyang duraka mindhak durakanya de pituwase nraka tyang mursid mindhaka mursid yekti nucekken gesang manut mring Gusti yeku kang ndherek Gusti mring swarga nunggil ing kamulyannya.
- 2** Sang Kristus prapta ngasta ganjaran pinaringna mring salir tyang kang mung mentingken badan priyangga ingukum ing naraka tyang kang tansah nresnani pepadha tan mawang tyang wah tulus ing driya yeku kang ndherek Gusti mring swarga nunggil ing kamulyannya.
- 3** Gusti rawuh ngadili salir tyang pracayanya wah amalnya tyang kang mblunthah nguja nafsu donya kabesmi ing naraka tyang suci ing lampah bekti Allah manut Roh nytingkur badan priyangga yeku kang ndherek Gusti mring swarga nunggil ing kamulyannya.

KPKA323: Sareh Ngantya Bujana Swarga

1 Langit lan bumi kang anyar nulya enggal binabar
wus tan wonten kasangsaran
mung langgeng ing kraharjan

Reff: **den sareha tyang pracaya ngantya bujana swarga**
kita nunggil Sang Pamarta nunggil ing kamulyannya.

2 Sirna salir kasusahan musna sagung panandhang
mung kabingahan kabegjan
wit rinoban pepadhang

Reff:

3 Pra suci gesang sampurna sestu tebih sing dosa
mung sumyak ngidung mring Allah
nggunggung memuji tansah.

Reff:

KPKA324: Wonten Ing Swarga

- 1** Wonten ing swarga saiba nengsemna tyang gesang nyata kanthi sampurna ngriki gung ribed sedhih sangsaranya ngrika gung ayem tentrem sayekti (2X).
- 2** Wonten ing swarga saiba mulyanya, sadaya dados suci sampurna, ngriki manah asring peteng wit dosa, ngrika gung padhang wah lipur lejar, (2X).
- 3** Wonten ing swarga iba raharjanya, tan wonten panandhang wah paniksa, nunggil kamulyan klayan Sang Pamarta, mila tan kendhat dennyu memuja, (2X).
- 4** Wonten ing swarga saiba tentremnya, mantun sulaya dredah grejegan, manah sami gumolong tut runtutnya, tresna tinresnan klayan sampurna, (2X).

KPKA325: Kangen Mring Gusti

- 1** Aku kangen mring Gustiku kang tansah dak antya rawuhnya
mulung tyang pracaya satuhu wah sumuyud tulus ing driya
Reff: **Gustiku neng swarga aku kangen mring Gustiku,**
Gustiku, Gustiku kang kwasa ing bumi dalah ing swarga.
- 2** Aku kangen mring Gustiku mila bektiku trus ing kalbu,
tansah sengkut wekel makarya tan nggresula mundhi dhawuhnya,
Reff:
- 3** Aku kangen mring Gustiku mila setya ing sesanggeman,
temah kalis saking bebendu nging pinaringan gung kamulyan,
Reff:
- 4** Aku kangen mring Gustiku kang mirsani osiking kalbu,
wah kang tan sande enggal prapta ngadili sagunging manungsa,
Reff:

KPKA326: Kori Ingkang Menga

- 1** Kula sumrep kori menga kang anjog dhateng swarga
yeku sih rahmate Allah lantaran Sang Pamarta

Reff: **Sokur dene kula niki nggih taksih winengan kori
kula, kula, nggih kula sadaya.**

- 2** Saliring tyang kenging mlebet medal ing kori yekti
tyang kepingin sinung slamet ywa randhat wektu niki
Reff:

- 3** Mila swawi sami mlebet wit kori taksih menga
nggih nampenana sih rahmat pracaya Sang pamarta
Reff:

- 4** Saiba nggenira cuwa tyang yen dumugeng janji
kaineban kori nyata kori kang dugeng Swarga
Reff:

KPKA327: Panduman Kula Kamulyan Swarga

1 Kawula angantya kanthi sabar
Yerusalem kang anyar
nggih padaleman suci
sanyata yeku kratoning swarga

Reff: **sestu kula begja sestu kula begja
krana pananggeling Sang Pamarta
panduman kula kamulyan swarga**

2 Kawula ngantya bujana nyata
pikramane Sang Kristus
pangantyan putrinya tyang pracaya
kang ngabekti myang tulus

Reff:

3 Kawula ngantya dinten pungkasan
nggih sampumaning gesang
wus tan ana salib wah panandhang
mung tansah muji girang

Reff:

KPKA328: Nagrinipun Gusti

1 Wonten nagri maha adya
yeku kraton swarga
saliring panandhang sirna
mung tentrem raharja
sinandhang sampurna

Reff: **Nagri niku nagrinipun Gusti**
nagri niku nagrining tyang pracaya wah mursid

2 Wonten ing nagri sampurna
tan ana antaka
mung nunggil lan Sang Pamarta
ing kamulyan nyata
langgeng salaminya
Reff:

3 Wonten ing nagri Ma adi
samyas gesang suci
salir kadonyan kepungkur
mung pamuji sokur
konjuk Hyang Maluhur
Reff:

KPKA329: Raharjaning Tyang Setya Mring Gusti

- 1** Sestu raharjanira tyang setya mring Gusti
tansah olah katesnan lir tresna wiwit an
mung tyang tuhu sembada sinungan makutha
gesang langgeng ing swarga nunggil lan Gustinya
- 2** Sestu raharjanira tyang tansah jumaga
wah kukuh ing pracaya unggul nglawan godha
grengseng tulus ngabekti mring Sang Kristus Gusti
sinungan kasugihan kamulyan kaswargan.
- 3** Sestu raharjanira tyang kang ngantya Gusti
sabar nyanggi sangsara krana mursid yekti
sinung dhampar kluhuran nunggil Kristus Gusti
tansah nggunggung Pangeran wah nyenyandhang suci
PANUTUP:Amin

KPKA330: Pangadilan Pungkasan

1 Sang Kristus Gusti badhe rawuh ngadili
langit lan bumi nya malih dadya swargi
Kratoning Allah nggih binabar sampurna
iblis dosa mangkyा sirna

Reff: **Sestu rarja yekti**
tyang kang dugeng janji
ing patunggilannya Sang Pamarta
nunggil Gusti aneng kamulyan ing swargi.

2 Sang Kristus Gusti badhe rawuh rigadili
bebener nyata wah kaadilan yekti
lan kajujuran wah ungguling katresnan
ginelar, binabar ngegla
Reff:

3 Sang Kristus Gusti badhe rawuh ngadili
tyang kamitegan remen dora, grejegan
lamis gesangnya wah wengis watekira
pati langgeng pandumannya
Reff:

KPKA331: Sang Kristus Rawuh Ngadili

- 1** Sang Kristus rawuh ngadili mring tyang salumahing bumi
kawiyak sagung wewadi ing ngarsaning Gusti
tyang mursal nggih kawistara tyang mursid katitik nyata
saliring tyang kaadilan manut pandamelnya

Reff: **mung tyang welas asih klayan trusing driya
mring tyang ringkih lan papa
yekti tyang tresna sestu mring Kristus Gusti
kepareng mlebet swargi**

- 2** Tyarig lamis wus mesthi cuwa wit rumangsa wus pracaya
nging Sang Kristus andhawuhi lumebet ing nraka
sagung tyang suci manahnya tansah ngudi tentrem rarja
nggih sinerat namanira ing kitabing swarga

Reff:

KPKA332: Maranatha

- 1** Maranatha, maranatha, dhuh Gusti mugi prapta
tyang kang menang nglawan dosa tansah manteb ing pracaya
nampi ganjaran sing Gusti wohing wit panguripan
ing taman Pirdus yekti.
- 2** Maranatha, maranatha dhuh Gusti mugi prapta
tyang kang tatag tanggon yekti mikul salib ndherek Gusti
gesang langgeng aneng swargi tan ana susah pati
tansah nunggil lan Gusti.
- 3** Maranatha, maranatha dhuh Gusti mugi prapta
tyang ajrih asih mring Gusti wah nekseni Injil suci
kaganjar nama anyar kepareng lenggah dhampar
nunggil Sang Kristus Gusti.
- 4** Maranatha, maranatha dhuh Gusti mugi prapta
tyang kang methukken rawuhnya nggih rumantos lan waspada
nyandhang kamulyan yekti dadyaakan Swargi
Padalemaning Gusti.

KPKA333: Gumantosing Warsa

- 1** Gantosing wulan lan warsi sung berkah enggal sing Gusti,
yogya kula samya loma misungsung kang trusing driya.
- 2** Gantosing wulan lan warsi nambahi kabegjan yekti,
tan wonten pisungsung nyata mung gesang ing sawetahnya.
- 3** Gantosing wulan lan warsa sung panjanging umur kula,
sayogya sengkut makarya mrih pasamuwan ngrembaka.

KPKA334: Pamuji Warsi Anyar

- 1** Pinuji puji Gusti sih rahmatnya gung yekti sajroning warsi lami kita rineksa sing pati nadyan tinempuh panggodha nging mantep pracaya, wit kinanthi ing Gusti temahan tansah basuki
- 2** Ginunggung Hyang Maagung gung luber ing pitulung, sajroning warsa lami kula tansah den rimati, nadyan awrat sanggen kathah tan semplah ing manah, cekap ing kabetahan wah misungsung mring Pangeran.
- 3** Kluhurna Hyang Makwasa kang langgeng kasetyannya, ing warsa anyar niki nggih mesthi tansah berkah, mung karaharjan sanyata ngiring lampah kula, mila tan kendhat muji wah mbangun turut mring Gusti.

KPKA335: Panyuwun Ing Warsa Enggal

- 1** Dhuh Gusti kula ngakeni kanthi tulusing ati,
dosa kang kula lampahi salebeting warsi lami,
Gusti mugi angaksama, mrih kula ayem nyata.
- 2** Dhuh Gusti mugi nulungi wit kwasaning Roh Suci,
ing warsa enggal punika kula gesang mursid nyata,
tansah mbangun turut Gusti mbabarken tresna yekti.

KPKA336: Gusti Kang Nganthy

- 1** Mangsa mesti silih gumanti, wanci rina ganti ratri,
swau kita tetunggilan samangkya kita pepisahan,

Reff: **Gusti kang nganthy, Gusti kang nganthy,
temah kita tansah basuki,
Gusti kang ngreksa, Gusti kang ngreksa,
temah kita tansah raharja.**

- 2** Mangsa nyebar gantos panenan sisah gantya kabingahan,
neng griya wah kekesahan sadaya ing rehing Pangeran,
Reff:

- 3** Kita nilarken warsa lami wit kang anyar wus gumanti,
samya silih andongakna mrih saya tuwuh gesangira,
Reff:

KPKA337: Kasanggeman Ing Warsa Enggal

- 1** Siyang dalasan ratri silih gumanti
tan ana kang langgeng ing bumi,
mung sih katresnaning Allah kang Makwasa
lan katresnanira kang langgeng nyata.
- 2** Nadyan kita asring nindakaken dosa,
nging Gusti gung ing pangaksama,
yogya kita tan dlarung wangkot ing ati,
nimbangi gunging sih rahmating Gusti.
- 3** Warsa enggal nelakaken gung sih rahmat,
mrih tyang dosa samya mratobat,
yogya kita ngudi urip mursid yekti,
mbangun turut, ajrih asih mring Gusti.
Panutup:Amin.

KPKA338: Warsa Enggal

- 1** Wus dugeng wancinya kita nilar warsa lami,
gya napaki panjangnya warси enggal puniki,
nadyan tan saged ndugi momotan myang kabegjan,
wit sih rahmate Gusti kita samya basuki
- 2** Saben mangsa tinata manut ing lampahira,
swau pepanggihan samangkya kita pisahan,
nging tan sande tansah nyawiji nunggil ing Gusti,
wit sih rahmating Gusti kita samya basuki.
- 3** Silih andongakna mrih raha rja salampahnya,
wah kasil ing karya myang sembada gesangira,
tansah lembah manah andhap asor ngarseng Allah,
wit sih rahmating Gusti kita sami basuki.

KPKA339: Pamuji Bebukaning Pangabekti

- 1** Mugi sih rahmating Gusti lan sihing Sang Rama,
wah panunggiling Roh Suci tumraha ing kawula,
Amin.

KPKA340: Pambukaning Pangibadah

- 1** Mugi sih rahmating Gusti lan sihing Sang Rama,
wah patunggilaning Sang Roh Suci, tumraha ing kula,
nggih kula sadaya,
Amin, Amin, Amin

KPKA341: Pamuji Bakda Winulang

- 1** Haleluya, puji sarta sokur wah sembah kaurmatan,
kaunjukna mring kang Maha luhur,
dening gung pasamuwan,
sihe Allah Rama lumuntura
wah sihing Gusti tumrah mring kula,
Roh Suci anunggila ing salami-laminya.

KPKA342: Pamuji Panutuping Pangabekti

- 1** Sih rahmat tentrem rahayu sing Gusti, saha sihing Rama,
tuwin patunggilane Sang Roh Suci,
tumraha mring kula sadaya Amin.

KPKA343: Purnaning Pangabekti

1 Pinujia nggih Allah Sang Rama
wah Sang Putra lan Roh Suci
purna pangabekti aneng greja
ngrasuk gesang saben ari

Reff: **payo nindakna kang trusing ati
sabdaning Gusti Sung gesang yekti
sinartan dening berkahing Gusti
sung sih rahmat mring sesami.**

2 Pangabekti sestu pangibadah
lamun Gusti kang den sembah
kraharjaning pepadha den udi
jagad ramya tentrem yekti
Reff:

KPKA344: Sih Rahmat

- 1 Mugi sih rahmate Gusti
lan sihe Allah Sang Rama
wah panunggile Roh Suci
tumrah ing kawula
Amin.

KPKA345: Tentrem Raharja

- 1 Tentrem raharja sing Gusti kita, tumrah mring kita
tentrem raharja sing Gusti kita, tumrah mring kita.

